

**SAPA ARUH BASA JAWI
WONTEN ING *NOVEL* DOKTER WULANDARI
ANGGITANIPUN YUNANI**

SKRIPSI

**Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pendaran
Anggayuh Gelar Sarjana Pendidikan**



**Dening:
A'im Muflihatul Habibah
14205244026**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahanipun “*Sapa Aruh Basa Jawi Wonten ing Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani*” menika sampun pikantuk pasarujukan saking dosen pembimbing kangge nindakaken *pendadaran*.



Yogyakarta, 7 Juni 2018

Pembimbing,

Dra. Siti Mulyani, M.Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Sapa Aruh Basa Jawi Wonten ing Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani*” menika sampun dipunandharaken wonten salebeting *pendadaran* wonten ing sangajengipun *Dewan Penguji* ing tanggal Juni 2018 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Ketua Penguji	_____	
Avi Meilawati	Sekretaris Penguji	_____	
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji Utama	_____	

Yogyakarta, Juli 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP 19571231 198303 2 004

WEDHARAN

Ingang tanda tangan wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : A'im Muflihatul habibah

NIM : 14205244026

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih skripsi menika asil panaliten kula piyambak. Miturut pamanggih kula, skripsi menika dereng nate dipunteliti dening tiyang sanes, kejawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi ndherek tata cara, *etika*, saha paugeran *karya ilmiah* ingkang *lazim*

Seratan wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatipun kabukti bilih wedharan menika boten leres, prakawis menika dados tanggul jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 7 Juni 2018

Panyerat

A'im Muflihatul Habibah

NIM 14205244026

SESANTI

*Sesungguhnya Allah tidak akan mengubah apa yang ada pada sesuatu kaum
sehingga mereka mengubah apa yang ada pada diri mereka sendiri
(Terjemahan Surat Al-Ra'd ayat 11)*

Ngelmu iku kalakone kanthi laku
lekase lawan kas
tegese kas nyantosani
setya budya pangekese durangkara
(Serat Wulangreh)

Tindakna saben pandamelan kanthi tumata supados boten kuciwa
(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT, skripsi menika kula pisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak Sutikno saha Ibu Siti Mahsusiyah (almh) ingkang sampun paring panjurung, panyengkuyung saha donga pangestu satemah skripsi menika saged paripurna.

PRAWACANA

Puji syukur panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kasarasan, rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “*Sapa Aruh Basa Jawi ing Salebeting Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani*”. Skripsi menika dipundamel kangge njangkepi sarat anggayuh *gelar sarjana pendidikan*.

Skripsi menika kaserat kanthi pambiyantu saking Ibu Dra. Siti Mulyani, M.Hum. minangka pembimbing ingkang sampun paring panjurung, pamrayogi, panyaruwe, saha bimbingan kanthi sabar saha tulus sadangunipun kula nyerat skripsi, satemah skripsi menika saged paripurna kanthi sae.

Skripsi menika saged paripurna ugi amargi sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya *pihak* ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun panyerat badhe ngaturaken agunging panuwun dhumatheng.

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta. ingkang sampun paring kalodhangan wekdal kangge panyerat ngangsu kawruh wonten ing Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta saha *penguji tugas akhir skripsi*, ingkang sampun paring pambiji, pamrayoginipun saha pangesahaning skripsi ingkang dipunlaksanakaken;
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika;
4. Bapak Drs. Hardiyanto, M.Hum. minangka dosen Pembimbing Akademik ingkang sampun paring bimbingan, panyengkuyung, saha panjurungipun sadangunipun kula sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta;

5. Bapak Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh, piwulang, pambiyantu saha panjurung mawarni-warni ingkang murakabi;
6. Ibu Siti Mulyani saha Ibu Avi Meilawati minangka *Penguji Tugas Akhir Skripsi* ingkang sampun paring pambiji saha pamrayoginipun;
7. Tiyang sepuh kula Bapak Sutikno, Ibu Siti Mahsusiyah (almh), adhi kula Farhan Fawaidul Mubarak saha sedaya kulawarga kula awit saking panjurung, *motivasi*, katresnan saha pandonganipun;
8. Kanca raket kula Novi Nur Utami, Nur Hanifah, Lathifah Hamida, Siti Kurwati, saha Rahmawati Ulfah ingkang sampun dados pundak kaping kalih rikala wonten kampus saha paring katresnan saha pandonganipun;
9. Kanca-kanca PBD 2014, mliginipun kelas C (Cakramanggala) ingkang sampun dados kulawarga kula saha sampun paring panjurung supados greget anggenipun nggarap skripsi;
10. Sedaya pihak ingkang boten saged kula sebetaken satunggal-satunggal ingkang sampun paring pandonga, pambiyantu, saha panjurung dhateng panyerat satemah *skripsi* menika saged kaasilaken.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae jangkep menapa malih sempurna. Pramila saking menika sedaya pamrayogi menapa dene panyaruwe saking sedayanipun tansah katampi kanthi bingahing manah saha agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 7 Juni 2018

Panyerat,

A'im Muflihatul Habibah

NIM 14205244026

PRATELAN ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
PRATELAN ISI	ix
PRATELAN <i>TABEL</i>	xii
PRATELAN <i>BAGAN</i>	xiii
PRATELAN <i>TETENGER</i>	xiv
PRATELAN <i>CEKAKAN</i>	xv
PRATELAN <i>LAMPIRAN</i>	xvi
SARINING PANALITEN	xvii
BAB I PURWAKA	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prakawis	4
C. Watesaning Prakawis	5
D. Wosing Prakawis.....	5
E. Ancasing Prakawis	6
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangretosan	7
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Sociolinguistik.....	8
B. Konteks	10
C. Sapa aruh.....	14
1. Pangretosan sapa aruh	14
2. Jinising sapa aruh	16

3. Faktor-faktor ingkang ndayani pamilihing sapa aruh	23
4. Sapa aruh ingkang saged dipunginakaken sesarengan.....	27
D. <i>Fungsi</i> sapa aruh	29
E. <i>Novel</i>	32
F. Panaliten ingkang Jumbuh	34
G. Nalaring Pikir	35
BAB III CARANIPUN PANALITEN	39
A. Jinisipun Panaliten.....	39
B. <i>Data</i> saha sumber <i>Data</i> Panaliten	39
C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i>	40
D. Pirantining Panaliten	41
E. Cara Nganalisis <i>Data</i>	43
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	45
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	48
A. Asiling Panaliten	48
B. Pirembagan Asiling Panaliten	64
1. Sapa aruh awujud tembung	64
a. Jinis nama tiyang.....	65
b. Jinis pasedherekan awu	75
c. Jinis pasedherekan sanes awu	80
d. Jinis pangkat pendidikan	90
e. Jinis tembung sesulih purusa.....	93
f. Jinis <i>adjektif transposisional</i>	103
g. Jinis tembung <i>nominal</i>	105
h. Jinis pandamelan	108
2. Sapa aruh awujud frasa	110
a. Jinis pasedherekan sanes awu saha nama tiyang.....	111
b. Jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan.....	119
c. Jinis pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan.....	122
d. Jinis pandamelan saha nama tiyang	124

e. Jinis pasedherekan sanes awu saha pandamelan	126
f. Jinis pasedherekan sanes awu, pangkat pendidikan saha nama tiyang	128
g. Jinis pangkat kebangsawanan ingkang ngemu <i>perluasan makna</i> saha nama tiyang	130
BAB V PANUTUP	133
A. Dudutan	133
B. <i>Implikasi</i>	134
C. Pamrayogi	135
KAPUSTAKAN	136
LAMPIRAN KERTU DATA	139

PRATELAN TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1</i> : Wujud kartu <i>data</i> kangge ngempalaken <i>data</i>	44
<i>Tabel 2</i> : Wujud sapa aruh, jinis sapa aruh saha <i>fungsi</i> sapa aruh wonten ing <i>novel</i> Dokter Wulandari anggitanipun Yunani	48
<i>Tabel 3</i> : Analisis <i>data</i> wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha <i>fungsi</i> sapa aruh wonten ing <i>novel</i> Dokter Wulandari anggitanipun Yunani	139

PRATELAN BAGAN

Kaca

<i>Bagan</i> 1: Bagan nalaring pikir sapa aruh basa Jawi wonten ing <i>novel</i> Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.....	38
--	----

PRATELAN *TETENGER*

- : Dipunginakaken kangge
(✓, ✓, ✓, ✓) : Wontenipun wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh

PRATELAN CEKAKAN

A : Awu
DW : Dokter Wulandari
Kc : kaca
PM : *Perluasan makna*
SA : Sanes awu
T : Tembung

PRATELAN LAMPIRAN

Kaca

*Lampiran 1: Analisis data wujud sapa aruh, jinis sapa aruh saha fungsi sapa aruh
wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani139*

**SAPA ARUH BASA JAWI
WONTEN ING *NOVEL* DOKTER WULANDARI
ANGGITANIPUN YUNANI**

**Dening
A'im Muflihatul Habibah
NIM 14205244026**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngrembag sapa aruh ingkang wonten ing *novel* Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Ancasing panaliten inggih menika ngandharaken wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh wonten ing *novel* Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Panganggening sapa aruh wonten *novel* Dokter Wulandari menika saged dipundadosaken tuladha panganggenipun sapa aruh wonten ing padintenan.

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten deskriptif. *Data* panaliten menika wujud tembung saha frasa ingkang nedahaken sapa aruh wonten ing *novel* Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Sumbering *data* panaliten menika *novel* Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak saha ngginakaken *tabel analisis data* ingkang dipunbiyantu *kartu data*. Caranipun ngempalaken *data* sapa aruh ngginakaken cara maos saha cara nyathet. Wondene caranipun nganalisis *data* ngginakaken *analisis deskriptif*. Cara ngesahaken *data* ngginakaken *validitas triangulasi teori saha validitas semantik kontekstual saha reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh wonten ing *novel* Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Wujud sapa aruh ing *novel* Dokter Wulandari inggih menika sapa aruh wujud tembung saha sapa aruh wujud frasa. Jinis sapa aruh ingkang kapanggihaken ing *novel* Dokter Wulandari menika wonten sanga inggih menika nama tiyang, pasedherekan awu, pasedherekan sanes awu, pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna*, pangkat pendidikan, tembung sesulih purusa, tembung nominal, pandamelan, saha *adjektif transposisional*. Wondene *fungsi* sapa aruh ingkang kapanggihaken ing *novel* Dokter Wulandari menika wonten pitu inggih menika *fungsi referensial, fungsi emotif, fungsi regulatori, fungsi heuristik, fungsi fatik, fungsi puitik, saha fungsi konatif*.

Pamijining Tembung: Sapa aruh, *Novel* Dokter Wulandari

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Pawicantenan minangka satunggaling cara kangge ngandharaken satunggaling *informasi* ingkang badhe dipunandharaken dhateng tiyang sanes. Salebeting pawicantenan wonten kalih perangan ingkang kedah wonten inggih menika, pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara. Basa ingkang dipunginakaken kangge pawicantenan kedah dipungatosaken. Panganggening tembung dados dhasaring pamilihing basa ingkang badhe dipunginakaken. Sapa aruh minangka satunggaling perangan ingkang nggatosaken bab pamilihing tembung.

Sapa aruh inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang dipunajak micara. Dhasaring panganggening sapa aruh inggih menika kadosta pasedherekan wonten ing kulawarga, pakurmatan, saha paraban. Padatanipun, sapa aruh dipunginakaken kangge miwiti pawicantenan. Sapa aruh satunggaling bab ingkang wigati ing wicantenan amargi kangge tetenger sinten tiyang ngkang dipunajak wicantenan. Sapa aruh dipunginakaken supados wicantenan menika saged dipunlaksanakaken.

Sapa aruh menika boten namung kapanggihaken ing padintenan. Ananging sapa aruh ugi saged kapanggihaken ing karya sastra kadosta ing novel. Novel anggitanipun Yunani kanthi irah-irahan *Dokter Wulandari* dados objek panaliten menika. Endraswara (2012:1) ngandharaken bilih novel menika gambaran saking pagesangan masarakat. Novel ingkang dipunserat dening panyerat menika

nggatosaken bab panganggening basa. Dhasaring pamilihing tembung ing salebeting novel menika gumantung kaliyan unsur intrinsik saha ekstrinsik saking novel. Sapa aruh minangka satunggaling tetembungan ingkang dipungatosaken nalika nyerat novel. Sapa aruh ingkang dipunginakaken kedah dipuntingali saking bab ingkang ndayani panganggenipun sapa aruh menika.

Tuladhanipun sapa aruh “mbak” menika limrahipun dipunginakaken dening lare kangge nyebat tiyang estri ingkang taksih wonten *hubungan* pasedherakan kaliyan pamicara. Samenika tembung “mbak” ugi dipunginakaken dening lare kangge nyebat tiyang estri ingkang langkung sepuh. Tuladha sapa aruh dipunginakaken kangge nyebat tiyang estri ingkang langkung sepuh kaserat wonten ing ngandhap menika.

“Aku mung titip kado iki, wenehna Wulan, ya Mbak. Yen ora repot, suk malem minggu aku dak mrene maneh.” (DW/1987/hal. 22/46)

Saking pawicantenan ing nginggil menika, sapa aruh wujud tembung “mbak” dipunginakaken kangge nyebat tiyang estri ingkang langkung sepuh tinimbang pamicara. Pawicantenan ing nginggil menika katindakaken dening Utami saha Hinaryanto. Pawicantenan menika kadadosan nalika Hinaryanto dolan ing pondokanipun Wulandari. Tembung “mbak” menawi dipuntingali saking wujudipun minangka tembung lingga. Dhasaring panganggening tembung “mbak” ing pawicantenan inggih menika adhedhasar jinising sapa aruh nama pasedherekan ingkang sampung nglampahi *perluasan makna*.

Pamilihing tembung sapa aruh ingkang dipunginakaken menika dipuntingali saking bab ingkang ndayani panganggening sapa aruh, kadosta *jenis kelamin* antawisipun penutur saha mitra tutur, yuswa kekalihipun, saha kawontenan

nalika kekalihipun sami wicantenan. Bab ingkang ndayani panganggening sapa aruh menika ugi mangaribawani panganggening tetembungan sapa aruh ingkang dipunginakaken. Panganggening tembung menika ugi nggatosaken *konteks* nalika pawicantenan menika dipuntindakaken. *Konteks* menika ugi saged nedahaken *fungsi*-nipun sapa aruh ingkang dipunginakaken.

Sapa aruh menika boten namung wujud tembung, ananging ugi saged wujud frasa. Tuladhanipun sapa aruh ingkang awujud frasa wonten ing ngandhap menika.

“Bu Dokter Wulan ..., Bu Dokter ...,” mangkono panyapane karo ngawe-awe binarung guyu kang lugu nanging tulus. (DW/1987/hal. 45/104)

Sapa aruh ing nginggil kadadosan saking tigang frasa, inggih menika “bu”, “dokter”, saha “Wulan”. Tembung “bu” minangka jinising sapa aruh ingkang nama pasedherekan. Tembung “dokter” minangka jinising sapa aruh ingkang nama pangkat saking pendidikan. Tembung “Wulan” minangka jinising sapa aruh ingkang nama tiyang. Boten sedaya sapa aruh wujud tembung menika saged dipunginakaken sesarengan kaliyan tembung sapa aruh sanesipun.

Saking andharan wonten ing nginggil, panaliti badhe ngrembag bab sapa aruh wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Panaliti mendhet bab sapa aruh amargi samenika kathah bocah ingkang sampun boten trep anggenipun ngginakaken sapa aruh kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang sanes. Panaliti ngginakaken novel Dokter Wulandari amargi salebeting novel menika kathah dipunpanggihaken maneka jinis sapa aruh. Sapa aruh ingkang dipunginakaken wonten novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani langkung *variatif*. Panaliten menika dipuntindakaken supados saged manggihaken menapa kemawon wujud

sapa, jinising sapa aruh, saha *fungsi* panganggenipun sapa aruh wonten ing novel Dokter Wulandari.

Adhedhasar sedaya andharan wonten ing nginggil panaliten menika badhe katindakaken. Panaliten ingkang badhe katindakaken dipunsukani irah-irahan “Sapa Aruh Basa Jawi wonten ing Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani.

B. Underaning Prakawis

Adhedhasar dhasaring panaliten menika, saged dipunpanggihaken mapinten-pinten prakawis ingkang saged dipunrembag. Prakawis-prakawis ingkang saged dipunrembag kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Wujudipun sapa aruh basa jawi ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
2. Jinisipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
3. *Fungsi*-nipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
4. Maknanipun sapa aruh wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani
5. Bab ingkang ndayani panganggenipun sapa aruh basa Jawi ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.

C. Watesaning Panaliten

Prakawis ing panaliten menika boten sedaya dipunrembag, ananging prakawis wonten mriki dipunwatesi supados boten langkung wiyar. Prakawis-prakawis ingkang badhe dipunrembag kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Wujudipun sapa aruh basa Jawi ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
2. Jinisipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
3. *Fungsi*-nipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.

D. Wosing Panaliten

Adhedhasar watesaning prakawis ingkang sampun kaandharaken ing ngginggil, Wosing prakawis ing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Menapa kemawon wujudipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani?
2. Menapa kemawon jinisipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani?
3. Menapa kemawon *fungsi*-nipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani?

E. Ancasing panaliten

Ancasing panaliten ingkang saged dipunandharaken ing panaliten menika adhedhasar wosing panaliten ing nginggil menika, inggih menika:

1. ngandharaken wujudipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
2. ngandharaken jinisipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
3. ngandharaken *fungsi*-nipun sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.

F. Paedahing Panaliten

Adhedhasar ancasing panaliten ing nginggil saged dipunandharaken paedahing panaliten, inggih menika:

1. kanthi panaliten menika kaajap saged suka kawruh bab wujud, jinis, saha *fungsi* saking sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Dokter Wulandari.
2. kanthi panaliten menika kaajap supados pamaos saged langkung mangretosi bab sapa aruh ingkang badhe dipunginakaken kangge langkung ngormati tiyang sanes ingkang dipunajak wicantenan saha supados trep anggenipun ngginakaken sapa aruh kangge aruh-aruh.

G. Pangretosan

Pangretosan istilah ing ngandhap menika dipunginakaken kangge dhasaring panaliti nлити panaliten menika. Pangretosan menika dados watesaning pangretosan istilah ingkang dipunginakakane ing panaliten menika. Pangretosan ingkang dipunginakaken inggih menika:

1. Sapa Aruh

Sapa aruh inggih menika tembung utawi frasa ingkang dipunginakaken kangge nyebat mitra tuturipun. Wujudipun sapa aruh menika wonten kalih inggih menika tembung utawi frasa. Pamilihing sapa aruh menika gumantung kaliyan bab-bab ingkang ndayani pamilihing sapa aruh.

2. Novel

Novel minangka salah satunggaling karya sastra ingkang awujud seratan. Cariyos-cariyos ingkang wonten ing novel kadangkala nggambaraken padintenanipun manungsa. Salebeting novel ngewrat unsur intrinsik saha unsur ekstrinsik ingkang gadhah makna saha piwulang wonten ing salebeting novel menika.

3. Fungsi Sapa Aruh

Fungsi sapa aruh ingkang badhe dipunpanggihaken kedah nggatosaken *konteks* saking pawicantenan. *Konteks* ingkang dipunginakaken menika boten namung salebeting ukara menika, ananging kedah mangretosi *konteks* saking saderengipun utawi sasampunipun ukara menika. *Fungsi* sapa aruh ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken *fungsi* basa ingkang dipunandharaken kaliyan Roman Jakobson saha Halliday.

BAB II GEGARAN TEORI

A. Sociolinguistik

Sociolinguistik minangka satunggaling cabang ilmu linguistik. Sociolinguistik kadadosan saking kalih tembung inggih menika sosio- saha linguistik. Sosio- menika ateges hubungan antawisipun satunggal tiyang kaliyan tiyang sanesipun ing masarakat, kelompok-kelompok masarakat, saha *fungsi-fungsi* masarakat. Wondene linguistik inggih menika ilmu ingkang ngandharaken unsur-unsur basa, struktur basa, saha pembentukan unsur basa (Nababan, 1993:2). Saking andharan menika saged kadudut bilih sociolinguistik inggih menika ngelmi basa ingkang wonten gayutipun kaliyan masarakat. Soeparno (2013:29) ing bukunipun ngandharaken, sociolinguistik inggih menika bab ngelmi basa ingkang ngandharaken basa jumbuh kaliyan *faktor sosial* utawi bab masarakat.

Hudson lumantar Suhardi (2009:6) ngandharaken bilih watesanipun sociolinguistik inggih menika, “...*the study of language in relation society*” ingkang tegesipun kajian ingkang wonten gayutanipun kaliyan masarakat. Jumbuh kaliyan pamanggihipun Hudson, Nababan (1993:2) ngandharaken bilih sociolinguistik inggih menika ilmu ingkang ngandharaken saha nyinau aspek-aspek ing masarakat, mliginipun *variasi-variasi* bahasa ingkang gayut kaliyan *faktor sosial*. Wondene manungsa minangka masarakat sosial nalika ngginakaken basa kangge pawicantenan utawi sarana kangge ngandharaken pamanggihipun ing masarakat (Wijana saha Rohmadi, 2013:7).

Chaer saha Agustin (2014:62-72), ngandharaken bilih *variasi* basa menika kapantha dados sekawan. *Variasi* basa menika dipunpantha adhedhasar tiyang ingkang micara, basa menika dipunginakaken kangge menapa, kawontenan ingkang resmi menapa boten resmi, saha sarana. *Variasi* basa adhedhasar tiyang ingkang saged dipunpantha malih dados sekawan inggih menika *idiolek*, *dialek*, *sosialek*, saha *kronolek*. Chaer saha Agustin (2014:64) ngandharaken bilih sosiolek minangka satunggaling variasi basa ingkang asring dipunbahas salebeting sosiolinguistik. Sosiolek inggih menika variasi basa ingkang gayut kaliyan status, golongan, saha kelas sosial saking tiyang ingkang wicantenan (Chaer saha Agustin, 2014:64).

Jumbuh kaliyan andharanipun Chaer saha Agustin, Nancy Parrot Hickerson lumantar Pateda (2015:15) ngandharaken bilih, “*Sociolinguistics is a developing subfield of linguistics which takes speech variation as its focus. Sociolinguistics is concerned with the correlation between such sosial factors and linguistics variation*”. Inggih tegesipun sosiolinguistik menika gayut kaliyan faktor-faktor sosial tuladhanipun yuswa, agama, pandamelan, jinis kelamin, papan nalika pawicantenan, saha sanesipun. Salebeting sosiolinguistik ugi ngandharaken bab *variasi-variasi* basa. *Variasi-variasi* tuturan ingkang dipunsebabaken faktor sosial menika ugi mangaribawani pamilihing tembung ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan.

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sosiolinguistik inggih menika salah satunggaling ngelmi basa ingkang ngrembag basa dipungayutaken kaliyan masarakat. Sosiolinguistik ugi ngandharaken *variasi-*

variasi basa ingkang dipunginakaken ing masarakat. Salajengipun *faktor sosial* mangaribawani pamilihing tembung ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan.

Sapa aruh minangka satunggaling bab ingkang ngginakaken andharan menika dados dhasaring pamilihing tembung sapa aruh. Sapa aruh inggih menika perangan ingkang wigati kangge pawicantenan. Sapa aruh menika dipunginakaken kangge aruh-aruh antawisipun penutur saha mitra tuturipun. Pamilihing tembung sapa aruh menika dipunpangaribawani kaliyan faktor sosial antawisipun penutur saha mitra tuturipun. Wujud saha jinising sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gumantung kaliyan sinten penutur saha mitra tuturipun. Adhedhasar menika sapa aruh minangka bab ingkang dipunandharaken ing sosilinguistik.

B. Konteks

Konteks minangka bab ingkang wigati kangge *interaksi* ing masarakat. Panganggening basa kangge *interaksi* menika dipunpangaribawani kaliyan *konteks*. Ahli basa kathah ingkang ngandharaken bab *konteks* ingkang dipungayutaken kaliyan basa. Malinowski ngandharaken bilih boten namung kawontenan tutur ingkang dipunginakaken ing salebeting *teks*. *Konteks* situasi ugi dipunandharaken Malinowski wonten ing makalah ingkang dipunserat. *Konteks situasi* inggih menika *konteks* ingkang dipunginakaken kangge nyebat kawontenan papan nalika *teks* menika dipunginakaken (Halliday saha Hasan, 1994:7).

Konteks situasi ingkang dipunandharaken Malinowski menika dipunandharaken langkung cetha kaliyan Firth. Firth lumantar Halliday saha Hasan

(1994:10-11) ngandharaken bilih *konteks* situasi menika saged dipunpantha dados sekawan inggih menika,

1. *Pelibat (participants)*, inggih menika tiyang-tiyang ingkang nderek pawicantenan nalika pawicantenan menika dipunlampahi.
2. Tumindakipun tiyang ingkang nderek pawicantenan, tumindak menika dipunperang dados kalih inggih menika tindak tutur (*verbal action*) saha tindak ingkang boten tutur (*non-verbal action*).
3. Ciri-ciri sanes saking kawontenan, barang-barang saha kadadosan sanes ingkang wonten ing papan nalika pawicantenan.
4. *Akibat-akibat* ingkang dipunsebabaken tindak tutur, inggih menika wujud-wujud ingkang ewah nalika pawicantenan menika dipuntindakaken.

Wondene Dell Hymes ugi ngandharaken bab *konteks* tuturan menika, ingkang dipunpantha dados wolu ingkang asring dipunsebat *SPEAKING*.

1. *Setting* saha *scene*, *setting* dipuntedahaken kangge ngandharaken papan saha wekdal nalika pawicantenan menika dipunlampahi. *Scene* dipunginakaken kangge ngandharaken kawontenan *psikologis* nalika pawicantenan. Bedanipun *setting* saha *scene* inggih menika, *setting* ngandharaken kawontenan fisik bilih *scene* ngandharaken kawontenan psikologis (Mulyana, 2005:23).
2. *Participants*, paraga utawi tiyang ingkang wonten ing prastawa tutur. *Participants* menika gunggunipun wonten kalih utawi langkung paraga ingkang wonten ing prastawa tutur. Pamilihing basa ingkang dipunginakaken *participants* menika ngginakaken kalih *dimensi* inggih menika *dimensi horizontal* saha *dimensi vertical* (Rahardi, 2001:30). *Dimensi horizontal* inggih

menika *dimensi* ingkang gayut kaliyan *hubungan* antawisipun pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara. *Dimensi vertical* inggih menika *dimensi* ingkang gayut kaliyan yuswa, *status sosial*, kawontenan, lan sanesipun.

3. *Ends*, ancasing pawicantenan ingkang dipuntindakaken (Wijana saha Rohmadi, 2013:9). Pawicantenan ingkang dipuntidakaken pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika gadhah ancas tartamtu. Ancas pawicantenan menika kadosta paring *informasi*, ngajak supados saged setunggal *pemikiran*, lan sanesipun. Pawicantenan menika kadhangkala ugi gadhah ancas kangge ngrubah sipat utawi tindak tandukipun tiyang ingkang dipunajak micara. Ancas saking pawicantenan menika mangaribawani pamilihing basa ingkang badhe dipunginakaken.
4. *Act*, prastawa nalika pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara menika pawicantenan (Wijana saha Rohmadi, 2013:9). Rahardi (2001:31), ngandharaken bilih *act* ingkang dipunmaksud inggih menika pokok tuturan. Pokok tuturan menika saged uwal gumantung kaliyan prastawa tutur antawisipun pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara. Pokok tuturan ingkang *berubah* mangaribawani pamilihing basa ingkang dipunginakaken.
5. *Key* inggih menika cara, *nada*, tumindak, utawi *motivasi* ing salebeting prastawa tutur. *Nada* tutur menika saged dipunbedakaken dados kalih inggih menika *nada verbal* saha *nada non-verbal*. *Nada verbal* inggih menika nada ingkang nggambaraken kawontenan bingah, duka, *serius*, *santai*, lan sanesipun. *Nada non-verbal* inggih menika tumindak ingkang sipatipun

linguistik kadosta maneka werna basa *tubuh (body language), gesture, saha jarak* salebeting pawicantenan (Rahardi, 2001: 32).

6. *Instrument*, pirantining pawicantenan antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Piranti ingkang dipunginakaken menika saged dipunbedakaken dados kalih inggih menika piranti wujud lisan kaliyan piranti ingkang awujud seratan (Rahardi, 2001:33). Piranti ingkang awujud lisan menika kadosta *siulan*, tiyang ingkang nyanyi, lan sanesipun. Piranti ingkang awujud seratan kadosta sandi-sandi ingkang dipunserat.
7. *Norms*, nedahaken *norma* utawi aturan-aturan ingkang dados watesaning pawicantenan (Mulyana, 2005:23). Tuladhanipun *norma* ingkang dipunpanggihaken ing masarakat Jawi, kadosta bilih badhe matur kaliyan tiyang ananging tiyang menika saweg guneman kaliyan tiyang sanes kedah ngentosi tiyang menika ngrampungaken gunemanipun wumiyen. Salebeting *norma* menika ugi ngandharaken kadospundi cara menawi pawicanten kaliyan tiyang sanes, kadosta ngginakaken basa ingkang alus, kasar, lan sanesipun.
8. *Genre*, jinising tuturan ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan (Rahardi, 2001:35). Jinising tuturan ingkang dipunmaksud menika kadosta tuturan salebeting gancaran, pidato, koran, lan sanesipun.

Konteks ingkang dipunginakaken ing pawicantenan menika saged nedahaken *fungsi-fungsi* basa ingkang dipunginakaken, kadosta *fungsi* sapa aruh. *Fungsi* sapa aruh menika saged dipunedahaken bilih pamicara kaliyan tiyang ingkang

dipunajak micara saged mangertosi *konteks* ingkang dipunginakaken ing pawicantenan.

C. Sapa Aruh

1. Pangretosan sapa aruh

Pawicantenan minangka satunggaling bab ingkang wigati wonten ing padintenan. Pawicantenan menika mbetahaken kalih tiyang utawi langkung. Salebeting pawicantenan wonten ingkang dipunsebat pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Pawicantenan antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika ngginakaken basa-basa tartamtu. Panganggenipun basa menika dipundayani unsur saha faktor ingkang dados sebab kawontenanipun. Bab-bab ingkang ndayani panganggenipun basa menika dados sebab kangge pamilihing tembung antawisipun satunggal manungsa kaliyan manungsa sanesipun, tuladhanipun tembung sapa aruh.

Sapa aruh inggih menika tembung ingkang kangge aruh-aruh, nyebat, utawi nimbali tiyang ingkang dipunajak micaraipun. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken bilih sistem tutur sapa menika sistem ingkang ngiket tembung-tembung kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang dipunajak micara ing prastawa tutur. Suprianto lumantar Purwa (2003:17) ngandharaken bilih sapa aruh inggih menika rerangkening tembung ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan tartamtu kangge nyebat saha aruh-aruh pamicara dhateng tiyang ingkang dipunajak micara.

Sahayu (2006:146) ngandharaken bilih pamilihing sapa aruh ingkang boten trep kaliyan kawontenan nalika wicantenan saged dados prakawis nalika wicantenan. Wardhaugh lumantar Nengsih (2015:199) ngandharaken bilih pamilihing tembung kangge nyebat tiyang ingkang dipunajak micara minangka satunggaling cara kangge njagi pawicantenan antawisipun pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara.

Kait saha Soeridiradja lumantar Nengsih (2015:196), ngandharaken bilih pronomina persona minangka perangan ingkang wigati ing tingkat tutur. Panganggenipun pronomina kangge aruh-aruh menika wigati amargi saged nedahaken nilai pakurmatan kangge tiyang ingkang dipunajak micara. Suhardi (1985:17) ing buku “Sistem Sapaan Bahasa Jawa” ngandharaken bilih sapa aruh ing basa Jawi menika gadhah maneka variasi. Variasi-variasi menika saged dipunbedakaken adhedhasar ciri fonologis, wujudipun, ciri sintaksis, saha ciri semantisipun. Suhardi (1986:60) ugi ngandharaken bilih sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gumantung kaliyan bab-bab tartamtu kadosta yuswa, jenis kelamin, pasedherekan, saha sapanunggalipun.

Saking andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sapa aruh inggih menika tembung, utawi frasa ingkang dados piranti aruh-aruh, nalika pawicantenan antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh ingkang dipunginakaken gumantung kaliyan bab ingkang ndayani panganggening sapa aruh antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Variasi sapa aruh menika dipunperang dados sekawan, ananging ing

panaliten menika namung badhe dipunandharaken kalih variasi kemawon, inggih menika adhedhasar wujud saha semantisipun.

2. Jinising sapa aruh

Wujudipun sapa aruh menika maneka warni. Wujudipun sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gumantung *konteks* antawisipun pamicarasaha mitra tututuripun. Suhardi dkk (1985:17) ngandharaken bilih wonten ing basa jawa, sapa aruh saged dipunperang miturut titikanipun fonologis, sintaksis, semantik, saha wujudipun. Ing panaliten menika badhe ngandharaken kalih jinis sapa aruh, inggih menika adhedhasar wujud saha semantisipun.

a. Sapa aruh adhedhasar wujudipun

Sapa aruh adhedhasar wujudipun dipunperang dados kalih inggih menika sapa aruh awujud tembung saha sapa aruh awujud frasa.

1) Sapa aruh awujud tembung

Tembung inggih menika rerangkaning swanten ingkang kanandharaken saking salebeting tutuk ingkang ngewrat makna saha kasumurupan surasanipun (Sasangka, 2001:34). Sasangka (2001:98) ngandharaken bilih tembung menika saged dipunpantha dados sedasa jinis inggih menika aran, kriya, sipat, katrangan, sesulih, wilangan, panggandheng, ancer-ancer, panyilah, saha panyeru. Sapa aruh awujud tembung saged dipunpantha dados sekawan jinis inggih menika tembung sapa aruh saking wujud aslinipun tembung, tembung sapa aruh mawi wuwuhan panambang –ne, tembung sapa aruh awujud tembung rangkep, saha tembung sapa aruh awujud tembung camboran (Suardi, 1985:24).

Tembung sapa aruh ingkang wujudipun tembung aslinipun kadosta, “bapak”, “ibu”, “biyung”, “eyang”. Tuladha saking tembung sapa aruh mawi wuwuhan panambang –ne inggih menika, “bapakne”, “ibune”, “adhine”. Tembung sapa aruh ingkang awujud tembung rangkep menika ngewrat teges kathah, tuladhanipun tembung “ibu-ibu”, “bapak-bapak”. Tembung sapa aruh ingkang awujud tembung camboran inggih menika tembung asli ingkang dipungabung saha ngewrat teges enggal, tuladhanipun tembung “pakdhe”. Tembung “pakdhe” menika asalipun saking tembung “bapak” saha “gedhe”.

2) Sapa aruh awujud frasa

Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. Wondene Sasangka (2001:132), ngandharaken frasa menika gadhah pitu jinis inggih menika frasa aran, frasa kriya, frasa kaanan, frasa wilangan, frasa katrangan, frasa sesuluh, saha frasa ancer-ancer. Suhardi (1985:28) ngandharaken bilih *padatanipun* frasa ingkang wonten ing sapa aruh menika ngewrat teges jamak. Tuladhanipun frasa “Para ibu”, frasa menika nedahaken bilih gunggungipun ibu ingkang dipunmaksud menika kathah utawi sedaya ibu-ibu ingkang wonten ing wicantenan menika. Sapa aruh ingkang awujud frasa ugi saged kadadosan saking tembung sapa aruh ingkang dipungabungaken.

*“Rumah sakit? O..., **Suster Endang?** Ana apa, suster?” (DW/1987/hal.69/160)*

“Suster Endang” menika kalebet wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “suster” saha tembung “Endang”. Frasa “Suster Endang” menika kalebet frasa aran amargi frasa inti saking “Suster Endang” inggih menika tembung “Suster ingkang minangka tembung aran.

b. Sapa aruh adhedhasar titikanipun semantik

Sapa aruh nggadhah maneka variasi ingkang dipunginakaken ing padintenan. Sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gumantung kaliyan *konteks* antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Adhedhasar titikan semantik Suhardi (1985:36) ngandharaken bilih sapa aruh dipunperang dados wolu, inggih menika:

1) Nama tiyang

Sapa aruh ingkang ngginakaken nama tiyang menika asring dipunginakaken. Sapa aruh mawi nama tiyang menika dipunginakaken antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara ingkang yuswanipun sami utawi pamicara yuswanipun langkung sepuh tinimbang tiyang ingkang dipunajak micara (Suhardi, 1985:36). *Padatanipun* sapa aruh nama tiyang menika dipunginakaken antawisipun pamicarasaha tiyang ingkang dipunajak micara ingkang sampun tepung saha akrab. Sapa aruh menika dipunginakaken ing pawicantenan ingkang boten formal. Tuladhanipun wonten ukara, “*Matur nuwun Hien, aku isih ana perlu liya kok,*”. (DW/1987/hl.20/37)

Sapa aruh nama tiyang menika boten dipunginakaken menawi pamicara badhe aruh-aruh tiyang ingkang ingkang nembe dipunkenal utawi tiyang ingkang dipunajak micara menika sampung dangu boten kepanggih. Sapa aruh nama tiyang saged dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang nembe dipuntepang menika ngginakaken tembung sanes. Tuladhanipun, “Dhik Soni, kados pundi kabaripun?” Sapa aruh ingkang dipunginakaken ing ukara menika nedahaken raos kurnat pamicara kangge tiyang ingkang dipunajak micara.

2) Nama ingkang dipunginakaken ing kulawarga utawi pasedherekan

Sapa aruh menika dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang taksih gadhah hubungan kulawarga kaliyan penutur (Suhardi, 1985:40). Tuladhanipun sapa aruh nama pasedherakan inggih menika “mbah buyut”, “mbak”, “ibu”, “bapak”. Tuladhanipun ukara “**Bu**, bapak kok ora seneng karo aku geneya ta?” (DW/1987/hal.82/212). Tembung “Bu” ing ukara menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat ibunipun.

Nurhayati (2008:141) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan menika dipunbedakaken dados pasedherekan ingkang awu saha sanes awu. Pasedherekan ingkang awu inggih menika jinis sapa aruh ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang saking kulawarga ingkang sami utawi *sedarah*. Wondene Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih sapa aruh nama pasedherekan samenika wonten ingkang sampun ngemu *perluasan makna*. Pasedherekan ingkang nglampahi *perluasan makna* menika sapa aruh jinis pasedherekan ngkang dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang sanes awunipun.

Sapa aruh jinis pasedherekan ingkang sanes awu menika tuladhanipun tembung “mbak” wonten ing ukara ngadhap menika.

“*Matur nuwun Mbak, aku nyuwun pamit bae, selak bengi.*” (DW/1987/hal. 22/49).

Tembung “mbak” samenika ugi dipunginakaken kangge nyebat tiyang wadon ingkang yuswanipun langkung sepuh tinimbang penutur. Tembung “Mbak” ing

ukara menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Utami ingkang yuswanipun langkung sepuh tinimbang piyambakipun.

3) Pangkat kebangsawanan

Sapa aruh ingkang ngginakaken pangkat kebangsawanan menika dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang dipunkormati (Suhardi. 1985:49). Rumiyyin pangkat kebangsawana namung dipunginakaken kangge nyebat bangsawan, ananging samenika sapa aruh pangkat kebangsawan dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang dipunkumati. Tuladhanipun tembung “den” ingkang cekakan saking tembung “raden”. Tembung menika samenika ugi dipunginakaken kangge nyebat tiyang enem ingkang gadhah status langkung inggil timbang penuturipun.

Tuladhanipun, “*Wooo, Den Hinar... Den Hinar rawuh...*” (DW/1987/hal.94/294). “Den” menika wacanaan saking tembung “Raden” ingkang padatanipun kangge nyebat tiyang ingkang *keturunan* bangsawan. Ananging sapa aruh “Den Hinar” menika dipunginakaken batur ing griyanipun Hinaryanto kangge nyebat Hinaryanto. Hinaryanto ingkang *status*-ipun langkung inggil saking batur menika dipunsebat ngginakaken sapa aruh “Den” kangge nedahaken raos kurmatipun.

4) Pangkat saking pendidikan

Sapa aruh menika ngginakaken pangkat ingkang pikantuk saking bangku pendidikan (Suhardi, 1985:51-52). Pangkat saking pendidikan ingkang asring dipunginakaken kangge sapa aruh inggih menika pangkat “dokter”. Pangkat “dokter” menika asring dipunginakaken mawi wuwuhan “pak” utawi “bu” ing

sangajengipun. Tuladhanipun ukara, “*Bu Dokter Wulan... Bu Dokter...*” (DW/1987/hal.45/103). Sapa aruh “Bu Dokter Wulan” menika dipunginakaken kangge nyebat Wulandari ingkang lulusan saking sekolah kedokteran.

5) Jabatan, profesi utawi pandamelan

Masarakat Jawi gadhah anggapan bilih jabatan menika dipunajeni sanget wonten ing pagesangan. Tiyang ingkang gadhah jabatan tartamtu, dipunaruh-aruhi ngangge nama jabatanipun. Sapa aruh menika dipunwiwiti kanthi sesebutan pak utawi bu. Tuladhanipun tiyang ingkang dados lurah dipunsebut Pak lurah. Tuladhanipun ukara, “*Rumah sakit? O., Suster Endang? Ana apa, suster?*” (DW/1987/hal.69/160). Sapa aruh “Suster Endang” menika dipunginakaken kangge nyebat Endng ingkang pandamelanipun dados tiyang ingkang ngrumat tiyang sakit ing griya sakit.

6) Pelaku sawijining tumindak

Wonten ing masarakat Jawi kathah dipunpanggihaken sapa aruh mawi pandamelan ingkang dipunlampahi tiyang ingkang dipunajak micara (Suardi, 1985:55). Tuladhanipun sapa aruh “Pak majalah” ingkang dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang pandamelanipun dados tiyang ingkang ngeteraken majalah,

7) Sapa aruh umum

Sapa aruh umum dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang dipunajak micara ingkang gunggungipun langkung saking satunggal (Suardi, 1985:56). Tuladhanipun tembung “bocah-bocah” ingkang dipunginakaken guru kangge nyebat muridipun.

8) Sapa aruh kiasan

Masyarakat Jawi asring ngginakaken tembung-tembung saking wayang, kewan, utawi sanesipun kangge nyebat tiyang ingkang dipunajak micaraipun (Suhardi, 1985:58). Tembung-tembung sapaan menika dipunsebut paraban. Tuladhanipun tembung gareng, bagong, kancil, gendhut.

Kridalaksana (1978: 14-15), ngandharaken bilih sajroning basa Indonesia sapa aruh menika saged dipunperang dados sedasa inggih menika;

- 1) Tembung sesulih, kadosta aku, kowe, panjengengan, piyambakipun.
- 2) Nama tiyang, kadosta Susi, Rudi
- 3) Pasedherekan ingkang awu, kadosta bapak, ibu, pakdhe, budhe
- 4) Pangkat pendidikan saha pandamelan, kadosta dokter, suster, guru.
- 5) Bentuk pe- +V (verbal), kadosta *pembaca*, *pendengar*.
- 6) Wujud N (nominal) + ku, kadosta Tuhanku, kekasihku.
- 7) Tembung-tembung deiksis, kadosta menika, mrene, mrono.
- 8) Nominal, kadosta tuan, nyonya, nonan, encik
- 9) *Ciri zero* utawi nol, boten wontenipun wujud sapa aruh sajroning pawicantenan. Tuladhanipun, ukara “ameh nendi?”

Wondene andharanipun Suhardi saha Kridalaksana, Supardo ugi paring andharan bab jinising sapa aruh. Ananging wonten tigang jinis sapa aruh ingkang dereng dipunandharaken inggih menika jinis sapa aruh tembung *persahabatan*, tembung *religius*, saha *adjektif transposisional*.

1) Tembung *persahabatan*

Supardo (1995:99) ngandharaken bilih kadangkala tembung *persahabatan* menika dipunginakaken nalika aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh jinis tembung *persahabatan* menika dipunginakaken dening tiyang ingkang yuswanipun, drajat, utawi status ingkang sami. tuladhanipun tembung *persahabatan* ingkang saged kalebet sapa aruh inggih menika “kanca” saha “sobat”.

2) Tembung *religious*

Tembung *religious* inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken kangge nyebat Gusti (Supardo, 1995:99). Ananging saben agami menika gadhah tetembungan ingkang beda-beda kangge nyebat Gustinipun piyambak. Tuladhanipun tembung *religious* ingkang kalebet sapa aruh kadosta Gusti, Gusti Allah, Sing Gawe Urip, saha Sing Kuwasa.

3) *Adjektif transposisional*

Adjektif transposisional inggih menika tembung sipat ingkang nglampahi *transposisi*, satemah makna saha pangginanipun menika dados wiyar (Supardo, 1995:101). Tuladhanipun *adjektif transposisional* ingkang saged dipunginakaken kangge sapa aruh kadosta tembung “bagus”, “ayu”, “cantik” saha “sayang”.

3. Faktor-faktor ngkang ndayani pamilihing sapa aruh

Pamilihing tembung utawi frasa ingkang dipunginakaken nalika aruh-aruh menika dipunpangaribawani kaliyan mapinten-pinten faktor. Sadtono ing

salebeting bukunipun Suhardi (2009:29) ngandharaken bilih sistem sapa aruh menika gayut kaliyan mapinten-pinten faktor, khususipun faktor ingkang wonten gayutipun kaliyan pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micarai.

Faktor menika dipunperang dados kalih inggih menika kahanan ingkang tetep saha kahanan ingkang winates wekdalipun. Kahanan ingkang tetep inggih menika kahanan ingkang faktor ingkang gayut kaliyan pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara ingkang ngginakaken sapa aruh, kadosta yuswa, status, saha *jinis kelamin*. Kahanan ingkang winates wekdal menika kahanan ingkang boten tetep sipatipun kadosta, papan, wekdal, saha *topik* pawicantenan.

Suhardi ugi ngandharaken mapinten-pinten faktor ingkang dados dhasaring pamilihing sapa aruh, inggih menika.

a. Kahanan nalika pawicantenan

Kahanan nalika pawicantenan ingkang dados faktor pamilihing sapa aruh menika saged dipunperang dados kalih, kahanan ingkang resmi saha boten resmi (Suhardi, 1985:61). Kahanan ingkang resmi inggih menika kahanan pawicantenan ingkang sipatipun formal saha pawicantenanipun ngginakaken basa krama. Kahanan ingkang resmi menika kadosta nalika pepanggihan resmi, upacara-upacara tradisional (khitanan, nikahan, saha sanesipun). Sapa aruh ingkang dipunginakaken wonten ing kahanan resmi tuladhanipun “para pinisepuh”, “para bapak”, “para kadang”, saha sanesipun.

Kahanan ingkang boten resmi inggih menika kahanan pawicantenan ingkang sipatipun boten formal. Basa ingkang dipunginakaken menika saged basa karma utawi ngoko, gumantung kaliyan kawontenanipun. Sapa aruh ingkang

dipunginakaken ing kahanan boten resmi kadosta “Pak”, “Bu”, “Dhik”, saha sanesipun. Sapa aruh menika saged dipunpanggihaken ing pasar, warung, utawi pos ronda.

b. Etnik

Etnik ugi mangaribawani pamilihing sapa aruh ingkang dipunginakaken pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara (Suhardi, 1985:65). Wonten tigang jinis etnik ingkang dipanggihaken inggih menika Jawa, sanes Jawa, saha asing. Tuladhanipun sapa aruh “Uda” ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang Minangkabau ingkang mapan ing Jawa. Sapa aruh ingkang dipunginakaken nalika kepanggih kaliyan tiyang keturunan Cina ugi dipunpangaribawani kaliyan etnik, tuladhanipun sapa aruh “engkoh”, “tacik”.

c. Pasedherekan

Hubungan pasedherakan ugi mangaribawani pamilihing sapa aruh ingkang dipunginakaken. Wonten ing kulawarga, sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gumantung kaliyan *posisi*, *peran*, saha statusipun wonten ing sistem pasedherakan (Suhardi, 1985:68). Hubungan ingkang dipunmaksud inggih menika hubungan bapak, ibu, anak, putu, saha sanesipun. Sapa aruh ingkang dipunpangaribawani kaliyan hubungan pasedherekan menika kadosta simbok, pakdhe, budhe.

d. Raketipun pamicara kaliyan tiyang ingkang dipunajak micara

Pamilihing sapa aruh menika ugi adhedhasar raketipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara. Raketipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika mangaribawani situasi pawicantenan (Suhardi, 1985:70). Situasi

pawicantenan antawisipun pamicarasaha tiyang ingkang dipunajak micara menika dados situasi ingkang boten formal utawi *santai*.

e. Status sosial

Kedudukan utawi posisi ing masarakat menika nemtokaken inggil-ngandhapipun status sosialipun. Status sosial menika ugi dipuntemtokaken saking pandamelan utawi jabatanipun tiyang menika. Sapa aruh ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang dipunajak micara menika dipunpangaribawani kaliyan status sosial (Suhardi, 1985:72). Tiyang ingkang gadhah status sosial langkung ngandhap saking tiyang ingkang dipunajak micaraipun menika kedah ngormati kanthi ngginakaken sapa aruh ingkang trep kaliyan statusipun.

f. Yuswa

Yuswa menika ugi nemtokaken pamilihing sapa aruh ingkang dipunginakaken. Pamicara kedah mangertos yuswa tiyang ingkang dipunajak micara ingkang badhe dipunjak pawicantenan. Pamilihing sapa aruh menika saged mangaribawani hubungan antawisipun pamicarasaha tiyang ingkang dipunajak micaraipun (Suhardi, 1985:74). Sapa aruh ingkang dipunginakaken ugi saged nedahaken rasa kurmat kangge tiyang ingkang dipunajak micaraipun.

g. *Jenis kelamin*

Faktor ingkang salajengipun inggih menika *jenis kelamin*. *Jenis kelamin* ugi dados dhasaring pamilihing sapa aruh ingkang dipunginakaken. Ing sajroning faktor menika, pamicara boten kawratan anggenipun netepaken sapa aruh ingkang trep dipunginakaken (Suhardi, 1985:77).

h. Status perkawinan

Sapa aruh ingkang dipunpangaribawani status perkawinan menika dipunginakaken nalika pamicara utawi tiyang ingkang dipunajak micara menika sampun palakrama (Suhardi, 1985:78). Tuladhanipun tembung “nyonya” ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang estri ingkang sampun krama.

i. Papan asalipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara

Papan asalipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika ugi dados faktor ingkang mangaribawani pamilihing sapa aruh. Pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara ingkang saking beda daerah menika kemawon gadhah sapa aruh ingkang beda (Suhardi, 1985:79). Tiyang ingkang saking desa saha kutha tentu kemawon gadhah sapa aruh ingkang beda.

4. Sapa aruh ingkang saged dipunginakaken sesarengan

Sajroning sapa aruh ingkang dipunginakaken, wonten sapa aruh ingkang saged dipunginakaken kanthi nggabung antawisipun satunggal sapa aruh kaliyan sapa aruh sanesipun. Wonten ing basa Jawi saged dipunpanggiahaken mapinten-pinten sapa aruh ingkang gabungan saking satunggal sapa aruh kaliyan sapa aruh sanes. Sinaosa tembung sapa aruh saged dipunginakaken sesarengan, ananging boten sedaya tembung sapa aruh menika saged dipunginakaken sesarengan. Sapa aruh ingkang saged *berkolokasi* dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Nama pasedherekan kaliyan nama tiyang

Sedaya nama pasedherakan menika saged dipunginakaken sesarengan kaliyan namanipun tiyang (Suhardi, 1985:92). Tuladhanipun sapa aruh ingkang

dipunginakaken sesarengan inggih menika “Mbak Wulan”, “Bu Sosro”, “Dhik Rudy”, “Dhik Hinaryanto”.

b. Nama pasedherekan kaliyan pangkat pendidikan

Kata sapaan ingkang saged dipunginakaken ing nama pasedherakan kaliyan pangkat pendidikan namung winates. Nama pasedherakan ingkang dipunginakaken inggih menika “Pak” saha “Bu”. Pangkat pendidikan ingkang dipunginakaen sesarengan kaliyan nama pasedherakan menika winates ing dokter mawon. Tuladhanipun pak dokter saha bu dokter (Suhardi, 1985:93).

c. Nama pasedherakan kaliyan jabatan saha pandamelan

Nama pasedherekan ugi saged sipunginakaken sesarengan kaliyan sapa aruh kangge jabatan utawi pandamelan. Suhardi ” (1985:94) ngandharaken bilih nama pasedherekan ingkang saged dipunginakaken sesarengan kaliyan jinis sapa aruh kangge jabatan utawi pandamelan namung sapa aruh “Pak” saha “Bu. Sapa aruh kangge jabatan utawi pandamelan menika kadosta lurah, camat, dosen, guru. Tembung-tembung menika dipunginakaken sesarengan nalika aruh-aruh kadosta “Pak dosen”, “Bu guru”, “Bu camat”.

d. Nama pasedherakan kaliyan paraga ingkang nindakaken prakawis tartamtu

Sapa aruh nama pasedherekan ugi saged dipunginakaken sesareng kaliyan sapa aruh kangge nyebat tiyang ingkang nindakaken prakawis tartamtu. Tuladhanipun tiyang ingkang tumbas bakso, tiyang menika nimbali tukang bakso kanthi aruh-aruh “Pak bakso”.

D. Fungsi Sapa Aruh

Fungsi sapa aruh inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken menapa ingkang dipunmaksud tiyang ingkang micara nalika ngginakaken sapa aruh. *Fungsi* basa dipunginakaken dados dhasaring nemtokaken *fungsi* sapa aruh ing panaliten menika. Pateda (2015:5) ngandharaken bilih basa menika gadhah *fungsi* khusus inggih menika kangge alat pawicantenan. Wondene Mulyani (2006:68) ngandharaken bilih basa minangka pirantos kangge ngandharaken gagasan, pikiran, konsep, saha pangraosipun satunggal tiyang.

Fungsi sapa aruh menika dipunginakaken nalika wicantenan kaliyan tiyang sanes. *Fungsi* sapa aruh menika saged kapanggihaken wonten ing basa lisan utawi basa seratan. Basa lisan inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika wicantenan ing masarakat. Basa seratan inggih menika basa ingkang dipunginakaken ing gancaran utawi karya tulis sanesipun. Basa-basa ingkang dipunginakaken menika gadhah *fungsi* ingkang beda-beda. Para ahli ngandharaken bilih basa menika gadhah mapinten-pinten *fungsi*. Roman Jakobson ngandharaken bilih *fungsi* basa menika saged dipunperang dados enem inggih menika *fungsi* *emotif*, *konotatif*, *referensial*, *puitik*, *fatik*, *saha metalingual*, ingkang dipunandharaken wonten ngandhap menika.

1. *Fungsi* *emotif*, *fungsi* ingkang titikanipun saking penutur (Soeparno, 2015:18).

Fungsi *emotif* menika ugi saged dipunsebut *fungsi* ekspresif (Nurweni, 2010:62). Chaer saha Agustin (2014:15) ngandharaken bilih *fungsi* *emotif* menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken raos pangraosipun tiyang ingkang micara kanthi cara ngedalaken emosi menika

saking tuturanipun. Tuladhanipun raos pangraos ingkang dipunginakaken inggih menika raos bingah, susah, sedhah, saha nesu (Soeparno, 2015:18).

2. *Fungsi konatif, fungsi* ingkang titikanipun saking mitra tuturipun (Soeparno, 2015:18). *Fungsi* menika dipunginakaken tiyang ingkang micara kangge nyuwun tiyang sanes nindakaken menapa ingkang dipundhawuhaken (Soeparno, 2015:19).
3. *Fungsi referensial, inggih menika fungsi* ingkang titikanipun saking konteks (Soeparno, 2015:18). Nurweni (2010:62) ngandharaken bilih *fungsi referensial* menika dipunginakaken kangge ngandharaken menapa kewawon ingkang wonten ing *lingkungan* tiyang ingkang wicantenan. *Fungsi referensial* ugi saged dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih saking tiyang ingkang micara (Chaer saha Agustin, 2014:16). *Fungsi referensial* ugi kangge ngandharaken satunggaling perkara saha madosi cara kangge ngrampungaken perkara (Soeparno, 2015:18).
4. *Fungsi puitik, fungsi* ingkang titikanipun saking amanat utawi pesan Soeparno, 2015:18). Soeparno (2015:18) ngandharaken *fungsi puitik* menika dipunginakaken kangge ngandharaken saran, amanat, utawi pesan tartamtu.
5. *Fungsi fatik, fungsi* ingkang titikanipun saking kontak antawisipun tiyang ingkang micara saha tiyang ingkang dipunajak micara (Soeparno, 2015:18). Nurweni ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika dipunginakaken kangge miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken wicantenan (2010:62-63). Nurhayati (2008:138) ngandharaken bilih salam utawi aruh-aruh tiyang sanes menika

kalebet fungsi fatik. Nurhayati (2008:138) ugi ngandharaken bilih fungsi fatik menika dipunginakaken minangka sarana kontak sosial.

6. *Fungsi metalingual, fungsi* ingkang titikanipun saking kode pawicantenan (Soeparno, 2013:18). *Fungsi metalingual* inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken *fungsi* basa menika piyambak (Chaer saha Agustin, 2014:16). Nurweni (2010:63) paring tuladha ukara “*Hattrick yaitu dalam satu permainan sepakbola seorang pemain dapat mencetak 3 gol.*” Saking ukara menika saged dipunandharaken bilih *fungsi metalingual* menika dipunginakaken kangge ngandharaken makna saking satunggaling tembung.

Salajenipun Halliday lumantar Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi* basa menika wonten enem inggih menika *fungsi* instrumental, *fungsi* regulatori, *fungsi* interaksional, *fungsi* heuristic, *fungsi* personal, saha *fungsi* imajinatif. *Fungsi-fungsi* menika dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. *Fungsi instrumental* menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge *manipulasi* lingkungan (Soeparno, 2013:22). Jatmiko, dkk (2017:362) ngandharaken bilih asiling *fungsi* instrumental inggih menika wujud pakon utawi *imperative*.
2. *Fungsi regulatori, fungsi* ingkang basa kangge ngontrol prastawa kadosta pasarajukan saking tiyang sanes (Soeparno, 2013:22).
3. *Fungsi interaksional, fungsi* ingkang dipunginakaken kangge njagi hubungan pawicantenan antawisipun tiyang ingkang micara saha tiyang ingkang diunajak micara (Soeparno, 2013:22).

4. *Fungsi heuristic* inggih menika *fungsi* basa kangge ngasilaken kawruh utawi kangge nyuwun pirsa bab tartamtu (Soeparno, 2013:22).
5. *Fungsi personal*, *fungsi* ingkang nedahaken emosi, *perasan*, utawi *kepribadian* (Soeparno, 2013:22). *Fungsi* personal menika dados sarana komunikasi ingkang nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara (Jatmiko dkk, 2017:362)
6. *Fungsi imaginatif*, *fungsi* kangge nedahaken *sistem* utawi *ide* (Soeparno, 2013:22). Jatmiko, dkk (2017:362) ngandharaken bilih *fungsi* immaginatif kangge nedahaken sistem, gagasan utawi cariyos ingkang *imaginatif*.

Salebeting bukunipun Chaer saha Agustin dipunpanggihaken bilih wonten *fungsi-fungsi* ingkang dipunandharaken Jakobson kaliyan Halliday menika gadhah pangretosan ingkang sami. *Fungsi emotif* sami kaliyan *fungsi personal*, *fungsi konatif* sami kaliyan *fungsi instrumental*, *fungsi fatik* sami kaliyan *fungsi interaksional*, *fungsi referensial* sami kaliyan *fungsi representative*, ingkang pungkasan *fungsi puitik* sami kaliyan *fungsi imaginative* (Chaer saha Agustin, 2014:15-17).

E. Novel

Novel minangka satunggaling jinis karya sastra ingkang awujud seratan. Novel asalipun saking basa itali “novella” ingkang tegesipun barang enggal ingkang alit (Nurgiyantoro, 2013:11). Nurgiyanto (2013:12) ugi ngandharaken bilih novel menika gancaran ingkang panjangipun cekapan, boten panjang sanget ugi boten cendhek sanget. Padatanipun novel nggambaraken pagesangan manungsa

saben dinten, ananging ugi wonten novel ingkang sipatipun karangan saking panyeratipun. Wondene ing kamus istilah sastra karanganipun Zaidan (2007: 136), ngandharaken bilih novel inggih menika satunggaling jinis gancaran ingkang ngandharaken pagesanganipun manungsa adhedhasar sudut pandangipun panyerat saha ngandut nilai pagesangan.

Novel menika langkung kompleks bilih dipunbandingkan kaliyan crita cekak. Novel bilih ngandharaken criyos menika langkung rinci, detail, saha kathah ngewrat masalah ingkang kompleks (Nurgiyantoro, 2013:13). Bedanipun novel kaliyan crita cekak ingkang paling ketingal inggih menika saking sisi *panjang-pendek* ingkang dipunserat kaliyan panyerat. Nurgiyantoro (2013:18) ngandharaken bilih novel menika ngrembaka saking maneka wujud naratif non-fiksi, tuladhanipun serat, biografi, utawi sejarah.

Novel menika gadhah unsur-unsur pembangun. Unsur-unsur ingkang gayut antawisipun setunggal unsur kaliyan sanesipun menika dados unsur ingkang mbangun cariyos ing novel. Unsur-unsur pembangun menika dipunperang dados unsur instrinsik saha unsur ekstrinsik. Unsur-unsur ingkang wonten gayutipun langsung kaliyan cariyosipun saha ingkang mbangun cariyos dipunsebat unsur intrinsiks (Nurgiyantoro, 2013:30). Tema, setting, tokoh, watak, alur, latar, sudut pandang menika minangka unsur instrinsik ing novel. Unsur ekstrinsik inggih menika unsur ingkang ingkang boten langsung mangaribawani satunggal cariyos. Unsur ekstrinsik menika unsur ingkang mangaribawani satunggal criyos ananging boten dados perangan ing cariyos menika. Unsur ekstrinsik menika dipuntingali adhedhasar panyerat novel menika, kadosta asal-usulipun panyerat, faktor sosial-

ekonomi nalika novel menika dipunserat, biografi saking panyerat lan sapanunggalipun.

Novel menika gambaran saking pagesangan masarakat saking sisi panyerat novel menika piyambak. Sajroning novel menika ugi ngginakaken basa-basa ingkang dipunginakaken ing padintenan, kadosta sapa aruh. Sapa aruh dipunginakaken ing novel menika supados pamaos boten bingung anggenipun maos karya menika.

F. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh saha dipundadosaken acuan kangge nindakaken panaliten inggih menika panalitenipun Nofi Andari (2014) kanthi irah irahanipun “Sapa Aruh Basa Jawi wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Djaka Lodang Wedalan Wulan September-Desember 2013” ingkang ngandharaken sedaya jinising sapa aruh adhedhasara titikan morfologis saha bab-bab ingkang ndayani panganggening sapa aruh. *Data* wonten ing panaliten inggih menika *data* seratan wonten cerkak (cerita cekak) kalawarti djaka lodang. *Data* menika dipunkempalaken kanthi cara maos sah nyathet. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken menika dipunanalisis ngginakaken metode analisis deskriptif saha pendekatan sosiolinguistik mliginipun teori SPEAKING saking Dell Hymes.

Panaliten sanes ingkang jumbuh inggih menika panalitenipun Nugra Tri Hatmoko kanthi irah-irahan “Sapa Aruh Basa Jawi wonten ing Novel Kinanti Anggitanipun Margareth Widhy Pratiwi”. Panaliten menika ngandharaken jinisipun sapa aruh adhedhasar titikan morfologi ugi ngandharaken bab ingkang ndayani

panganggenipun sapa aruh. Panaliten menika ngginakaken panaliten deskriptif. *Data* ing panaliten menika dipunpendhet saking novel Kinanti anggitanipun Margareth. *Data-data* menika dipunpadosi kanthi teknik maos saha nyerat. *Data* ingkang sampun dipunkempalaken menika dipun analisis kanthi metode analisi deskriptif saha pendekatan sosiolinguistik mliginipun teori SPEAKING saking Dell Hymes.

G. Nalaring Pikir

Sosiolinguistik inggih menika satunggaling ilmu linguistik ingkang ngrembag bab linguistik dipungayutaken kaliyan sosial. Salebeting sosiolinguistik menika wonten satunggaling bab ingkang ngrembag *variasi* basa. *Variasi-variasi* basa menika saged dipunpantha malih adhedhasar *idiolek*, *dialek*, *kronolek*, saha *sosiolek*. *Sosiolek* inggih menika variasi basa ingkang gayut kaliyan *status sosial*, golongan, saha *kelas sosial* saking tiyang ingkang micara. Sapa aruh minangka satunggaling tuladha saking *sosiolek*.

Sapa aruh minangka satunggaling ilmu linguistik ingkang wonten gayutipun kaliyan sosial. Sapa aruh inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat penutur kaliyan mitra tuturipun. Panganggening sapa aruh menika kedah nggatosaken *konteks* nalika sapa aruh menika dipunginakaken.

Panganggening sapa aruh ingkang nggatosaken *konteks* menika mangaribawani variasi wujud saha jinis sapa aruh. Sapa aruh bilih dipuntingali saking wujudipun gadhah wujud tembung utawi frasa. Jinisipun sapa aruh menika


saged dipunperang adhedhasar titikan semantik, fonologis, saha sintaksis. Sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gadhah ancas supados pawicantenan antawisipun pamicara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika saged kalampahan kanthi sae.

Sapa aruh ugi boten namung wonten ing basa lisan ananging ugi dipunginakaken ing basa seratan. Sapa aruh ingkang dipunginakaken ing basa seratan menika kadosta ingkang wonten ing novel. Pangangening sapa aruh wonten ing novel menika gadhah ancas supados pamaos saged langkung paham *alur* saha boten bingung anggenipun maos novel menika. Sapa aruh ingkang dipunginakaken menika gadhah *fungsi* kangge nedahaken maksud pamicara nalika pawicantenan. *Fungsi-fungsi* menika saged dipuntingali saking ukara ingkang dipunginakaken sesarengan kaliyan sapa aruh menika.

Panaliten kanthi irah-irahan “Sapa Aruh Basa Jawi wonten ing Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani”. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken wujuipun sapa aruh, jinis sapa aruh adhedhasar titikan morfologi saha *fungsi* sapa aruh ingkang wonten sajroning novel menika. Panaliten menika ngginakaken metode penelitian *kualitatif deskriptif*. Panaliten menika ngginakaken novel daos sumber anggenipun mendhet *data* sapa aruh. Anggenipun ngempalaken *data* menika ngginakaken teknis maos saha teknik nyathet kangge manggihaken wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh ingkang dipunginakaken.

Metode analisis ingkang dipunginakaken inggih menika metode analisis *deskriptif*. Cara kangge ngesahaken *data* ing panaliten menika ngginakaken uji *validitas* saha uji *reliabilitas*. Uji *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika

uji *validitas semantik*. Salajengipun *data* menika dipun uji *reliabilitas* ngginakaken uji *reliabilitas stabilitas*.



Bagan I. Nalarng Pikir

BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika panaliten deskriptif. Panaliten kanthi metode deskriptif inggih menika panaliten ingkang nggambaraken saha ngandharaken *data* utawi objek kanthi *natural*, *objektif*, saha *faktual* utawi menapa wontenipun (Arikunto lumantar Mulyana, 2005:83). Suryabrata (2013:76) ugi ngandharaken bilih salebeting panaliten deskriptif menika boten prelu madosi *hipotesis* saha boten namung madosi hubungan saking *data-data* ingkang sampun dipunpadosi.

Saking andharan ing nginggil panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang ngandharaken asiling panaliten adhedhasar *data-data* ingkang sampun dipunpadosi saha dipunandharaken kados menapa ingkang dipunpanggihaken saking *data*. Panaliten menika badhe ngandharaken sapa aruh wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Panaliten menika gadhah ancas badhe ngandharaken asiling panaliten bab wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh ingkang wonten salebetipun novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.

B. Data saha Sumber Panaliten

Sudaryanto (1988:9) ngandharaken bilih *data* inggih menika *bahan* ingkang dipunginakaken ing panaliten. *Data* ingkang dipunginakaken salebeting panaliten inggih menika *data* sapa aruh wujud tembung saha frasa. Sapa aruh ingkang dipunpanggihaken menika badhe dipunandharaken bab wujud sapa aruh, jinis sapa

aruh adhedhasar titikan semantik saha *fungsi* sapa aruhipun. *Data-data* menika saged dipunpanggihaken wonten ing salabeting sumber *data*.

Sumbering *data* ing panaliten ngginakaken sumber ingkang wujudipun seratan cithak, inggih menika novel. Novel ingkang dipunginakaken ing panaliten menika novel anggitanipun Yunani kanthi irah-irahan Dokter Wulandari. Novel Dokter Wulandari menika wedalan taun 1987 ingkang gunggungipun 116 kaca. Novel Dokter Wulandari dipunterbitaken dening Balai Pustaka Jakarta.

Panaliti badhe nлити bab sapa aruh salebeting novel Dokter Wulandari amargi kathah dipunpanggihaken maneka jinis sapa aruh ingkang awujud tembung utawi frasa. Novel Dokter Wulandari dados sumbering *data* amargi novel menika dereng nate dipuntliti bab sapa aruh.

C. Cara Ngempalaken *Data*

Teknik maos saha nyathet dados teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* ing panaliten menika. Teknik menika dipunginakaken kangge nemtokaken sapa aruh ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari. Saderengipun nemtokaken sapa aruh menika, kedah mangretosi titikan tembung utawi frasa ingkang kalebu sapa aruh. Titikanipun sapa aruh inggih menika tembung utawi frasa ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang dipunajak micara.

Titikan sapa aruh menika dipunginakaken kangge madosi sapa aruh salebeting novel Dokter Wulandari. Teknik ingkang dipunginakaken kangge madosi sapa aruh ing novel Dokter Wulandari inggih menika teknik maos saha teknik nyerat. Teknik

maos inggih menika maos sumbering *data* (novel Dokter Wulandari) kanthi cara dipunambali dumugi pikantuk *data* ingkang trep kaliyan titikan tembung utawi frasa ingkang ngewrat sapa aruh.

Teknik ingkang salajengipun inggih menika teknik nyerat utawi nyathet. Teknik nyerat menika katindakaken kanthi cara panaliti nyerat *data* ingkang sampun dipunpadosi wonten ing kartu *data* (Sudaryanto, 1988:4). *Data-data* ingkang dipunserat wonten ing kartu *data* inggih menika *konteks*, ukara, wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh. *Data-data* menika salajengipun dipunserat ing salebeting tabel analisis. Tabel analisis dipunginakaken supados panaliti langkung gampang anggenipun badhe nganalisis *data* menika.

Sabibaripun maos saha nyathet data sapa aruh saking novel Dokter Wulandari kalajengaken teknik ingkang pungkasan inggih menika teknik *pilah*. Teknik pilah inggih menika teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data-data* menika adhedhasar wujud, jinis, saha *fungsi*-nipun sapa aruh. *Data-data* menika dipunserat ing salebeting tabel-tabel analisis. Tabel menika dipunginakaken kangge analisis *data* ingkang awujud deskripsi ing salebeting paragraf.

D. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten menika inggih menika *human instrument* saha kertu *data*. Moleong (2013:9) ngandharaken bilih panaliti saha tiyang ingkang biyantu panaliten menika minangka pirantinipun panaliten. Panaliti menika minangka piranti ingkang saged nemtokaken menapa kemawon ingkang dipunbetahaken ing

panaliten. Panaliti ugi saged *menyesuaikan* kaliyan kawontenan nalika panaliten menika dipunlaksanakaken.

Panaliten menika ugi ngginakaken piranti sanes inggih menika kartu *data*. Kartu *data* dipunginakaken kangge nyerat *data* saking asiling maos novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Salabeting kartu *data* menika dipunserat *konteks*, ukara, wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh. Salajengipun *data* ingkang sampun dipunserat ing kertu *data*, dipunserat wonten ing salebeting tabel analisis *data*. Tabel analisis *data* menika wonten kalih, inggih menika tabel ingkang dipunginakaken kangge nyerat *data* saking kertu *data* saha tabel ingkang dipunginakaken kangge ngglompokaken sapa aruh adhedhasar wujud saha jinis sapa aruh. Wujudipun kertu *data* saha tabel analisis wonten ing ngandhap menika.

Tabel 1. Format kartu data panaliten

No. <i>Data</i>	DW/hal.8/1
Penutur	Wulandari dhateng Rudy
<i>Konteks</i>	Wulandari muni-muni amargi kaget badhe dipunrempet kaliyan motor.
Ukara	“Asem kowe ya!” batine Wulandari misuh-misuh
Wujud sapa aruh	Tembung sapa aruh, amargi menika kadadosan namung kadadosan saking setunggal tembung.
Jinis sapa aruh	Jinising sapa aruh ingkang dipunginakaken inggih menika tembung sesulih purusa. Tembung menika kalebu sesulih purusa amargi menika sesulih saking namanipun Rudy.
<i>Fungsi</i> sapa aruh	<i>Fungsi</i> sapa aruh ingkang dipunginakaken inggih menika <i>fungsi emotif</i> . <i>Fungsi emotif</i> amargi nedahakaen raos mangkel.

E. Cara Ngalalisis *Data*

Analisis *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika analisis *deskriptif*. Sudaryanto (1986:62) ngandharaken bilih metode *deskriptif* inggih menika metode analisis kanthi cara ngandharaken asiling panaliten adhedhasar menapa kawontenanipun panaliten menika. Cara ingkang dipunginakaken kangge analisis *data* menika dipunperang dados kalih inggih menika madosi ing salebeting novel Dokter Wulandari saha nglompokaken *data* ing salebeting tabel analisis *data*.

Langkah-langkah kangge madosi *data* dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Maos novel Dokter Wulandari, boten namung sepisan ananging dipunambali dumugi pikantuk *data* ingkang trep kaliyan titikan sapa aruh.
2. Manggihaken *data-data* sapa aruh awujud tembung utawi frasa ingkang wonten ing salebeting novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani.
3. Manggihaken *konteks* salebeting sapa aruh ingkang dipunginakaken ing satunggaling pawicantenan.
4. Salajengipun sapa aruh ingkang dipunpanggihaken menika dipunserat adhedhasar bab-bab ingkang ndayani panganggenipun sapa aruh kangge nemtokaken jinisipun.
5. Sasampunipun manggihaken jinising sapa aruh, salajengipun madosi *fungsi* sapa aruh ingkang dipunginakaken menika adhedhasar *fungsi* basa ingkang dipunandharaken dening Roman Jakobson saha Halliday.

6. Ingkang pungkasan *data-data* menika dipunserat ing salebeting tabel analisis. *Data* ingkang dipunserat ing salebeting tabel menika lajeng dipunanalisis ing salebeting tabel analisis.

Langkah-langkah ingkang dipuntindakaken kangge nglompokaken *data* inggih menika:

1. Pengelompokan *data*, *data* ingkang sampun dipunpanggihaken menika dipunkelompokaken adhedhasar wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh.
2. Wujud sapa aruh ingkang sampun kapanggihaken ing kartu *data* menika dipunpantha dados kalih inggih menika sapa aruh wujud tembung saha sapa aruh wujud frasa.
3. Wujud sapa aruh ingkang sampun kapanggihaken menika, salajengipun dipunkelompokaken wonten ing jinising sapa aruh. Jinising sapa aruh ingkang kapanggihaken menika kadosta nama tiyang, pasedherekan, pangkat kebangsawanan, pangkat pendidikan, pandamelan, jabatan, tembung nominal, adjektif transposisional.
4. Ingkang pungkasan sasampunipun nglompokaken wujud saha jinising sapa aruh, lajeng nganalisis *fungsi-nipun* sapa aruh. *Fungsi* sapa aruh ingkang dipunpanggihaken menika adhedhasar *konteks* saking tuturanipun. *Fungsi* ingkang dipunpanggihaken menika kadosta *fungsi emotif*, *fungsi konatif*, *fungsi referensial*, *fungsi puitik*, *fungsi fatik*, *fungsi regulatori*, *fungsi heuristic*.

Asiling analisis *data* panaliten wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh, salajengipun cara panaliten ingkang dipuntindakaken inggih menika caranipun ngesahaken *data* ingkang kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

F. Cara Ngesahaken *Data*

Data-data ingkang sampun dipunpanggihaken salajengipun dipunsahaken. Piranti kangge ngesahaken *data* menika kedah valid saha reliable (Nasution, 2012:74). Uji *validitas* saha *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas triangulasi teori, validitas semantic, saha reliabilitas stabilitas*.

Uji *validitas triangulasi* inggih menika caranipun ngesahaken *data* ngginakaken *sumber, metode, penyidik, utawi teori* (Moleong, 2010:330). Salebeting *validitas* triangulasi menika ngesahaken *data* ngginakakaken mapinten-pinten *sumber, metode, penyidik, utawi teori*. Uji *validitas* triangulasi teori ingkang dipunginakaken ing panaliten menika kanthi cara uji *validitas* triangulasi teori. Uji *validitas* triangulasi teori inggih menika cara nganalisis *data* ngginakaken mampinten-pinten teori (Setiyadi, 2006:247). Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

“Nanging aku melu seneng lho **Wul**, dene atimu wis kabukak kanggo priya. Muga-muga sesambunganmu karo Rudy bisa langgeng tenan. Wis sawijining kemajuwan kowe bisa nglalekake Trisula.” (DW/1987/hal.10/5)

Data ing nggingil menika dipunanalisis kanthi teoripun jinising sapa aruh wonten ing bukunipun bab sapa aruh basa Jawi. Suhardi (1985:36) ngandharaken nama tiyang menika kalebet satunggaling jinis sapa aruh. Tembung “Wul” menika kalebet jinis sapa aruh nama tiyang amargi “Wul” menika wacahan namanipun

tokoh ingkang wonten ingkang salebeting novel inggih menika “Wulandari”. Wondene Kridalaksana (1978:14) ugi ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebu jinising sapa aruh.

Teori sanes ingkang dipunginakaken inggih menika teoripun Suhardi ingkang nedahaken bab wujud sapa aruh. Suhardi (1985:24), ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika wonten sekawan ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Tembung “Wul” menika mlebet wujud sapa aruh ingkang sapa aruh wujud asli amargi tembung menika boten dipunparingi wuwuhan. Gayut kaliyan andharanipun Suhardi, Sasangka (2001:34) ngandharaken jinising tembung ingkang antawisipun inggih menika tembung aran. Tembung “Wul” menika kalebet jinising tembung aran.

Salajengipun uji *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika uji *validitas semantis kontekstual*. Mulyana (2005:139) ngandharaken *validitas semantic kontekstual* inggih menika nglompokaken *data*, negesi *data*, saha nguji *data* adhedhasar *konteks* ukaranipun. *Validitas semantik kontekstual* menika dipunginakaken kangge ngesahaken *data* ingkang kalebet wonten ing *fungsi*-nipun sapa aruh.

Tuladhanipun *validitas semantik*:

“*Asem kowe ya!*”(DW/1987/hal.7/1)

Saking *data* ing nginggil saged dipunandharaken bilih *fungsi* sapa aruh ingkang dipunginakaken inggih menika *fungsi emotif*. *Fungsi* emotif saking sapa aruh wujud tembung menika kapanggihaken saking *konteksipun*. Sapa aruh “*kowe*”

menika dipuntuturaken dening Wulandari ingkang kaget saha mangkel kaliyan tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun.

Salajengipun cara ngesahaken data ingkang pungkasa inggih menika uji *reliabilitas*. Uji *reliabilitas* inggih menika piranti kangge ngesahaken *data* ingkang ngasilaken *data* ingkang ajeg (Nasution, 2012:77). Uji *reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika uji *reliabilitas stabilitas*. Uji *reliabilitas stabilitas* menika dipuntindakaken kanthi cara ngambali *data* kaping kathah ananging asilipun sami. *Reliabilitas stabilitas* dipuntindakaken kanthi cara peneliti nindakaken maos kanthi wongsal-wangsul saha permati novel Dokter Wulandari angitanpun Yunani ingkang dipundadosaken sumber *data* panaliten saengga dipunpanggihi *data* ingkang saestu jumbuh utawi *valid* saha ajeg.

Tuladhanipun *reliabilitas stabilitas*:

“Wis suwe **Rud?**” (DW/1987/hal.14/15)

Adhedhasar analisis jinising sapa aruh saking mapinten-pinten teori “Rud” menika kalebet jinising sapa aruh nama tiyang. Nalika tiyang sanes ingkang nliiti utawi maos novel menika saha manggihaken tembung menika ugi nedahaken bilih tembung “Rud” menika kalebet jinising sapa aruh ingkang nama tiyang.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. ASILING PANALITEN

Perangan menika ngewrat asiling panaliten ingkang sampun katindakaken. Asiling panaliten menika wujuding sapa aruh, jinising sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh ingkang wonten ing salebeting Novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Wonten ngandhap menika tabel asilih panaliten wujuding sapa aruh, jinis-jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh ingkang kapanggihaken ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Wondene *data* ingkang jangkep badhe dipunandharaken ing kaca lampiran.

Tabel 2. Wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh ing salebeting novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani:

No.	Wujud	Jinis	<i>Fungsi</i>	Indikator
1	2	3	4	5
1.	Tembung	a. Nama tiyang	a) Referensial	<p>“Nanging sajake Hinaryanto kuwi setiya banget karo kowe lho Wul,” (DW/1987/kc.13/11)</p> <p>Konteks: Utami wicantenan kaliyan Wulandari. Utami ngandharaken panemunipun bab katresnanipun Hinaryanto kangge Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” wacahan saking tembung “Wulandari”. • Jinis : Nama Tiyang Wulandari menika nama paraga ing novel. • <i>Fungsi: Fungsi Referensial</i> Dipunginakaken nalika Utami paring pamanggih bab katresnanipun Hinaryanto dhateng Wulandari.
			b) Heuristik	<p>“Wis suwe Rud?” Wulan ndhisiki takon karo mesem manis. (DW/1987/kc.14/15)</p> <p>Konteks : Wulandari kepanggih Rudy ingkang ngentosi piyambakipun, nyuwun pirsu dhateng Rudy.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Rud” wacahan saking tembung “Rudy”. • Jinis: Nama Tiyang Rudy menika nama paraga ing novel. • Fungsi: Fungsi Heuristik dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsira dhateng Rudy.
			c) Emotif	<p>“Pancen luputku Luk, deng aku kesusu nresnani Rudy tanpa luwih dhisik ngerti kahanane kulawargane.” (DW/1987/kc.34/74)</p> <p>Konteks: Wulandari ingkang wicantenan kaliyan Lukman ngandharaken bilih piyambakipun getun amargi kesesa anggenipun nresnani Rudy.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Luk” cekakan saking tembung “Lukman”. • Jinis : Nama Tiyang Lukman menika nama paraga ing novel. • Fungsi: Emotif Dipunginakaken nalika Wulandari nedahaken raos pangraosipun.
			d) Regulatori	<p>“Aku gelem, Wulan, anggere ana garansine.” (DW/1987/kc.40/90)</p> <p>Konteks: Cruyff mangsuli wicantenanipun Wulandari. Cruyff nyaguhi Wulandari, nanging wonten syaratipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Wulan” wacahan saking tembung “Wulandari”. • Jinis : Nama Tiyang Wulandari menika nama paraga ing novel. • Fungsi: Regulatori Dipunginakaken Cruyff nalika nyuwun pasarujukan saking Wulandari.
			e) Fatik	<p>“dak kira katranganmu wis cukup Luk, aku nyuwun pamit. Matur nuwun marang kabeh katrangmu. Yen ketemu Rudy tulung kandhakna kabeh omonganku iki.” (DW/1987/kc.35/77)</p> <p>Konteks: Wulandari pamit kaliyan Lukman. Wulandari ngendhika bilih menika sedaya sampun cepak kangge mangsuli ptekanipun.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>Wulandari ugi nyuwun tulung supados ngandharaken bab menika dhateng Rudy.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Luk” wacahan saking “Lukman”. • Jinis : Nama Tiyang Lukman menika nama praga ing novel. • Fungsi: Konatif dipunginakaken Wulandari nalika pamit dhateng Lukman.
			f) Puitik	<p>“Ah Wul, aja kok piker jero. Kowe rak arep ujian ta? Sing perlu pasinaonmu dhisik, aja nganti mung jalaran katresnan banjur buyar kabeh. Kowe dhewe sing rugi, dudu Rudy apa kulawargane. Mangka kowe oleh besasiswa. Yen nganti gagal apa ora eman? Anggepen iki sawijining ujian mental.” (DW/1987/kc.35/75) Konteks: Lukman ingkang wicantenan kaliyan Wulandari, paring panyaruwe supados boten mikiraken bab ingkang boten wigati. Lukman ingkang mangertos bilih Wulandari badhe ujian, ngaken Wulandari supados fokus kaliyan ujianipun amargi piyambakipun kuliah pikantuk beasiswa.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” wacahan saking tembung “Wulandari”. • Jinis: Nama Tiyang Wulandari menika nama paraga ing novel. • Fungsi: Puitik Dipuntuturanken Lukman nalika paring panyaruwe dhateng Wulandari.
		b. Pase-dherekan (Awu)	a) Heu-ristik	<p>“Bapak kok ora katon ta Bu, tindak ngendi?” (DW/1987/kc.82/211) Konteks: Wulandari wicantenan kaliyan ibunipun. Wulandari nyuwun pirsas dhateng ibunipun, bapakipun tindak ing pundi.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Bu” menika kadadosan saking setunggal tembung. • Jinis: Pasedherekan “Bu” kangge nyebat ibunipun Wulandari.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Heuristik Dipunginakaken Wulandari nalika nyuwun pirsu dhateng Ibunipun
			b) Referensial	<p>“Aku rak ora duwe kaluputan apa-apa ta karo bapak? Jane aku ya kepengin ngabekti marang bapak nadyan bapakku kuwalon. Nanging geneya bapak plengas-plengos lan ora remen yen dak cedhaki? Aku ora ngerti Bu, apa sejatine luputku.”</p> <p>(DW/1987/kc. 82/213)</p> <p>Konteks: Wulandari ingkang wicantenan kaliyan ibunipun ngandharaken bilih piyambakipun ugi kapengin ngabekti marang Pak Puguh. Wulandari ngandharaken bilih piyambakipun boten mangretos menapa luputipun ingkang nyebabaken Pak puguh boten remen.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Bu” menika kadadosan saking setunggal tembung. • Jinis: Pasedherekan “Bu” kangge nyebat ibunipun Wulandari. • Fungsi: Referensial Wulandari ngandharaken bilih boten mangretos kalepatanipun.
			c) Emotif	<p>“Nanging sejatine aku rak ora ngerti apa-apa ta Bu, geneya kudu melu nanggung dosane Bapak?”</p> <p>(DW/1987/kc. 86/218)</p> <p>Konteks: Wulandari ngendhika dhateng ibunipun bilih sejatosipun piyambakipun boten mangretos prakawis Pak Puguh kaliyan bapakipun Wulandari. Ananging menapa Wulandari kedah nanggung lepat bapakipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Bu” menika kadadosan saking setunggal tembung. • Jinis: Pasedherekan “Bu” kangge nyebat ibunipun Wulandari. • Fungsi: Emotif Wulandari nedahaken raos pangraos ingkang bingung.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		c. Pase-dherekan (Sanes Awu)	a) Heuristik	<p>“Sapa sing nggawa mrene mau, Pak?” (DW/1987/kc.70/164) Konteks: Wulandari ingkang nembe dugi ing griya sakit wicantenan kaliyan Mantr Ahmad sinambi mriksa pasien. Wulandari nyuwun pirsu dhateng Mantri Ahmad sinten ingkang beta kurban dhateng griya sakit.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Pak” menika kadadosan saking setunggal tembung. • Jinis: Pasedherekan <i>perluasan makna</i> “Pak” → nyebat tiyang ingkang boten saking kulawarganipun • Fungsi: Heuristik Dipuntuturaken Wulandari kangge nyuwun pirsu dhateng Pak Mantri.
			a) Emotif	<p>“Ora kok Mbak, aku ora serik. Wulan bocah apik. Aku eram banget marang prestasine...” (DW/1987/kc.21/39) Konteks: Hinaryanto ingkang wicantenan kaliyan Utami ngandharaken bilih piyambakipun boten serik kaliyan sipatipun Wulandari. Hinaryanto ndherek bingah kaliyan prestanipun Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Mbak” menika kadadosan saking setunggal tembung • Jinis: Pasedherekan <i>perluasan makna</i> “Mbak” → nyebat Utami ingkang yuswanipun langkung sepuh • Fungsi: Emotif Hinaryanto boten serik dhateng Wulandari.
			b) Referensial	<p>“Sejatinipun dheweke ora sida dak pek anak kok Jeng. Jalaran bapake ora setuju. Dadi ya njur dak openi kaya bocah panti liyane kae...” (DW/1987/kc.79/201) Konteks: Bu Sosro wicantenan kaliyan Bu Sumarni. Bu Sosro ngandharaken bilih putranipun Bu Sumarni boten sios dipunangkat dados putranipun amargi garwanipun boten sarujuk</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Jeng” menika wacahan saking tembung “Diajeng”.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Jinis: Pasedherekan perluasan makna “Jeng”→ nyebat tiyang estri ingkang boten kulawarganipun. • Fungsi: Referensial Bu Sosro ngandharaken bilih Wulandari menika boten sios dipunangkat dados putra kaliyan piyambakipun.
			c) Kona- tif	<p>“Aku mung titip kado iki, wenehna Wulan, ya Mbak. Yen ora repot, suk malem minggu aku dak mrene maneh.” (DW/1987/kc.22/46)</p> <p>Konteks: Hinaryanto wicantenan kaliyan Utami sinambi nengga Wulandari. Hinaryanto nitipaken kado kangge Wulandari. Hinaryanto nyuwun tulung Utami kangge maringaken kadonipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Mbak” menika kadadosan saking setunggal tembung • Jinis: Pasedherekan perluasan makna “Mbak”→ nyebat Utami ingkang yuswanipun langkung sepuh • Fungsi: Konatif Hinaryanto ngendhika dhateng Utami supados maringaken kadonipun kangge Wulandari
			d) Fatik	<p>“Piye kabare, Jeng, rak ya padha wilujeng ta?” (DW/1987/kc.78/196)</p> <p>Konteks: Bu Sosro ndherek Wulandari ing ruanganipun pasien kurban kacilakan. Bu Sosro kaget amargi Bu Puguh menika Bu Sumarni, ibunipun Wulandari. Bu Sosro lajeng nyuwun pirsu kadospundi kabaripun Bu Sumarni.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Jeng” menika wacahan saking tembung “Dhiajeng”. • Jinis: Pasedherekan perluasan makna “Jeng”→ nyebat tiyang estri ingkang boten kulawarganipun. • Fungsi: Fatik Bu sosro nyuwun pirsu kadospundi kabaripun Bu Sumarni.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
			e) Regulatori	<p>“Ah, kuwi mung gegambarane Wulan dhewe Mbak. Aku lan kulawargaku ora tau mbedakake sapa dheweke lan saka ngendi asale. Kabare dheweke saiki sesambungan raket karo Rudy, cah Kedokteran Gigi ya?” (DW/1987/kc.21/43)</p> <p>Konteks: Hinaryanto wicantenan kaiyan Utami ngrembag Wulandari. Hinaryanto boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Wulandari ingkang dipunandharaken kaliyan Utami. Hinaryanto ngandharaken bilih kulawarganipun boten mbedak-bedakaken tiyang kangge sesambungan</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Mbak” menika kadadosan saking setunggal tembung • Jinis: Pasedherekan <i>perluasan makna</i> “Mbak”→ nyebat Utami ingkang yuswanipun langkung sepuh <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Regulatori Hinaryanto boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Wulandari.
		d. Pangkat pendidikan	a) Referensial	<p>“Inkang sekawan tatu entheng, Dokter. Inkang kalih radi awrat. Wonten kurban putri setunggal taksih dereng emut.” (DW/1987/kc.69/163)</p> <p>Konteks: Suster Endang mangsuli pitakenan saking Wulandari. Suster Endang ngandharaken sedaya kawontenanipun kurban kacilakan kanthi lengkap.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Dokter” menika kalebet tembung aran. • Jinis: Pangkat Pendidikan “Dokter”→ nyebat tiyang lulusan sekolah kedokteran ingkang dados dokter. • Fungsi: Referensial Suster Endang ngandharaken kawontenanipun pasien kacilakan.
			a) Kona-tif	<p>“Dipun aturi enggal tindak griya sakit, Dokter, samangke. Wonten kurban kacilakan. Pasien ingkang nandhang tatu wonten enem.” (DW/1987/kc.69/161)</p> <p>Konteks: Suster Endang ngandharaken wonten pasien kurban kacilakan saha ngaturi</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>Wulandari supados tindak ing griya sakit.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Dokter” menika kalebet tembung aran. • Jinis: Pangkat Pendidikan “Dokter”→ nyebat tiyang lulusan sekolah kedokteran ingkang dados dokter. • Fungsi: Konatif Suster Endang ngaturi Wulandari supados tindak griya sakit.
		e. Tembung sesulih purusa	a) Emotif	<p>“Asem kowe ya!” (DW/1987/kc.7/1)</p> <p>Konteks: Wulandari muni-muni dhateng tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa. • Jinis: Tembung sesulih purusa “Kowe” menika sesulih saking namanipun Rudy. • Fungsi : Emotif Wulandari nedahaken raos mangkel dhateng tiyang sanes.
			b) Heuristik	<p>“Kowe wis tau dolan nyang omahe Rudy?” (DW/1987/kc.12/7)</p> <p>Konteks: Utami wicantenan kaliyan Wulandari nalika kekalihipun ing kamar. Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari, menapa piyambakipun sampun nate dolan ing griyanipun Rudy.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Kowe” kalebet tembung sesulih purusa. • Jinis: Tembung sesulih purusa “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Heuristik Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari.
			c) Referensial	<p>“Hinar kerep banget nyriitakake sliramu. Malah sing dirembug saben tilik mreng ya mung sliramu bae..., ora ana liyane maneh...” (DW/1987/kc. 95/235)</p> <p>Konteks: Nalika Wulandari dolan dhateng griyanipun Hinaryanto ing Surabaya, ibunipun</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>Hinaryanto wcantenan kaliyan piyambakipun. Ibunipun hinaryanto nyariosaken bilih Hinaryanto asring nyariosaken Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Sliramu” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis: Tembung sesulih purusa “Sliramu” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: referesial Ibunipun Hinaryanto nyarioasaken bab Hinaryanto dhateng Wulandari.
			d) Fatik	<p>“O, iya Wulan, awan iki aku arep nraktir kowe jajan neng depot Lezat prapatan kono kuwi. Jarene es campur lan bakwane enak.” Wulan rada kaget.</p> <p>(DW/1987/kc.15/18)</p> <p>Konteks: Rudy ingkang kepanggih Wulandari ing kampusipun, ngendika bilih piyambakipun badhe nraktir Wulandari jajan es camper saha bakwan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa. • Jinis : Tembung sesulih purusa “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Fatik Dipunginakaken nalika Rudy badhe nraktir Wulandari.
			e) Regulatori	<p>“Neng ndesa kana kowe njamin ... gelem dadi ... bojoku ...”</p> <p>(DW/1987/kc.40/91)</p> <p>Konteks: Cruffy mangsuli Wulandari. Cruffy ngandharaken bilih piyambakipun kersa nyambut damel ing desa bilih Wulandari purun dados sesandhinganipun Cruffy.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa. • Jinis : Tembung sesulih purusa “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Regulatori Cruyff kersa nyambut damel ing desa, nanging Wulandari kedah dados garwanipun.
			f) Puitik	<p>“Aja susah ya, kowe ora dhewekan, dak kancani. Mengko yen mulih wisudan dak traktir menyang rumah makan Asih karo Enggar lan Sita.” (DW/1987.kc.38/81) Konteks: Hinaryanto lenggah ng sandhingipun Wulandari. Hinaryanto ngendhika bilih Wulandari boten piyambakan. Hinaryanto ugi ngendhika bilih mangke bibar wisuda badhe dipunajak dhahar sesarengan ing rumah makan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa. • Jinis : Tembung sesulih purusa “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Puitik Hinaryanto paring panyaruwe dhateng Wulandari.
		f. Adjektif Transposisional	a) Fatik	<p>“He-eh. Sugeng sare sayang...,” (DW/1987/kc.98/241) Konteks: Hinaryanto ing badhe medal kamaripun Wulandari ngucapaken sugeng sare kangge Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Sayang” menika kalebet tembung adjektif. • Jinis: Adjektif Transposisional “Sayang” menika tembung adjektif ingkang ngemu <i>transposisional</i>. • Fungsi: Fatik Hinaryanto badhe medal saking kamaripun Wulandari.
		g. Tembung nominal	a) Referensial	<p>“Maaf nona, aku mau rada sembrana...” kandhane karo nyedhak. (DW/1987/kc. 7/2) Konteks: Rudy ngampiri Wulandari. Rudy nyuwun pangapunten kaliyan Wulandari amargi sampun sembrono anggenipun nitih</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>motor ingkang nyebabakaken Wulandari badhe kesrempet.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Nona” kalebet tembung nominal • Jinis: Tembung Nominal “Nona”→ nyebat tiyang wadon. • Fungsi: Emotif Rudy nyuwun pangapuntèn amargi piyambakipun badhe nyrempret Wulandari.
			b) Regulatori	<p>“Lho, aja kesusu nesu Non, iki rak murih becik ta. Tinimbang atimu susah dilarani Rudy, apa salahe yen kanggo tambane njur nampa Hinar? Rudy ben ngerti yen wong lanang ora dheweke tho.”</p> <p>(DW/1987/kc.41/95)</p> <p>Konteks: Utami ingkang mireng wangsulanipun Wulandari, ngendhika supados boten salah paham rumiyin. Utami ngandharaken menapa boten langkung sae bilih piyambakipun bikak manahipun kangge Hinaryanto.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Non” kalebet tembung aran. • Jinis: Tembung Nominal “Non”→ nyebat tiyang wadon. • Fungsi: Regulatori “Non” dipunginakaken Utami nalika Wulandari nesu kaliyan piyambakipun.
		h. Pandamelan	a) Heuristik	<p>“Piye kahanane pasien-pasien, Sus?”</p> <p>(DW/1987/kc.69/162)</p> <p>Konteks: Wulandari ingkang nembe dugi ing griya sakit, nyuwun pirsu dhateng suster Endang bab kadospundi kahananipun kurban kacilakan.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Sus” menika kalebet tembung aran. • Jinis: Pandamelan “Sus”→ nyebat tiyang estri ingkang ngrumat tiyang sakit ing griya sakit. • Fungsi: Heuristik Wulandari nyuwun pirsu dhateng Suster Endang.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
2.	Frasa	a. Pase-dherekan (sanes awu) saha nama tiyang	a) Referensial	<p>“Watake Wulan kuwi angel kok Dhik Hien, aku dhewe sing suwe seduluran sok ora ngerti kekarepane. Ya Dhik Hien bae sing sabar lan aja gerah penggalih.” (DW/1987/kc.20-21/38) Konteks: Utami ingkang wicantenan kaliyan Hinaryanto, ngandharaken watakipun Wulandari. Utami paring saran supados Hinaryanto sabar ngadhepi watakipun Wulandari. sabar ngadhepi watakipun Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Dhik Hien” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Nama Tiyang “Dhik” → nyebat tiyang ingkang langkung enem. “Hien” → namanipun paraga • Fungsi: Referensial Utami ngandharaken sipatipun Wulandari.
			b) Puitik	<p>“Watake Wulan kuwi angel kok Dhik Hien, aku dhewe sing suwe seduluran sok ora ngerti kekarepane. Ya Dhik Hien bae sing sabar lan aja gerah penggalih.” (DW/1987/kc.20-21/38) Konteks: Utami ingkang wicantenan kaliyan Hinaryanto, ngandharaken watakipun Wulandari. Utami paring saran supados Hinaryanto sabar ngadhepi watakipun Wulandari. sabar ngadhepi watakipun Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Dhik Hien” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Nama Tiyang “Dhik” → nyebat tiyang ingkang langkung enem. “Hien” → namanipun paraga • Fungsi: Putik Utami paring panyaruwe dhateng Hinaryanto.
			c) Heuristik	<p>“Lha piye maneh Dhik, wong ya ora ngerti alangane wong. Yen Wulan mono dak kira ora arep mblenjani janji. Apa maneh dheweke</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<p>kuwi arang banget nonton film yen ora mbeneri acara istimewa. Coba yen ora Dhik Rudy sing ngajak, apa gelem?” (DW/1987/kc.23/52) Konteks: Utami ngandharaken mbokbilih Wulandari taksih kena macet dhateng Rudy. Utami ugi ngandharaken Wulandari kersa ningali. bioskop amargi Rudy ingkang ngejak Wulandari</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Dhik Rudy” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Nama Tiyang “Dhik”→ nyebat tiyang ingkang langkung enem. “Rudy”→ namanipun paraga • Fungsi: Heuristik Utami nyuwun pirsu dhateng Rudy.
			d) Fatik	<p>“Oh ..., Bu Sosro ...?! Mangga pinarak rumiyin, Bu ..” (DW/1987/kc.47/104) Konteks: Wulandari kaget amargi tengah wengi Bu Sosro wonten ing griyanipun Wulandari. Bu Sosro mlebet sasampunipun Wulandari minarakaken Bu Sosro.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung, Frasa “Bu Sosro” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, nama tiyang, “Bu”→ nyebat tiyang estri ingkang boten saking kulawarganipun. “Sosro”→ nama paraga. • Fungsi: Fatik Wulandari aruh-aruh Bu Sosro ingkang dolan ing griyanipun.
			e) Emotif	<p>“Ibu remen banget Nak Wulan kersa rawuh kene. Ayo padha lenggahan neng kana ngaso karo crita-cita...” (DW/1987/kc.95/234) Konteks: Ibunipun hinaryanto ngendhika dhateng Wulandari bilih piyambakipun ngraos bingah amargi Wulandari sampun kersa dolan ing griyanipun.</p>

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Nak Wulan” kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Nama tiyang “Nak” → nyebat Wulandari. “Wulan” → nama paraga. • Fungsi: Emotif Ibunipun Hinaryanto nedahaken raos pangraos bingah.
		b. Tembung nominal saha pangkat pendidikan	a) Konatif	<p>“Lenggaha sik ta Nona Dokter, sajake cuaca lagi mendhung ya?!” (DW/1987/kc.33/65)</p> <p>Konteks: Lukman ingkang kaget, amargi Wulandari dhateng ing rumah sakit anggenipun piyambakipun praktek. Lukman ingkang kaget nyuwun pirsu wonten perlu menapa dhateng Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Nona Dokter” menika kalebet wujuding frasa aran. • Jinis: Tembung Nominal, Pangkat Pendidikan “Nona” → nyebat tiyang wadon. “Dokter” → nyebat tiyang lulusan sekolah kedokteran ingkang dados dokter. • Fungsi: Konatif Lukman ngaken Wulandari supados lenggah rumiyin.
		c. Pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan	a) Fatik	<p>“Bu Dokter Wulan..., Bu Dokter...,” (DW/1987/kc.45/103)</p> <p>Konteks: Bocah-bocah ingkang kepanggih Wulandari, aruh-aruh piyambakipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: frasa “Bu Dokter” menika kadadosan saking kalih tembung. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Pangkat Pendidikan “Bu” → nyebat tiyang ingkang langkung sepuh “Dokter” → nyebat tiyang lulusan sekolah kedokteran ingkang dados dokter. • Fungsi: Fatik Bocah-bocah aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih piyambakipun.

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
		d. Pandamelan saha nama tiyang	a) Heuristik	<p>“Rumah sakit? O..., Suster Endang? Ana apa, suster?” (DW/1987/kc.69/160) Konteks: Wulandari ingkang wonten ing griya dipuntipun kaliyan Suster Endang saking griya sakit.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Suster Endang” kalebet frasa aran. • Jinis: Pandamelan, Nama tiyang “Suster”→ nyebat tiyang wadon ingkang lulusan saking sekolah <i>keperawatan</i>. “Endang”→ namanipun paraga. • Fungsi: Heuristik Wulandari nyuwun pirsu dhateng Suster Endang.
		e. Pasedherekan sanes awu saha pandamelan	a) Konatif	<p>“Pak mantri, pasien putri sing durum emut kae pindhahen neng kamar A banjur wenehana infus. Pasien nomor 12, 13, lan 14 menahana obat anti biotik lan ponstan yen awake panas. Anti biotike sedina kaping papat.” (DW/1987/kc.70/167) Konteks: Wulandari ngutus Mantri Ahamad supados ngurus sedaya kurban kacilakan adhedhasar andharan saking Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Pak Mantri” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Pandamelan “Pak”→ nyebat tiyang jaler ingkang sanes kulawarganipun. “Mantri”→ nyebat tiyang jaler ingkang mbiyantu dokter. • Fungsi: Konatif Wulandari ngandharaken menapa ingkang kedah dipunlampahi Mantri ahmad.
		f. Pasedherekan sanes awu, pangkat pendidikan, saha nama tiyang	a) Fatik	<p>“Bu Dokter Wulan..., Bu Dokter...” (DW/1987/kc.45/103) Konteks: Bocah-bocah ingkang kepanggih Wulandari, aruh-aruh piyambakipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: frasa “Bu Dokter Wulandari” menika kadadosan saking tigang tembung

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
				<ul style="list-style-type: none"> • Jinis: Pasedherekan sanes awu, Nama Tiyang, Pangkat Pendidikan “Bu”→ nyebat tiyang ingkang langkung sepuh “Dokter”→ nyebat tiyang lulusan sekolah kedokteran ingkang dados dokter. “Wulandari”→ nama paraga. • Fungsi: Fatik Bocah-bocah aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih piyambakipun.
		g. Pangkat Kebangsawanan <i>perluasan makna</i> saha nama tiyang	a) Fatik	“Woo, Den Hinar... Den Hinar rawuh...,” (DW/1987/kc.94/229) Konteks: Nalika Hinaryanto dugi griyanipun, tiyang wadon aruh-aruh Hinaryanto kanthi aweh salam. <ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Den Hinar” menika kadadosan saking kalih tembung. • Jinis: Pangkat Kebangsawanan perluasan makna, Nama Tiyang “Den”→ nyebat tiyang jaler ingkang boten gadhah keturunan bangsawan. “Hinar”→ nama paraga. • Fungsi: Fatik Sapa aruh menika dipunginakaken kangge miwiti wicantenan.

Katrangan tabel:

- 1 : Nomer urut *data*
 2 : Wujud sapa aruh
 3 : Jinis sapa aruh
 4 : *Fungsi* sapa aruh
 5 : Indikator
 (→) : dipunginakaken kangge

Saking tabel ing nginggil menika saged dipunmangretosi bilih sapa aruh ing salebeting novel Dokter Wulandari menika saged kapanggihaken kalih wujud sapa aruh inggih menika sapa aruh awujud tembung saha frasa. Menawi dipuntingali saking jinising sapa aruh, ing novel Dokter Wulandari menika saged kapanggihaken sanga jinis sapa aruh. Jinising sapa aruh ingkang kapanggihaken inggih menika (1) nama tiyang, (2) pasedherekan awu, (3) pasedherekan sanes awu, (4) pangkat

kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna*, (5) pangkat pendidikan, (6) tembung sesulih purusa, (7) adjektif tranposisional, (8) tembung nominal, saha (9) pandamelan.

Wondene *fungsi* sapa aruh ingkang kapanggihaken menika wonten pitu, inggih menika *fungsi fatik*, *fungsi emostif*, *fungsi konatif*, *fungsi referensial*, *fungsi puitik*, *fungsi regulatori*, saha *fungsi heuristik*. Pirembagan bab wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh saking tabel analisis ing nginggil menika badhe kaandharaken ing perangan pirembagan asiling panaliten.

B. Pirembagan Asiling Panaliten

Wonten ing bab menika badhe kaandharaken wujud, jinis, saha *fungsi* sapa aruh ingkang wonten ing salebeting Novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Pirembagan asiling panaliten menika kawiwitan saking wujud sapa aruh, kalajengaken jinis sapa aruh saha *fungsi* sapa aruh kanthi runtut. Asiling panaliten badhe kaandharaken ing ngandhap menika kanthi dipunjangkepi *data* ingkang dipunpendhet saking Novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Salebeting novel Dokter Wulandari saged dipunpanggihaken kalih wujud sapa aruh inggih menika sapa aruh awujud tembung saha sapa aruh awujud frasa. Ing ngandhap menika kapisanan badhe dipunandharaken sapa aruh awujud tembung kalajengaken sapa aruh awujud frasa.

1. Sapa Aruh Wujud Tembung

Sapa aruh wujud tembung inggih menika sapa aruh ingkang kadadosan saking setunggal tembung kemawon. Sapa aruh wujud tembung ingkang kapanggihaken ing novel Dokter Wulandari menika gadhah wolu jinis sapa aruh.

Jinising sapa aruh ingkang kapanggihaken saking sapa aruh awujud tembung wonten ing Novel Dokter Wulandari inggih menika nama tiyang, pasedherekan awu, pasedherekan sanes awu, pangkat pendidikan, tembung sesulih purusa, *adjektif transposisional*, tembung *nominal*, saha pandamelan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken sapa aruh awujud tembung ingkang dipunpantha adhedhasar jinis sapa aruh.

a. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising nama tiyang

Sapa aruh awujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh nama tiyang inggih menika sapa aruh awujud tembung saking namanipun tiyang ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi* sapa aruhipun. *Fungsi* sapa aruh ingkang kapanggihaken saking sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ing novel Dokter Wulandari inggih menika *fungsi referensial*, *heuristik*, *emotif*, *regulatori*, *fatik*, saha *puitik*. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang kaliyan *fungsi*-nipun menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih saking tiyang ingkang micara dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. *Fungsi referensial* menika ugi

saged kangge ngandharaken prakawis wonten ing lingkungan tiyang ingkang wicantenan. Wonten ngandhap menika badhe dipunandharaken *data* saking sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

- (1) *Konteks*: Pethikan ing ngandhap menika dipunturaken Utami kangge ngandharaken pamanggihpun bab katresnanipun Hinaryanto kangge Wulandari.

*“Nanging sajake Hinaryanto kuwi setiya banget karo kowe lho **Wul**,”
(DW/1987/kc.13/11)*

Data (1) kalebet sapa aruh amargi “Wul” ingkang wacahan saking Wulandari menika dipunginakaken Utami kangge nyebat Wulandari nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Wul” menika kalebet satunggaling wujud tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan wujud tembung ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud tembung asli inggih menika tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan dipunginakaken kangge ngaruhi tiyang sanes, tuladhanipun “Wul”. “Wul” ingkang wacahan saking Wulandari menika kalebet jinising tembung sapa aruh asli amargi nalika dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang dipunajak micara menika boten dipunparingi wuwuhan.

“Wul” menika satunggaling jinis sapa aruh nama tiyang. Suhardi (1985:36) ngandharaken bilih jinis sapa aruh nama tiyang menika dipunginakaken nalika tiyang ingkang micara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika sampun tepang saha raket. Tembung “Wul” menika kalebet jinis sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Wulandari ingkang sampun tepang kaliyan

piyambakipun. Tembung “Wul” ingkang wacahan saking “Wulandari” menika satunggaling nama paraga ing novel ingkang dipuncetak inggih menika Wulandari.

Sapa aruh wujud tembung “Wul” menika ngewrat *fungsi referensial*. Miturut Chaer saha Agustin (2014:18) *fungsi referensial* inggih menika dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggihipun tiyang ingkang micara. *Fungsi* sapa aruh saking tembung “Wul” menika ugi dipuntingali saking *konteks* nalika sapa aruh menika dipunginakaken. Adhedhasar *konteks* saking tuturan menika saged dipunandharaken bilih tembung “Wul” menika dipunginakaken Utami kangge ngandharaken pamanggihipun bab katresnanipun Hinaryanto kangge Wulandari. Utami ngandharaken pamanggihipun kados mekaten amargi saking patrapipun Hinaryanto ingkang setiya nresnani Wulandari senajan Wulandari nresnani tiyang sanes.

2) Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*

Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik* inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang dipunginakaken kangge nyuwun pirsu dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(2) *Konteks*: Tuturan ingkang ngandhap menika dipuntuturaken Wulandari kangge nyuwun pirsu dhateng Rudy ingkang sampun nengga Wulandari bibar kuliah.

“*Wis suwe Rud?*” *Wulan ndhisiki takon karo mesem manis.*
(DW/1987/kc.14/15)

Data (2) kalebet sapa aruh amargi “Rud” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Rudy nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Rud” ingkang wacahan saking Rudy menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. “Rud” ingkang wacahan saking Rudy menika bilih dipuntingali saking jinising tembung kalebet wujud tembung aran. Sasangka (2001:100) ngandharaken tembung aran menika saged dipunpantha dados kalih ingkang antawisipun tembung aran sukma. Tembung aran sukma inggih menika tembung aran ingkang kapanjangan nyawa. “Rud” menika namanipun paraga ing novel dados tembung “Rud” menika saged kalebet tembung aran sukma.

“Rud” ingkang wacahan saking “Rudy” menika kalebet jinising sapa aruh nama tiyang. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken bilih satunggaling jinis sapa aruh inggih menika nama tiyang. Tembung “Rud” menika satunggaling wacahan nama paraga ingkang wonten ing novel. Tembung “Rud” menika kalebet jinising sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Wulandari nalika wicantenan kaliyan piyambakipun kangge nyebat tiyang jaler ingkang sampun tepang kanthi nyebat namanipun.

Sapa aruh “Rud” ingkang kalebet wujud tembung kanthi jinis nama tiyang menika ngewrat *fungsi heuristik*. Soeparno (2013:22) bilih *fungsi heuristik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika nyuwun pirsa dhateng tiyang sanes. Jatmiko dkk (2017:372) ngandharaken bilih *fungsi heuristik* saking Halliday menika dipunginakaken kangge madosi informasi. Adhedhasar *konteks* saking tembung “Rud” menika saged dipunandharaken bilih “Rud” ing tuturan menika dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsa dhateng Rudy. Sapa aruh menika

dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsu menapa Rudy sampun dangu anggenipun nengga piyambakipun.

**3) Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat
*fungsi emotif***

Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi emotif* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraosipun tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi emotif*.

(3) *Konteks*: Pethikan ing ngandhap menika nedahaken raos pangraosipun Wulandari ingkang getun amargi kesesa anggenipun nresnani Rudy.

“Pancen luputku Luk, deng aku kesusu nresnani Rudy tanpa luwih dhisik ngerti kahanane kulawargane.”
(DW/1987/kc.34/74)

Data (3) kalebet sapa aruh amargi “Luk” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Lukman nalika wicantenan. “Luk” menika kalebu sapa aruh awujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung ingkang dipuncetak. Suhardi (1985:24) ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan wujud tembung ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh awujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan. Tembung “Luk” menika kalebu sapa aruh wujud asli amargi nalika tembung menika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Jinising sapa aruh ingkang kapanggihaken ing *data* (3) inggih menika nama tiyang. Suhardi (1985:36) ngandharaken bilih jinis sapa aruh nama tiyang menika dipunginakaken kangge ngaruhi utawi nyebat tiyang ingkang sampun dipuntepang. Tembung “Luk” ing ukara menika kalebu jinis sapa aruh nama tiyang amrgi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Lukman, tiyang jaler ingkang sampun dipuntepang piyambakipun. Tembung “Luk” ingkang wacahan saking Lukman menika satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Wondene *fungsi* saking sapa aruh saking “Luk” ing ukara menika ngewrat *fungsi emotif*. *Fungsi emotif* inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara (Chaer saha Agustin, 2014:15). Sapa aruh wujud tembung “Luk” menika kalebu *fungsi emotif* amargi dipunginakaken Wulandari kangge nedahaken raos pangraos getun. Sapa aruh menika dipunginakaken Ing ukara menika Wulandari nalika wicantenan kaliyan Lukman nedahaken raos getun amargi piyambakipun kesesa nresnani Rudy tanpa madosi *informasi* bab tiyang sepuhipun Rudy.

4) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi regulatori*

Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi regulatori* inggih menika tembung sapa aruh kanthi jinis nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge ngontrol satunggaling prastawa. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi regulatori*.

(4) *Konteks*: Pethikan tuturan ing ngadhap menika dipuntuturaken kaliyan Cruyff ingkang saguh dipunajak nyambut damel ing desa kaliyan Wulandari.

Ananging Cruyff paring syarat kangge Wulandari bilih piyambakipun kersa nyambut damel ing desa.

“*Aku gelem, **Wulan**, anggere ana garansine.*”
(DW/1987/kc.40/90)

Data (4) kalebet sapa aruh amargi “Wulan” menika dipunginakaken Cruyff kangge nyebat Wulandari nalika wicantenan. Suhardi (1985:24) ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika dipunpantha dados sekawan ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud tembung asli menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingksng dipunajak micara. Tembung “Wulan” menika kalebu wujud sapa aruh tembung asli amargi nalika dipunginakaken Cruyff kangge nyebat Wulandari menika boten dipunparingi wuwuhan.

Suhardi (1985:34) ngandharaken bilih sapa aruh jinis nama tiyang menika dipunginakaken kangge ngaruhi utawi nyebat tiyang ingkang sampun tepang kaliyan pamicara. Tembung “Wulan” menika kalebu jinising sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Cruyff kangge ngaruhi Wulandari kancanipun ing kampus. Tembung “Wulan” ingkang wacahan saking Wulandari menika satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel

Sapa aruh kanthi jinis nama tiyang “Wulan” menika ngewrat *fungsi regulatori*. Jatmiko (2017:362) ngandharaken bilih *fungsi regulatori* inggih menika nalika basa dipunginakaken kangge ngontrol tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh “Wulan” menika kalebet *fungsi regulatori* amargi dipunginakaken Cruyff nalika mangsuli pitakenanipun Wulandari. Cruyff ngendhika bilih piyambakipun kersa nyambut damel ing desa nanging wonten syaratipun. Cruyff

paring syarat supados Wulandari kersa dados sesandhinganipun bilih kersa nyambut damel sareng kaliyan Wulandari ing desa.

5) Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken wicantenan (Nurweni, 2010:62-63). Tuladhanipun *data* ingkang kalebet sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang saha ngewrat *fungsi fatik* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- (5) *Konteks*: Pethikan tuturan ingkang ngandhap menika dipuntuturan Wulandari nalika pamit kaliyan Lukma. Wulandari ngendhika bilih menika sedaya sampun cekap kangge mangsuli pitakenanipun. Wulandari ugi nyuwun tulung supados ngandharaken bab menika dhateng Rudy.

*“dak kira katranganmu wis cukup **Luk**, aku nyuwun pamit. Matur nuwun marang kabeh katrangmu. Yen ketemu Rudy tulung kandhakna kabeh omonganku iki.” (DW/1987/kc.35/77)*

Data (5) kalebet sapa aruh amargi “Luk” menika dipunginakaken nalika Wulandari kangge nyebat Lukman nalika wicantenan. “Luk” menika kalebet wujuding tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan wujud tembung ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud tembung asli menika tembung sapa aruh ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Luk” boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Lukman.

Kridalaksana (1987:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebet jinising sapa aruh. Tembung “Luk” kalebet jinising sapa aruh nama tiyang amargi “Luk” menika satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel menika. Tembung “Luk” menika wacahan saking namanipun Lukman ingkang dipunginakaken kangge nyebat Lukman.

Wondene tembung “Luk” ing tuturan menika ngewrat *fungsi fatik* ingkang saged katingal saking *konteks* tuturan menika. Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika ugi saged dipunpanggihaken nalika basa menika dipunginakaken kangge nyuwun pamit dhateng tiyang sanes. Sapa aruh “Luk” ing tuturan menika ngewrat *fungsi fatik* amargi “Luk” dipunginakaken Wulandari nalika badhe pamit dhateng Lukman.

6) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang dipunginakaken tiyang ingkang micara kangge paring panyaruwe utawi pesen dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik*.

- (6) *Konteks*: Pethikan ing ngandhap menika ngandharaken Lukman ingkang paring panyaruwe kangge Wulandari supados boten mikiraken ingkang boten wigati. Lukman ingkang mangertos bilih Wulandari badhe ujian, ngaken Wulandari supados focus kaliyan ujianipun amargi piyambakipun kuliah pikantuk beasiswa.

“Ah Wul, aja kok piker jero. Kowe rak arep ujian ta? Sing perlu pasinaonmu dhisik, aja nganti mung jalaran katresnan banjur buyar

kabeh. Kowe dhewe sing rugi, dudu Rudy apa kulawargane. Mangka kowe oleh besasiswa. Yen nganti gagal apa ora eman? Anggepen iki sawijining ujian mental.”

(DW/1987/kc.35/75)

Data (6) kalebet sapa aruh amargi “Wul” menika dipunginakaken Lukman kangge nyebat Wulandari nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Wul” menika kalebet satunggaling sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharaken bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan wujud tembung ingkang antawisipun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud tembung asli menika tembung sapa aruh ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Wul” ingkang wacahan saking namanipun “Wulandari” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken menika boten dippunparingi wuwuhan.

Kridalaksana (1978: 14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebu jinising sapa aruh. Tembung “Wul” kalebet sapa aruh jinis nama tiyang amargi “Wul” menika satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari. Tembung “Wul” ingkang wacahan saking tembung Wulandari menika dipunginakaken Lukman kangge nyebat Wulandari nalika wicantenan.

Sapa aruh “Wul” ingkang kalebet jinising sapa aruh nama tiyang menika ngewrat *fungsi puitik*. Soeparno (2013:18) ngandharaken *fungsi puitik* menika saged dippuntingali nalika basa dipunginakaken tiyang ingkang micara paring panyaruwe dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh “Wul” ing ukara menika ngewrat *fungsi puitik* amargi dipunginakaken Lukman nalika paring

panyaruwe dhateng Wulandari Lukman paring panyaruwe supados bab Rudy ingkang nilar Wulandari menika boten dados pikiranipun Wulandari.

b. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising pasedherekan ingkang awu

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh pasedherekan awu inggih menika wujud tembung sapa aruh saking pasedherakan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang ingkang saking kulawarganipun. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan awu ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi* sapa aruhipun. *Fungsi* sapa aruh ingkang kapanggihaken saking sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ing novel Dokter Wulandari inggih menika *fungsi heuristik, referensial, saha emotif*. Sapa aruh kanthi jinis pasedherekan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi heuristik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi heuristik* inggih menika tembung sapa aruh kanthi jinis pasedherekan ingkang dipunginakaken kangge kangge nyuwun pirsa dhateng kulawarganipun. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(7) *Konteks*: Tuturan menika dipuntuturaken Wulandari nalika nyuwun pirsu dhateng ibunipun. Wulandari nyuwun pirsu bapakipun tindak ing pundi, amargi bapakipun boten ketingal ing griya.

“Bapak kok ora katon ta **Bu**, tindak ngendi?”

(DW/1987/kc.82/211)

Data (7) kalebet sapa aruh amargi “Bu” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyabat ibunipun nalika wicantenan. “Bu” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Bu” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih sapa aruh jinis pasedherekan menika dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat kulawarganipun. Nuhayati (2008:141) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan menika dipunbedakaken malih. Sapa aruh “Bu” ing tuturan menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan ingkang awu. “Bu” menika kalebet jinis pasedherekan ingkang awu amargi dipunginakaken Wulandari nalika nyebat ibunipun. Ing ukara menika Wulandari nyebat ibunipun kanthi tembung ibu ingkang dipuncetak dados “Bu”.

Sapa aruh “Bu” ingkang kalebet jinis pasedherekan ing tuturan menika ngewrat *fungsi heuristik*. Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristic* inggih menika nalika basa dipunginakaken kangge nyuwun irsa dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh “Bu” menika kalebet *fungsi heuristic* amargi

dipunginakaken Wulandaari kangge nyuwun pirsu dhateng ibunipun. Wondene Jatmiko dkk (2017:372) ngandharaken bilih *fungsi heuristik* saking Halliday menika dipunginakaken kangge madosi informasi. Sapa aruh menika dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsu menapa bapakipun saweg tindakan amargi bapakipun menika boten ketingal wonten ing griya.

2) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi referensial* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggihipun dhateng kulawarganipun ingkang dipunajak micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

- (8) *Konteks*: Ing tuturan menika Wulandari ngandharaken bilih piyambakipun ugi kapengin ngabekti marang Pak Puguh. Wulandari ngandharaken bilih piyambakipun boten mangretos menapa luputipun ingkang nyebabaken Pak puguh boten remen.

“Aku rak ora duwe kaluputan apa-apa ta karo bapak? Jane aku ya kepengin ngabekti marang bapak nadyan bapakku kuwalon. Nanging geneya bapak plengas-plengos lan ora remen yen dak cedhaki? Aku ora ngerti Bu, apa sejatine luputku.”

(DW/1987/kc. 82/213)

Data (8) kalebet sapa aruh amargi “Bu” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat ibunipun nalika wicantenan. “Bu” menika kalebet tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli

inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Bu” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan menika dipunginakaken kangge nyebat kulawarganipun. Kridalaksana (1978:14) nyebataken tuladha jinis sapa aruh pasedherekan ingkang awu kadosta ibu, paktihe, saha budhe. Tembung “Bu” ingkang wacahan saking “Ibu” ing ukara menika kalebu jinis sapa aruh nama pasedherekan ingkang awu amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat ibunipun nalika wicantenan kaliyan ibunipun.

Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi referensial* inggih menika nalika basa dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih saking tiyang ingkang micara. Wondene Soeparno (2013:18) ngandharaken bilih *fungsi referensial* menika ugi dipunginakaken nalika ngandharaken prakawis saha madosi cara kangge ngrampungaken satunggaling prakawis. Sapa aruh “Bu” ing tuturan menika ngewrat *fungsi referensial* amargi dipunginakaken Wulandari kangge ngandharaken pamanggihipun. Wulandari ngendhika bilih piyambakipun boten mangretos kenging menapa Pak Puguh menika boten remen kaliyan piyambakipun.

3) Sapa aruh awujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi emotif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang awu ngewrat *fungsi emotif* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang

micara. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan ingkang ngewrat *fungsi emotif*.

(9) *Konteks*: Ing tuturan menika Wulandari ngendhika bilih sejatosipun piyambakipun boten mangretos bab menika. Ananging menapa Wulandari kedah nanggung lepat menika. Wulandari bingung kaliyan sikap bapakipun dhateng piyambakipun.

“Nanging sejatine aku rak ora ngerti apa-apa ta Bu, geneya kudu melu nanggung dosane Bapak?”
(DW/1987/kc. 86/218)

Data (9) kalebet sapa aruh amargi “Bu” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat ibunipun nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. Ing wiwitanipun “Bu” menika dipunserat ngginakaken aksara *kapital*. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Bu” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Sapa aruh “Bu” ing tuturan menika kalebet jinising sapa aruh pasedherekan. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan menika dipunginakaken kangge nyebat kulawarganipun. Nurhayati (2008:141) ngandharaken bilh sapa aruh jnis pasedherekan menika dipunpantha malih. Adhedhasar andharanipun Nurhayati (2008:141) embung “Bu” ingkang wacahan saking “Ibu” ing tuturan menika kalebet sapa aruh jinis nama pasedherekan ingkang awu amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat ibunipun.

Chaer saha Agustin (2014:15) ngandharaken bilih *fungsi emotif* inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos tiyang

ingkang micara kanthi cara ngedalaken raos pangraosipun saking tuturanipun. Sapa aruh“Bu” ing ukara menika ngewrat *fungsi emotif* amargi dipunginakaken Wulandari kangge nedahaken raos pangraos ingkang bingung amargi sikap saking bapakipun. Wulandari bingung kenging menapa piyambakipun kedah nanggung dosa saking bapakipun.

c. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising pasedherekan sanes awu

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising pasedherekan sanes menika dipunginakaken kangge dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang ingkang boten wonten sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Sapa aruh kanthi jinis pasedherekan sanes awu ing novel menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi sapa aruhipun inggih menika fungsi heuristik, emotif, referensial, konatif, fatik, saha regulatori*. Sapa aruh kanthi jinis pasedherekan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi heuristik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi heuristik* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu, dipunginakaken kangge nyuwun pirsa dhateng tiyang ingkang boten sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

- (10) *Konteks*: Ukara menika dipuntuturaken Wulandari ingkang mriksa pasien nyuwun pirsu dhateng Mantri Ahmad sinten ingkang beta kurban dhateng griya sakit.

“*Sapa sing ngawa mreng mau, Pak?*”
(DW/1987/kc.70/164)

Data (10) kalebet sapa aruh amargi “Pak” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Pak Mantru Ahmad nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Pak” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Kridalaksana (1978:14) nyebataken tuladha sapa aruh kanthi jinis pasedherekan ingkang awu antawispun inggih menika tembung “Bapak”. Tembung “Pak” ingkang wacahan saking tembung “Bapak” ing ukara menika kalebu jinising sapa aruh nama pasedherekan awu . Wondene Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan menika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang boten gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Ing ukara menika sapa aruh “Pak” kalebu jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Mantri Ahmad ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan Wulandari.

Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristic* inggih menika nalika basa dipunginakaken kangge nyuwun irsa dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Tembung “Pak” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristic* amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsu dhateng Manttri Ahmad. Wulandari nyuwun pirsu dhateng Mantri Ahmad sinten ingkang bekta kurban kacilakan menika dhateng griya sakit.

2) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi emotif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi emotif* inggih menika dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara dhateng tiyang ingkang sanes kulawarganipun. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi emotif*.

(11) *Konteks*: Ing tuturan menika Hinaryanto ngandharaken bilih piyambakipun boten serik kaliyan sipatipun Wulandari. Hinaryanto ndherek bingah kaliyan prestanipun Wulandari.

“Ora kok **Mbak**, aku ora serik. Wulan bocah apik. Aku eram banget marang prestasine...”
(DW/1987/kc.21/39)

Data (11) kalebet sapa aruh amargi “Mbak” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Utami nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. Sapa aruh “Mbak” menika kalebet wujud tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung

ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Mbak” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Sapa aruh “Mbak” ing tuturan menika kalebet jinis pasedherekan sanes awu. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan samenika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Sapa aruh “Mbak” menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge aruh-aruh Utami ingkang boten gadhah sesambungan kulawarga kaliyan piyambakipun. Tembung “Mbak” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge aruh-aruh Utami ingkang yuswanipun langkung sepuh tinimbang piyambakipun.

Tembung “Mbak” ing tuturan menika ngewrat *fungsi emotif*. Adhedhasar andharanipun Chaer saha Agustin (2014:15) ngandharaken bilih *fungsi emotif* menika saged dipuntingali nalika basa dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara. Sapa aruh “mbak” menika ngewrat *fungsi emotif* amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge nedahaken raos pangraosipun kanthi cara ngedalaken raos pangraosipun saking tuturanipun. Hinaryanto ngendhika bilih piyambakipun menika boten serik kaliyan sikapipun Wulandari dhateng piyambakipun.

3) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud tembung jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi referensial* inggih menika dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* wujud sapa aruh wujud tembung jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

- (12) *Konteks*: ing tuturan menika Bu Sosro paring *informasi* bilih putranipun Bu Sumarni boten sios dipunangkat dados putranipun amargi garwanipun boten sarujuk

“Sejatinipun dheweke ora sida dak pek anak kok Jeng. Jalaran bapake ora setuju. Dadi ya njur dak openi kaya bocah panti liyane kae...”

(DW/1987/kc.79/201)

Data (12) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Bu Sosro kangge nyebat Bu Sumarni nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Jeng” menika wacahan saking “diajeng” ingkang kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Jeng” kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika tembung menika dipunginakaken boten wonten wuwuhanipun.

Sapa aruh “Jeng” menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan. Ananging ing ukara menika tembung “jeng” menika sampun ngemu *perluasan makna*. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan

samenika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Ing tuturan menika tembung “Jeng” kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Bu sosro kangge aruh-aruh Bu Sumarni ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Sapa aruh wujud tembung “Jeng” kanthi jinis nama pasedherekan *perluasan makna* ing ukara menika ngewrat *fungsi referensial*. A Nurweni (2010:62) ugi ngandharaken bilih *fungsi* referensial menika dipunginakaken kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten ing *lingkungan* tiyang ingkang wicantenan. dhedhasar andharanipun Sapa aruh “Jeng” ing ukara menika dipunginakaken kangge ngandharaken Bu Sosro kangge ngandharaken satunggaling prakawis. Bu Sosro ngandharaken bilih putranipun Bu sumarni ingkang dipuntitipaken ing panti asuhan menika boten sios dipunpundgut putra. Bu Sosro ugi ngandharaken pawadanipun bilih garwanipun menika boten sarujuk bilih putranipun Bu Sumarni menika dipunpundhut putra.

4) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi konatif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi konatif* menika dipunginakaken kangge ngaken tiyang sanes nindakaken satunggaling prakawis. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* ingkang ngewrat sapa aruh wujud tembung jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi konatif*.

(13) *Konteks*: ing tuturan menika nedahaken Hinaryanto nitipaken kado kangge Wulandari. Hinaryanto ugi ngendhika supados Utami maringaken kadonipun dhateng Wulandari.

“Aku mung titip kado iki, wenehna Wulan, ya Mbak. Yen ora repot, suk malem minggu aku dak mrene maneh.”

(DW/1987/kc.22/46)

Data (13) kalebet sapa aruh amargi “Mbak” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Utami nalika pawicantenan. “Mbak” menika wujudipun tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Mbak” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Sapa aruh “Mbak” ing tuturan menika kalebet jinis pasedherekan sanes awu. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken bilih nama pasedherekan menika kalebet jinising sapa aruh. Wondene Suhardi (1985:40), ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan samenika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Sapa aruh “Mbak” menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge aruh-aruh Utami ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Sapa aruh wujud tembung jinis nama pasedherekan ing tuturan menika ngewrat *fungsi konatif*. Soeparno (2013:19) ngandharaken bilih *fungsi konatif* menika dipunginakaken tiyang ingkang micara kangge nyuwun tiyang ingkang

dipunajak micara nindakaken menapa ingkang dipundhawuhaken. Sapa aruh “mbak” ing tuturan menika menika ngewrat *fungsi konatif* amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge nyuwun tulung dhateng Utami. Hinaryanto ingkang nitipaken kado dhateng Utami menika ngendhika supados Utami maringaken kadonipun dhateng Wulandari.

5) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi fatik* menika dipunginakaken kangge njagi sesambungan kaliyan tiyang sanes. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* tembung sapa aruh jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi fatik*.

(14) *Konteks*: Ing tuturan menika ngandharaken Bu Sosro ingkang kaget amargi Bu Sumarni menika Bu sumarni, ibunipun Wulandari. Bu Sosro lajeng nyuwun pirsu kadospundi kabaripun Bu Sumarni.

“Piye kabare, Jeng, rak ya padha wilujeng ta?”
(DW/1987/kc.78/196)

Data (14) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Bu Sosro kangge nyebat Bu Sumarni nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Jeng” menika wacahan saking “diajeng” ingkang kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Jeng” kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika tembung menika dipunginakaken boten wonten wuwuhanipun.

Sapa aruh “Jeng” menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan. Ananging ing ukara menika tembung “jeng” menika dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang boten wonten sesambungan kulawarga. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan samenika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Ing tuturan menika tembung “Jeng” kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Bu sosro kangge aruh-aruh Bu Sumarni ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Sapa aruh “jeng” kanthi jinis nama pasedherekan ingkang ngemu *perluasan makna* ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik*. Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika dipunginakaken nalika kepanggih tiyang sanes, nyuwun pamit, utawi nyuwun pirsu kadospundi kabar saking tiyang sanes. Sapa aruh “jeng” menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipunginakaken nalika sesambungan kaliyan tiyang sanes. Tembung “Jeng” ing tuturan menika dipunginakaken Bu Sosro nyuwun pirsu kadospundi kabaripun Bu Sumarni. Bu Sosro nyuwun pirsu bab kabaripun Bu Sumarni amargi sampun dangu boten kepanggih kaliyan Bu Sumarni.

6) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi regulatori*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi regulatori* menika dipunginakaken kangge ngontrol satunggaling

prastawa. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu ingkang ngewrat *fungsi regulatori* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(15) *Konteks*: Hinaryanto boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Wulandari ingkang dipunandharaken kaliyan Utami. Hinaryanto ngandharaken bilih kulawarganipun boten mbedak-bedakaken tiyang kangge sesambungan.

“Ah, kuwi mung gegambarane Wulan dhewe Mbak. Aku lan kulawargaku ora tau mbedakake sapa dheweke lan saka ngendi asale. Kabare dheweke saiki sesambungan raket karo Rudy, cah Kedokteran Gigi ya?”

(DW/1987/kc.21/43)

Data (15) kalebet sapa aruh amargi “Mbak” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Utami nalika pawicantenan. “Mbak” menika wujudipun tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Mbak” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Sapa aruh “Mbak” ing tuturan menika kalebet jinis pasedherekan sanes awu. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken bilih nama pasedherekan menika kalebet jinising sapa aruh. Wondene Suhardi (1985:40), ngandharaken bilih jinis sapa aruh pasedherekan samenika saged dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Sapa aruh “Mbak” menika kalebet jinising sapa aruh nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge aruh-aruh Utami ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Sapa aruh “Mbak” ing ukara menka ngewrat *fungsi regulatori*. Soeparno (2013:22) paring tuladha saking *fungsi regulatori* inggih menika salebeting pasarujukan utawi ngandharaken bab ingkang boten sarujuk. Sapa aruh “Mbak” ing tuturan menika ngewrat *fungsi regulatori* amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge ngandharaken bilih piyambakipun boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Wulandari. Hinaryanto ngandharaken bilih pamanggihipun Wulandari namung gegambaripun piyambak tanpa mangretos kadospundi kasunyatanipun.

d. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising pangkat pendidikan

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika wujud tembung sapa aruh saking pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Suhardi (1985:49) ngandharaken bilih sapa aruh jinis pangkat pendidikan menika namung wonten setunggal inggih menika dokter. Sapa aruh kanthi jinis pangkat pendidikan ing novel menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi* sapa aruhipun inggih menika *fungsi referensial* saha *konatif*. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* tembung sapa aruh kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi referensial* saha *fungsi konatif*.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi referensial* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken kawontenan ingkang wonten ing *lingkungan* nalika pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe

kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

- (16) *Konteks*: Ing tuturan menika Suster Endang ngandharaken sedaya kawontenanipun kurban kacilakan kanthi lengkap dhateng Wulandari.

“Inkang sekawan tatu entheng, Dokter. Inkang kalih radi awrat. Wonten kurban putri setunggal taksih dereng emut.”
(DW/1987/kc.69/163)

Data (16) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Suster Endang nalika nyebat Wulandari ing pawicantenan. Sasangka (2001:100) ngandharaken bilih tembung aran menika saged dipunpantha dados kalih inggih menika tembung aran sukma saha tembung aran tan sukma. Tembung aran sukma inggih menika tembung ingkang saged kapanjangan nyawa, wondene tembung aran tan sukma inggih menika tembung ingkang boten saged kapanjangan nyawa. Tembung “Dokter” ing ukara menika kalebet tembung aran sukma amargi tembung dokter menika dipunginakaken kangge nyebat Wulandari ingkang kapanjangan nyawa.

Sapa aruh wujud tembung “dokter” menika kalebet jinising sapa aruh ingkang pangkat pendidikan. Suhardi (1985:52) ngandharaken bilih namung wonten setunggal tembung kemawon ingkang kalebet jinising sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika dokter. Sapa aruh “Dokter” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang lulusan saking sekolah kedokteran ingkang lulusanipun dados dokter. Tembung “Dokter” ing ukara menika dipunginakaken Suster Endang kangge nyebat Wulandari nalika ing griya sakit.

Tembung “dokter” kanthi jinis pangkat pendidikan ing ukara menika ngewrat *fungsi referensial*. Nurweni (2010:62) ngandharaken bilih *fungsi*

referensial menika dipunginakaken kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten ing *lingkungan* tiyang ingkang wicantenan. Sapa aruh “dokter” menika ngewrat *fungsi* referensial amargi dipunginakaken Suster Endang kangge ngandharaken kawontenan ing griya sakit. Suster Endang ngandharaken kawontenan saking kurban kacilakan ingkang dipunbekta ing griya sakit dhateng Wulandari.

2) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge ngaken tiyang ingkang dipunajak micara nindakaken satunggaling prakawis. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif*.

(17) *Konteks*: Ing ukara menika Suster Endang ngandharaken dhateng Wulandari wonten pasien kurban kacilakan saha ngaturi Wulandari supados tindak ing griya sakit.

*“Dipun aturi enggal tindak griya sakit, **Dokter**, samangke. Wonten kurban kacilakan. Pasien ingkang nandhang tatu wonten enem.”.*
(DW/1987/kc.69/161)

Data (17) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Suster Endang nalika nyebat Wulandari ing pawicantenan. Dokter menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:100) ngandharaken bilih tembung aran menika saged dipunpantha dados kalih inggih menika tembung aran sukma saha tembung aran tan sukma. Tembung

aran sukma inggih menika tembung ingkang saged kapanjangan nyawa, wondene tembung aran tan sukma inggih menika tembung ingkang boten saged kapanjangan nyawa. Tembung “Dokter” ing ukara menika kalebet tembung aran sukma amargi tembung dokter menika dipunginakaken kangge nyebat Wulandari ingkang kapanjangan nyawa.

Sapa aruh wujud tembung “dokter” menika kalebet jinising sapa aruh ingkang pangkat pendidikan. Suhardi (1985:52) ngandharaken bilih namung wonten setunggal tembung kemawon ingkang kalebet jinising sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika dokter. Sapa aruh “Dokter” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang lulusan saking sekolah kedokteran ingkang lulusanipun dados dokter. Tembung “Dokter” ing ukara menika dipunginakaken Suster Endang kangge nyebat Wulandari nalika ing griya sakit.

Tembung “Dokter” menika ing ukara menika ngewrat *fungsi konatif*. Soeparno (2013:19) ngandharaken bilih *fungsi konatif* menika dipunginakaken kagge nyuwun tiyang sanes nindakaken menapa kemawon ingkang dipundhawahaken kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Dokter” ing tuturan menika ngewrat *fungsi konatif* ingkang dipunginakaken Suster Endang nalika tilpun Wulandari. Suster Endang ingkang tilpun Wulandari ngendhika supados Wulandari enggal tindak griya sakit amargi wonten pasien kurban kacilakan. Suster Endang ugi ngandharaken cacahipun kurban kacilakan ing griya sakit.

e. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising tembung sesulih purusa

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh tembung sesulih purusa inggih menika sapa aruh wujud tembung saking tembung sesulih purusa

ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih purusa inggih menika tembung ingkang dipunginakaken kangge sesulhipun saking tiyang ingkang micara. Sapa aruh kanthi jinis tembung sesulih purusa ing novel menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi* sapa aruhipun inggih menika *fungsi emotif, heuristik, referensial, fatik, regulatori, saha puitik*. Sapa aruh kanthi jinis tembung sesulih purusa kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi emotif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi emotif* inggih menika Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih ingkang dipunginakaken kangge nedahaken rao pangraos saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi emotif*.

(18) *Konteks*: Ing tuturan menika Wulandari mangkel amargi kaget badhe dipunsrempet motor. Wulandari namung saged muni-muni amargi boten tepang kaliyan tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun.

*“Asem kowe ya!” batine Wulandari misuh-misuh.
(DW/1987/kc.7/1)*

Data (18) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun. “Kowe” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa

kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung “kowe” menika ing ukara menika dipunginakaken kangge sesulih saking satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Tembung “kowe” menika kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken tembung sesulih menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhahipun tembung kowe saha panjenengan. Adhedhasar andharanipun Kridalaksana menika tembung “kowe” kalebet satunggaling jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih menika saged dipunpantha dados enem, ingkang antawisipun tembung sesulih purusa. Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa amargi “kowe” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyebat tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun.

Sapa aruh “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi emotif*. Chaer saha Agustin (2014:15) ngandharaken bilih *fungsi emotif* inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken tiyang ingkang micara kangge nedahaken raos pangraosipun. Tembung “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi emotif* amargi dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraosipun Wulandari. Wulandari nedahaken raos pangraos mangkel kangge tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun nalika mlampah ing plataranipun kampus. Wulandari ingkang boten tepang kaliyan tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun namung saged muni-muni.

2) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi heuristik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi heuristik* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang dipunginakaken kangge nyuwun pirsu dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(19) *Konteks*: Ing ukara menika nedahaken Utami ingkang nyuwun pirsu dhateng Wulandari, menapa piyambakipun sampun nate dolan ing griyanipun Rudy.

“Kowe wis tau dolan nyang omahe Rudy?”
(DW/1987/kc.12/7)

Data (19) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Wulandari nalika pawicatenan kaliyan piyambakipun. “Kowe” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung “kowe” menika ing ukara menika dipunginakaken kangge sesulih saking satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Tembung “kowe” menika kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken tembung sesulih menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung kowe saha panjenengan. Adhedhasar andharanipun Kridalaksana menika tembung “kowe” kalebet satunggaling jinis

sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih menika saged dipunpantha dados enem, ingkang antawisipun tembung sesulih purusa. Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa amargi “kowe” menika dipunginakaken Utami kangge nyebat Wulandari.

Sapa aruh “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristik*. Halliday ing salebeting Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristik* menika saged kapanggihaken nalika dipunginakaken kangge nyuwun pirsu dhateng tiyang sanes. Sapa aruh “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristik* amargi sapa aruh menika dipunginakaken Utami kangge nyuwun pirsu dhateng Wulandari. Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari menapa piyambakipun sampun nate dolan ing griyanipun Rudy.

3) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi referensial* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten ing *lingkungan* tiyang ingkang wicantenan. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* tembung sapa aruh kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

(20) *Konteks*: Ukara menika nedahaken wicantenan antawisipun ibunipun Hinaryanto kaliyan Hinaryanto saha Wulandari. Ibunipun Hinaryanto nyariosaken bilih Hinaryanto asring nyariosaken Wulandari.

“*Hinar kerep banget nyritakake sliramu. Malah sing dirembug saben tilik mreng ya mung sliramu bae..., ora ana liyane maneh...*”

(DW/1987/kc. 95/235)

Data (20) kalebet sapa aruh amargi sapa aruh “sliramu” menika dipunginakaken ibunipun Hinaryanto kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. “Sliramu” menika kalebet jinising tembung sesulih amargi dipunginakaken minangka sesulih namanipun tiyang sanes.

Tembung “Sliramu” menika sami kaliyan tembung “kowe” (Tim BBY, 2011:673). Adhedhasar menika tembung “sliramu” kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:109) ugi ngandharaken bilih tembung sesulih purusa menika kapantha dados tiga, ingkang antawisipun madyama purusa. Madyama purusa menika minangka gantosipun tiyang kapindho, tuladhanipun kowe, sampeyan saha panjenengan. Tembung “Sliramu” menika kalebet jinis tembung sesulih purusa amargi tembung “Sliramu” sesulih saking namanipun Wulandari ingkang dipunginakaken ibunipun Hinaryanto kangge nyebat Wulandari.

Tembung “sliramu” ing ukara menika ngewrat *fungsi referensial*. Nurweni (2010:62) ngandharaken bilih *fungsi referensial* menika kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten ng *lingkungan* tiyang ingkang micara. Tembung “sliramu” menika ngewrat *fungsi referensial* amargi Ibunipun Hinaryanto nyariosaken kadospundi Hinaryanto nalika wangsul ing Surabaya. Ibunipun Hinaryanto ngendika bilih saben Hinaryanto wangsul menika namung nyariosaken Wulandari kemawon.

4) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang dipunginakaken kangge njagi sesambungan kaliyan tiyang sanes. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* tembung sapa aruh kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi fatik*.

(21) *Konteks*: Ing ukara menika Rudy ngendika bilih piyambakipun badhe nraktir Wulan jajan es camper saha bakwan.

“O, iya Wulan, awan iki aku arep nraktir kowe jajan neng depot Lezat prapatan kono kuwi. Jarene es campur lan bakwane enak.”
Wulan rada kaget.
(DW/1987/kc.15/18)

Data (21) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Rudy kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. “Kowe” menika kalebet wujud tembung sapa aruh amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung “kowe” menika ing ukara menika dipunginakaken kangge sesulih saking satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Tembung “kowe” menika kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken tembung sesulih menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung kowe saha panjenengan. Adhedhasar andharanipun Kridalaksana menika tembung “kowe” kalebet satunggaling jinis

sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih menika saged dipunpantha dados enem, ingkang antawisipun tembung sesulih purusa. Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa amargi “kowe” menika dipunginakaken Rudy kangge nyebat Wulandari.

Sapa aruh “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik*. Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika dipunginakaken nalika sesambungan kaliyan tiyang sanes kadosta kangge njagi sesambungan kaliyan tiyang sanes. Tembung “kowe” ingkang ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi nedahaken caranipun Rudy kangge njagi kekancanipun kaliyan Wulandari. Rudy ingkang kekancan kaliyan Wulandari ngendhika bilih piyambakipun badhe numbasaken Wulandari jajan saha dhaharan.

5) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi regulatori*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi regulatori* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang dipunginakaken kangge kangge ngontrol satunggaling prastawa. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi regulatori* badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

(22) *Konteks*: Ing ukara menika Cruffy ngandharaken bilih syaratipun piyambakipun kersa nyambut dame ling desa inggih menika Wulandari kedah purun dados sesandhinganipun Cruyff.

“Neng ndesa kana **kowe** njamin ... gelem dadi ... bojoku ...”
(DW/1987/kc.40/91)

Data (22) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Cruyff kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. “Kowe” menika kalebet

sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung “kowe” menika ing ukara menika dipunginakaken kangge sesulih saking satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Tembung “kowe” menika kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken tembung sesulih menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung kowe saha panjenengan. Adhedhasar andharanipun Kridalaksana menika tembung “kowe” kalebet satunggaling jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih menika saged dipunpantha dados enem, ingkang antawisipun tembung sesulih purusa. Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa amargi “kowe” menika dipunginakaken Cruyff kangge nyebat Wulandari.

Jatmiko dkk (2017:362) ngandharaken bilih *fungsi regulatori* inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngatur saha *mengendalikan* tiyang sanes. Tembung “kowe” menika kalebet *fungsi regulatori* amargi dipunginakaken Cruyff nalika ngandharaken bilih piyambakipun kersa nyambut damel ing desa nanging wonten syaratipun. Cruyff paring syarat supados Wulandari kersa dados sesandhinganipun bilih piyambakipun kersa nyambut damel sareng kaliyan Wulandari ing desa.

6) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi puitik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi puitik* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang dipunginakaken kangge paring panyaruwe dhateng tiyang sanes. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ingkang ngewrat *fungsi puitik*.

(23) *Konteks*: Ing ukara menika Hinaryanto ngendhika bilih Wulandari boten piyambakan. Hinaryanto ugi ngendhika bilih mangke bibar wisuda badhe dipunajak dhahar sesarengan ing rumah makan.

“Aja susah ya, kowe ora dhewekan ..., dak kancani. Mengko yen mulih wisudan dak traktir menyang rumah makan Asih karo Enggar lan Sita.”

(DW/1987.kc.38/81)

Data (23) kalebet sapa aruh amargi “kowe” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. “Kowe” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:109) ngandharaken bilih tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulhipun tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang kaanggep barang. Tembung “kowe” menika ing ukara menika dipunginakaken kangge sesulih saking satunggaling nama paraga ingkang wonten ing novel.

Tembung “kowe” menika kalebet jinis sapa aruh ingkang tembung sesulih. Kridalaksana (1978:14) ngandharaken tembung sesulih menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung kowe saha panjenengan. Adhedhasar andharanipun Kridalaksana menika tembung “kowe” kalebet satunggaling jinis

sapa aruh ingkang tembung sesulih. Sasangka (2001:108) ngandharaken bilih tembung sesulih menika saged dipunpantha dados enem, ingkang antawisipun tembung sesulih purusa. Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih purusa amargi “kowe” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Wulandari.

Soeparno (2013:18) ngandharaken bilih *fungsi puitik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika paring panyaruwe, pitutur kangge tiyang sanes. Tembung “kowe” ing ukara menika ngewrat *fungsi puitik* amargi tembung menika dipunginakaken Hinaryanto kangge paring panyaruwe dhateng Wulandari. Hinaryanto ngendhika bilih Wulandari menika boten piyambakan, Hinaryanto badhe ngancani Wulandari.

f. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising *adjektif transposisional*

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh *adjektif transposisional* inggih menika wujud tembung sapa aruh saking tembung *adjektif* ingkang ngemu *transposisi* ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi jinis *adjektif transposisional* ing novel menika saged kapanggihaken kanthi *fungsi fatik*. Sapa aruh kanthi jinis *adjektif transposisional* kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis *adjektif transposisional* ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis *adjektif transposisional* ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika tembung sapa aruh ingkang kalebet jinis tembung *adjektif transposisional* ingkang dipunginakaken kangge miwiti,

mungkasi, utawi nglajengaken pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis *adjektif tranposisional* ingkang ngemu *perluasan makna* saha ngewrat *fungsi fatik*.

- (24) *Konteks*: Ing tuturan menika Hinaryanto ngucapaken sugeng sare kangge Wulandari. Hinaryanto pamit kaliyan Wulandari ingkang badhe sare.

“He-eh. Sugeng sare sayang ..., ”
(DW/1987/kc.98/240)

Data (24) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Wulandari nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. “Sayang” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001: 104) ngandharaken bilih tembung *adjektif* inggih menika tembung ingkang saged mratelakaken watak sawijining barang utawi bab. Tembung “sayang” menika kalebu satunggaling tuladha saking tembung *adjektif* amargi tembung sayang menika dipunginakaken kangge nedahaken watak ingkang nresnani tiyang sanes.

Supardo (1995:101) ngandharaken bilih *adjektif transposisional* ingih menika tembung *adjektif* ingkang ngemu transposisional satemah makna saha pangginanipun menika dados wiyar. Tembung “sayang” menika kalebet jinising sapa aruh ingkang *adjektif transposisional* amargi tembung menika asalipun saking tembung sipat menika ewah dados tembung aran nalika dipunginakaken ing pawicantenan menika. Tembung “sayang” menika dipunginakaken Hinaryanto kangge nyebat Wulandari, tiyang wadon ingkang dipuntresnani kaliyan piyambakipun. Tembung “sayang” menika dipunginakaken kangge sapa aruh

nalika tiyang ingkang micara saha tiyang ingkang dipunajak micara menika sampun *akrab*.

Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika dipunginakaken nalika kepanggih tiyang sanes, nyuwun pamit, utawi nyuwun pirsu kadospundi kabar saking tiyang sanes. Sapa aruh “sayang” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipuntuturaken Hinaryanto nalika pamitan dhateng Wulandari. Hinaryanto ngucapaken sugeng sare dhateng Wulandari ingkang ngraos boten kepenak awakipun.

g. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising tembung nominal

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh tembung nominal inggih meni ka sapa aruh wujud tembung saking tembung aran ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung sesulih purusa ing novel menika saged dipunpantha malih adhedhasar *fungsi* sapa aruhipun inggih menika *fungsi emotif* saha *regulatori*. Sapa aruh kanthi jinis tembung *nominal* kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi emotif*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi emotif* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung aran ingkang dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi emotif*.

(25) *Konteks*: Rudy nyuwun pangapunten kaliyan Wulandari amargi sampun sembrono anggenipun nitih motor ingkang nyebabakaken Wulandari badhe kesrempet.

*“Maaf Nona, aku mau rada sembrana...” kandhane karo nyedhak.
(DW/1987/kc. 7/2)*

Data (25) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Rudy kangge nyebat tiyang ingkang badhe dipunsrempet piyambakipun. “Nona” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Nona” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Tembung “Nona” menika kalebet tembung aran. Kridalaksana (1978:15) ngandharaken bilih tembung *nominal* menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung nona, nyonya, saha tuan. Tembung “nona” menika kalebet jinising sapa aruh tembung *nominal* amargi “Nona” menika kalebet tembung aran. Tembung “Nona” menika dipunginakaken Rudy kangge aruh-aruh tiyang wadon ingkang nem saha dereng tepang kaliyan piyambakipun. Tembung “Nona” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh Wulandari.

Chaer saha Agustin (2014:15) ngandharaken bilih *fungsi emotif* inggih menika *fungsi* ingkang dipunginakaken tiyang ingkang micara kangge nedahaken raos pangraosipun. Tembung “Nona” ing ukara menika ngewrat *fungsi emotif* amargi dipunginakaken Rudy kangge nedahaken raos pangraosipun dhateng

Wulandari. Rudy ngraos lepat amargi nalika nitih motor menika sembrono ingkang nyebabaken Wulandari badhe kesrempet.

2) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi regulatori*

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi regulatori* inggih menika sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung aran ingkang dipunginakaken kangge ngontrol satunggaling prastawa. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis tembung *nominal* ingkang ngewrat *fungsi regulatori*.

(26) *Konteks*: Utami ingkang mireng wangsulanipun Wulandari, ngandharaken bilih boten salah paham rumiyin. Utami ngandharaken menapa boten langkung sae bilih piyambakipun bikak manahipun kangge Hinaryanto.

“Lho, aja kesusu nesu Non, iki rak murih becik ta. Tinimbang atimu susah dilarani Rudy, apa salahe yen kanggo tambane njur nampa Hinar? Rudy ben ngerti yen wong lanang ora dheweke tho.”

(DW/1987/kc.41/95)

Data (26) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Wulandari. “Non” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Suhardi (1985:24) ngandharake bilih sapa aruh wujud tembung menika saged dipunpantha dados sekawan ingkang antawispun sapa aruh wujud tembung asli. Sapa aruh wujud asli inggih menika sapa aruh wujud tembung ingkang boten dipunparingi wuwuhan nalika dipunginakaken. Tembung “Non” menika kalebet sapa aruh wujud tembung asli amargi nalika dipunginakaken boten dipunparingi wuwuhan.

Tembung “Non” menika kalebet tembung aran. Kridalaksana (1978:15) ngandharaken bilih tembung *nominal* menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung nona, nyonya, saha tuan. Tembung “Non” menika kalebet jinising sapa aruh tembung *nominal* amargi “Non” menika kalebet tembung aran. Tembung “Non” ingkang wacahan saking tembung “Nona” menika dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Wulandari.

Sapa aruh tembung “Non” ing ukara menika ngewrat *fungsi regulatori*. Jatmiko dkk (2017:362) ngandharaken bilih *fungsi regulatori* inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngatur saha *mengendalikan* tiyang sanes. Tembung “Non” menika dipuntuturaken Utami nalika wicantenan kaliyan Wulandari. Utami ngendhika supados Wulandari menika boten kesesa nesu rumiyin kaliyan andharanipun Utami.

h. Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinising pandamelan

Sapa aruh wujud tembung ingkang kalebet jinis sapa aruh pandamelan inggih menika wujud tembung sapa aruh saking pandamelan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Suhardi (1985:53) ngandharaken bilih sapa aruh ingkang dipunginakaken ing masarakat *padatanipun* ngginakaken pandamelan saking tiyang ingkang dipunajak micara. Sapa aruh kanthi jinis pandamelan ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi heuristik*. Sapa aruh kanthi jinis pandamelan kaliyan *fungsi heuristik* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

**1) Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pandamelan ingkang ngewrat
*fungsi heuristik***

Sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pandamelan ingkang ngewrat *fungsi heuristik* inggih menika sapa aruh awujud tembung kanthi jinis pandamelan ingkang dipunginakaken kangge nyuwun pirsu dhateng tiyang ingkang dipunajak micara. Ing ngandhap menika kaandharaken *data* sapa aruh wujud tembung kanthi jinis pandamelan ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(27) *Konteks*: Ing tuturan menika ngandharaken Wulandari ingkang nembe dugi ing griya sakit, nyuwun pirsu bab kadospundi kahananipun kurban kacilakan.

“Piye kahanane pasien-pasien, Sus?”
(DW/1987/kc.69/162)

Data (27) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Suster Endang. “Sus” menika kalebet sapa aruh wujud tembung amargi namung kadadosan saking setunggal tembung. Sasangka (2001:100) ngandharaken bilih tembung aran menika saged dipunpantha dados kalih inggih menika tembung aran sukma saha tembung aran tan sukma. Tembung aran sukma inggih menika tembung ingkang saged kapanjangan nyawa, wondene tembung aran tan sukma inggih menika tembung ingkang boten saged kapanjangan nyawa. Tembung “Sus” ing ukara menika kalebet tembung aran sukma amargi tembung “Sus” menika dipunginakaken kangge nyebat Endang ingkang kapanjangan nyawa.

Suhardi (1985:53) ngandharaken bilih sapa aruh ingkang dipunginakaken ing masarakat *padatanipun* ngginakaken pandamelan saking tiyang ingkang dipunajak micara. Tembung “Sus” menika kalebet jinising sapa aruh pandamelan amargi dipunginakaken Wulandari kangge aruh-aruh Endang. Endang menika

pandamelanipun dados tiyang ingkang ngrawat tiyang sakit ing griya sakit. Endang menika ing pandamelanipun dipunsebat Suster.

Halliday salebeting Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristik* menika saged kapanggihaken nalika basa dipunginakaken kangge nyuwun pirsa dhateng tiyang sanes. Sapa aruh "Sus" ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristic* amargi dipunginakaken Wulandari nalika sakit nyuwun pirsa dhateng Suster Endang kadospundi kahanan saking kurban kacilakan ingkang dipunbekta ing griya sakit.

2. Sapa Aruh Wujud Frasa

Sapa aruh wujud frasa inggih menika sapa aruh ingkang kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. Sapa aruh wujud frasa ingkang kapanggihaken ing novel Dokter Wulandari menika gadhah pitu jinis sapa aruh saha enem *fungsi* sapa aruh. Sapa aruh wujud frasa ingkang kapanggihaken saged dipunpantha malih dados pitu inggih menika nama dhiri kaliyan pasedherekan ingkang ngemu *perluasan makna*, tembung *nominal* saha pangkat pendidikan, nama dhiri kaliyan pasedherekan ingkang ngemu *perluasan makna* saha pangkat pendidikan, pangkat pendidikan kaliyan pasedherekan ingkang ngemu *perluasan makna*, nama dhiri kaliyan pandamelan, pandamelan kaliyan pasedherekan ingkang ngemu *perluasan makna*, ingkang pungkasan pangkat kebangswanan ingkang ngemu *perluasan makna* kaliyan nama dhiri. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken sapa aruh awujud frasa ingkang dipunpantha adhedhasar jinis sapa aruh.

a. Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang menika dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi*-nipun inggih menika *fungsi referensial*, *puitik*, *heuristik*, *fatik*, *saha emotif*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis pasedherekan sanes awu saha nama tiyang kaliyan *fungsi*-nipun menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial*

Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial* inggih menika frasa saking tembung sapa aruh pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh awujud frasa saking pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi referensial*.

(28) *Konteks*: Ing ukara menika Utami ngandharaken pamanggihipun watakipun Wulandari. Utami paring saran supados Hinaryanto sabar ngadhepi watakipun Wulandari.sabar ngadhepi watakipun Wulandari.

*“Watake Wulan kuwi angel kok **Dhik Hien**, aku dhewe sing suwe seduluran sok ora ngerti kekarepane.Ya Dhik Hien bae sing sabar lan aja gerah penggalih.”*

(DW/1987/kc.20-21/38)

Data (28) kalebet tembung sapa aruh amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Hinaryanto nalika pawicantenan kalyan piyambakipun. Syafi'e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. "Dhik Hien" menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung "Dhik" saha "Hien". Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa "Dhik Hien" menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung "Dhik" menika dados inti saking frasa menika. Tembung "Dhik" menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa "Dhik Hien" ingkang kadadosan saking tembung "Dhik" saha "Hien". Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung "Dhik" menika kalebet jinising nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Hinaryanto ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun. Suhardi (1985:34) ngandharaken bilih sapa aruh jinis nama tiyang menika dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang sampun tepang kaliyan pamicara. Tembung "Hien" ingkang kalebet jinising sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Hinaryanto, tiyang jaler ingkang sampun dipuntepang kaliyan piyambakipun.

Sapa aruh wujud frasa "Dhik Hien" ing ukara menika ngewrat *fungsi referensial*. Chaer saha Agustin (2014:18) *fungsi referensial* inggih menika dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggihipun tiyang ingkang micara. Sapa

aruh “Dhiek Hien” menika ngewrat *fungsi referensial* amargi dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Hinaryanto menika ngandharaken pamanggihipun Utami. Utami ngandharaken pamanggihipun bab watakipun Wulandari ingkang angel dipunmangretosi kaliyan piyambakipun.

2) **Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik***

Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik* menika dipunginakaken nalika paring panyaruwe saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh awujud frasa saking pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi puitik*.

(29) *Konteks*: Ing ukara menika Utami ngandharaken pamanggihipun watakipun Wulandari. Utami paring saran supados Hinaryanto sabar ngadhepi watakipun Wulandari. sabar ngadhepi watakipun Wulandari.

*“Watake Wulan kuwi angel kok Dhik Hien, aku dhewe sing suwe seduluran sok ora ngerti kekarepane. Ya **Dhik Hien** bae sing sabar lan aja gerah penggalih.”*
(DW/1987/kc.20-21/38)

Data (29) kalebet sapa aruh dipunginakaken Utami kangge nyebat Hinaryanto nalika wicantenan kaliyan piyambakipun. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Dhik Hien” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Dhik” saha “Hien”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Dhik Hien” menika kalebet frasa aran amargi

tembung tembung “Dhik” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Dhik” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Dhik Hien” ingkang kadadosan saking tembung “Dhik” saha “Hien”. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Dhik” menika kalebet jinising nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Hinaryanto ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun. Suhardi (1985:34) ngandharaken bilih sapa aruh jinis nama tiyang menika dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang sampun tepang kaliyan pamicara. Tembung “Hien” ingkang kalebet jinising sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Hinaryanto, tiyang jaler ingkang sampun dipuntepang kaliyan piyambakipun.

Soeparno (2014: 18) ngandharaken bilih *fungsi puitik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken panyaruwe utawi pitutur. Sapa aruh “Dhik Hien” menika ngewrat *fungsi puitik* amargi “Dhik Hien” menika dipunginakaken Utami dhateng Hinaryanto. Utami paring panyaruwe supados Hinaryanto sabar kaliyan sipatipun Hinaryanto. Utami ugi ngendhika supados Hinaryanto sabar anggenipun nresnani Wulandari.

3) **Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik***

Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik* menika dipunginakaken nalika paring

panyaruwe saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh awujud frasa saking pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

- (30) *Konteks*: Ing ukara menika Utami ngandharaken mbokbilih Wulandari taksih kena macet ing margi. Utami ugi ngandharaken bilih Wulandari menika wanita ingkang boten remen ningali film ing bisokop. Utami ugi nyuwun pirsia menawi boten Rudy ingkang ngajak Wulandari nonton ing bioskop menapa Wulandari kersa.

*“Lha piye maneh Dhik, wong ya ora ngerti alangane wong. Yen Wulan mono dak kira ora arep mblenjani janji. Apa maneh dheweke kuwi arang banget nonton film yen ora mbeneri acara istimewa. Coba yen ora **Dhik Rudy** sing ngajak, apa gelem?”*
(DW/1987/kc.23/52)

Data (30) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Hinaryanto nalika wicantenan kaliyan piyambakipun Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Dhik Rudy” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Dhik” saha “Rudy”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Dhik Rudy” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Dhik” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Dhik” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Dhik Rudy” menika kadadosan saking tembung “Dhik” saha “Rudy”. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Dhik” ingkang dipunginakaken menika kalebet jinis sapa aruh pasedherekan sanes awu amargi

dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Rudy ingkang boten gadhah sesambungan kulawarga kaliyan piyambakipun. Suhardi (1985:34) ngandharaken bilih sapa aruh jinis nama tiyang menika dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang sampun tepang kaliyan pamicara. Tembung “Rudy” ingkang kalebet jinising sapa aruh nama tiyang amargi dipunginakaken Utami kangge nyebat Rudy, tiyang jaler ingkang sampun dipuntepang kaliyan piyambakipun.

Frasa “Dhik Rudy” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristik*. Halliday lumantar Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken kangge nyuwun pirsa bab tartamtu. Frasa “Dhik Rudy” menika ngewrat *fungsi heuristik* amargi dipunginakaken Utami kangge nyuwun pirsa dhateng Rudy. Rudy ingkang ngentosi duginipun Wulandari ing pondokanipun menika wicantenan kaliyan Utami. Utami nyuwun pirsa bab Wulandari ingkang kersa dipunajak nonton bisokop kaliyan Rudy.

4) **Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi fatik***

Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi fatik* menika dipunginakaken miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* tembung sapa aruh jinis pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi fatik*.

(31) *Konteks*: Ing ukara menika nedahaken Wulandari ingkang kaget amargi tengah wengi Bu Sosro wonten ing griyanipun Wulandari. Bu Sosro mlebet sasampunipun Wulandari minarakaken Bu Sosro.

“Oh ..., **Bu Sosro** ...?! Mangga pinarak rumiyin, Bu ..,”
(DW/1987/kc.47/104)

Data (31) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Wulandari kangge aruh-aruh Bu Sosro. Syafi'e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. "Bu Sosro" menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung "Bu" saha "Sosro". Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa "Bu Sosro" menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung "Bu" menika dados inti saking frasa menika. Tembung "Bu" menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa "Bu Sosro" menika kadadosan saking tembung "Bu" saha "Sosro". Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung "Bu" menika kalebet jinis nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken Utami kangge aruh-aruh Bu Sosro ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun. Kridalaksana (1984:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebet jinising sapa aruh. Tembung "Sosro" kalebet jinising nama tiyang amargi "Sosro" menika satunggaling nama paraga ing novel.

Chaer saha Agustin (2014:16) ngandharaken bilih *fungsi fatik* menika dipunginakaken nalika kepanggih tiyang sanes, nyuwun pamit, utawi nyuwun pirsu kadospundi kabar saking tiyang sanes. Sapa aruh "Bu Sosro" ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipunginakaken Wulandari nalika wicantenan kaliyan Bu Sosro. Wulandari ngginakaken sapa aruh menika nalika Bu Sosro ing satunggaling dalu dolan ing griyanipun Wulandari. Wulandari ingkang kaget

amargi dalu menika Bu Sosro dugi ing griyanipun tanpa paring kabar rumiyin dhateng Wulandari.

5) **Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi emotif***

Sapa aruh awujud frasa jinis nama pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi emotif* menika dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa saking pasedherekan sanes awu saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(32) *Konteks*: ukara menika nedahaken Ibunipun hinaryanto ngraos bingah amargi Wulandari sampun kersa dolan ing griyanipun.

“Ibu remen banget Nak Wulan kersa rawuh kene. Ayo padha lenggahan neng kana ngaso karo crita-crita...”
(DW/1987/kc.95/234)

Data (32) kalebet sapa aruh amargi sapa aruh menika dipunginakaken ibunipun Hinaryanto kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Nak Wulan” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Nak” saha “Wulan”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Nak Wulan” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Nak” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Nak” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Nak Wulan” menika kadadosan saking tembung “Nak” saha “Wulan”. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Nak” menika kalebet jinis nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken ibunipun Hinaryanto kangge aruh-aruh Wulandari ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun. Kridalaksana (1984:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebet jinising sapa aruh. Tembung “Wulan” kalebet jinising nama tiyang amargi “Wulan” menika satunggaling nama paraga ing novel.

Sapa aruh “Nak Wulan” ing ukara menika dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraosipun saking tiyang ingkang micara. Soeparno (2013:18) paring tuladha raos pangraos ingkang nedahaken *fungsi emotif* inggih menika kadosta raos bingah, susah, sedhah, saha nesu. Sapa aruh “Nak Wulan” ingkang dipunginakaken ibunipun Hinaryanto nalika wicantenan kaliyan Wulandari menika ngewrat *fungsi emotif* amargi dipunginakaken kangge nedahaken raos pangraos saking ibunipun Hinaryanto. Ibunipun Hinaryanto bingah amargi Wulandari menika kersa dolan dhateng griyanipun ing Surabaya.

b. Sapa aruh wujud frasa saking jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh tembung nominal saha nama pangkat pendidikan inggih menika gabungan tembung sapa aruh saking tembung nominal saha pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi gabungan saking jinis sapa

aruh tembung nominal saha pangkat pendidikan ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi*-nipun inggih menika *fungsi konatif*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan kaliyan *fungsi*-nipun menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif*

Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif* inggih menika frasa saking gaubungan jinising sapa aruh tembung *nominal* (aran) saha pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge ngaken tiyang sanes kangge nindakaken satunggaling prakawis. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa saking tembung nominal saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi konatif*.

(33) *Konteks*: Ukara menika nedahaken Lukman ingkang ngaken Wulandari lenggah rumiyin. Lukman ugi ngendhika bilih Wulandari katon wonten bab ingkang wigati kangge dipuntakenaken.

“Lenggaha sik ta Nona Dokter, sajake cuaca lagi mendhung ya?!”
(DW/1987/kc.33/65)

Data (33) kalebet sapa aruh amargi “Nona Dokter” menika dipunginakaken Lukman kangge nyebat Wulandari nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Nona Dokter” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Nona” saha “Dokter”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Nona Dokter” menika kalebet

frasa aran amargi tembung tembung “Nona” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Nona” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Nona Dokter” menika kalebet kalih jinis sapa aruh inggih menika tembung *nominal* saha pangkat pendidikan. Kridalaksana (1978:15) ngandharaken bilih tembung *nominal* menika kalebet jinising sapa aruh, tuladhanipun tembung nona, nyonya, saha tuan. Tembung “Nona” menika kalebet jinising sapa aruh tembung *nominal* amargi “Nona” menika kalebet tembung aran. Suhardi (1985:52) ngandharaken bilih namung wonten setunggal tembung kemawon ingkang kalebet jinising sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika dokter. Sapa aruh “Dokter” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang lulusan saking sekolah kedokteran ingkang lulusipun dados dokter. Tembung “Dokter” ing ukara menika dipunginakaken Lukman kangge nyebat Wulandari.

Sapa aruh “Nona Dokter” ing ukara meniika ngewrat *fungsi konatif*. Soeparno (2013:19) ngandharaken bilih *fungsi konatif* menika saged kapanggihaken nalika basa menika dipunginakaken kangge nyuwun tiyang sanes nindakaken menapa ingkang dipundhawahaken kaliyan tiyang ingkang micara. Frasa “Nona Dokter” menika ngewrat *fungsi konatif* amargi dipunginakaken nalika Lukman nyuwun Wulandari nindakaken satunggaling prakawis. Lukman nyuwun supados Wulandari lenggah rumiyin saderengipun wicantenan. Lukman menika aruh-aruh Wulandari lenggah ing papan Lukman nyambut damel ing griya sakit.

c. Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan inggih menika gabungan tembung sapa aruh saking jinis nama pasedherekan saha pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi fatik*. Sapa aruh kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik* menika dipunginakaken nalika miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa saking nama pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik*.

(34) *Konteks*: Ing ukara menika nedahaken bocah-bocah ingkang aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih piyambakipun.

“Bu Dokter Wulan..., Bu Dokter ...,”
(DW/1987/kc.45/103)

Data (34) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Bu Dokter” menika kalebet sapa

aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Bu” saha “Dokter”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Bu Dokter” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Bu” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Bu” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Bu Dokter” menika kadadosan saking kalih jinis sapa aruh inggih menika jinis pasedherekan saha gelar pendidikan. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Bu” menika kalebet jinis nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Wondene Suhardi (1985:52) ngandharaken bilih namung wonten setunggal tembung kemawon ingkang kalebet jinising sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika “Dokter”. Sapa aruh “Dokter” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang lulusan saking sekolah kedokteran ingkang lulusanipun dados dokter. Tembung “Dokter” ing ukara menika dipunginakaken bocah-bocah kangge nyebat Wulandari.

Sapa aruh wujud frasa “Bu Dokter” menika ngewrat *fungsi fatik*. Chaer saha Agustin (2014:16), basa ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika kepanggih kaliyan tiyang sanes. Frasa “Bu Dokter” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge

aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih kaliyan piyambakipun. Bocah-bocah aruh-aruh Wulandari ngginakaken sapa aruh awujud frasa “Bu Dokter”.

d. Sapa aruh wujud frasa saking jinis pandamelan saha nama tiyang

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh pandamelan saha nama tiyang inggih menika gabungan tembung sapa aruh saking jinis pandamelan saha nama tiyang ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi jinis pandamelan saha nama tiyang ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi heuristik*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis pandamelan saha nama tiyang kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh awujud frasa saking jinis pandamelan saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*

Sapa aruh awujud frasa saking jinis pandamelan saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik* menika saged kapanggihaken nalika sapa aruh wujud frasa jinis pandamelan saha nama tiyang dipunginakaken kangge nyuwun pirsa dhateng tiyang sanes. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa saking pandamelan saha nama tiyang ingkang ngewrat *fungsi heuristik*.

(35) *Konteks*: Ing ukara menika Wulandari ingkang wonten ing griya dipuntilpun kaliyan Suster Endang saking griya sakit. Wulandari nyuwun pirsa menapa menika saestu Suster Endang.

“*Rumah sakit? O..., Suster Endang? Ana apa, suster?*”
(DW/1987/kc.69/160)

Data (35) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Suster Endang nalika pawicantenan saking tilpun. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung.

“Suster Endang” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Suster” saha “Endang”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Suster Endang” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Suster” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Suster” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Suster Endang” menika kadadosan saking kalih jinis sapa aruh inggih menika jinis pandamelan saha nama tiyang. Tembung “Suster” menika kalebu jinising sapa aruh ingkang pandamelan. Supardo (1995:95) ngandharaken “Suster” inggih menika sapa aruh ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang wadon ingkang nyambut damel dados tiyang ingkang ngrawat tiyang sakit ing griya sakit. Kridalaksana (1984:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebet jinising sapa aruh. Tembung “Endang” kalebet jinising nama tiyang amargi “Endang” menika satunggaling nama paraga ing novel.

Sapa aruh “Suster Endang” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristik*. Soeparno (2013:22) ngandharaken bilih *fungsi heuristic* menika saged kapanggihaken nalika basa dipunginakaken kangge nyuwun pirsa dhateng tiyang sanes. Sapa aruh “Suster Endang” ing ukara menika ngewrat *fungsi heuristic* amargi dipunginakaken kangge Wulandari nyuwun pirsa dhateng tiyang ingkang tilpun piyambakipun. Frasa “Suster Endang” menika dipunginakaken Wulandari kangge nyuwun pirsa menapa ingkang tilpun menika Suster Endang.

e. Sapa aruh wujud frasa saking nama pasedherekan sanes awu saha pandamelan

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh pasedherekan sanes awu saha pandamelan inggih menika gabungan tembung sapa aruh saking jinis nama pasedherekan saha pandamelan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi jinis pasedherekan sanes awu saha pandamelan ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi konatif*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha pandamelan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud frasa saking nama pasedherekan sanes awu saha pandamelan ingkang ngewrat *fungsi konatif*

Sapa aruh wujud frasa saking nama pasedherekan sanes awu saha pandamelan ingkang ngewrat *fungsi konatif* menika saged kapanggihaken nalika sapa aruh dipunginakaken kangge nyuwun tiyang sanes nindakaken prakawis ingkang dipundhawuhaken kaliyan tiyang ingkang micara. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu saha pandamelan ingkang ngewrat *fungsi konatif*.

(36) *Konteks*: Ing ukara menika Wulandari ngutus Mantri Ahmad supados ngurus sedaya kapreluanipun kurban kacilakan adhedhasar andharan saking Wulandari.

“Pak Mantri, pasien putri sing durum emut kae pindhahen neng kamar A banjur wenehana infus. Pasien nomor 12, 13, lan 14 menahana obat anti biotik lan ponstan yen awake panas. Anti biotike sedina kaping papat.”
(DW/1987/kc.70/167)

Data (36) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Mantri Ahmad nalika pawicantenan kaliyan piyambakipun. “Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Pak Mantri” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Pak” saha “Mantri”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Pak Mantri” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Pak” menika dados inti saking frasa menika. Tembung “Pak” menika kalebet jinising tembung aran.

Frasa “Pak Mantri” menika kalebet kalih jinis sapa aruh inggih menika nama pasedherekan saha pandamelan. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Pak” menika kalebet jinis nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun. Wondene Supardo (1995:95) ngandharaken bilih ing salebeting bab *medis* menika ugi wonten tiyang ingkang dipunsebat “mantri juru rawat”. Tembung “Pak Mantri” menika kalebet jinising pandamelan amargi dipunginakaken Wulandari kangge nyebat Ahmad ingkang pandamelanipun dados mantra.

Sapa aruh “Pak Mantri” ing ukara menika ngewrat *fungsi konatif*. Soeparno (2013:19) ngandharaken bilih *fungsi konatif* menika saged kapanggihaken nalika basa dipunginakaken ngaken tiyang sanes nindakaken prakawis ingkang

dipundhawuhaken kaliyan tiyang ingkang micara. Sapa aruh “Pak Mantri” ing ukara menika kalebet *fungsi konatif* amargi dipunginakaken Wulandari nalika ngandharaken menapa kemawon ingkang kedah dipunlaksanakaken Mantri Ahmad kangge pasien kurban kacilakan.

f. Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi fatik*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

1) Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik*

Sapa aruh wujud frasa saking jinis nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik* menika saged kapanggihaken nalika dipunginakaken kangge miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa kanthi jinis nama pasedherekan sanes awu, nama tiyang, saha pangkat pendidikan ingkang ngewrat *fungsi fatik*.

(37) *Konteks*: ing ukara menika nedahaken bocah-bocah ingkang aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih piyambakipun.

“Bu Dokter Wulan..., Bu Dokter...,”
(DW/1987/kc.45/103)

Data (37) menika kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Bu Dokter Wulan” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking tigang tembung inggih menika tembung “Bu”, “Dokter”, saha “Wulan”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Bu Dokter Wulan” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Bu” menika dados inti saking frasa menika.

Frasa “Bu Dokter Wulan” menika kadadosan saking tigang jinis sapa aruh inggih menika jinis pasedherekan, pangkat pendidikan, saha nama tiyang. Suhardi (1985:40) ngandharaken bilih nama pasedherekan samenika boten namung dipunginakaken kangge aruh-aruh utawi nyebat tiyang ingkang gadhah sesambungan kulawarga kaliyan tiyang ingkang micara. Tembung “Bu” menika kalebet jinis nama pasedherekan sanes awu amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari ingkang boten gadhah *hubungan* kulawarga kaliyan piyambakipun.

Wondene Suhardi (1985:52) ngandharaken bilih namung wonten setunggal tembung kemawon ingkang kalebet jinising sapa aruh pangkat pendidikan inggih menika “Dokter”. Sapa aruh “Dokter” menika dipunginakaken kangge aruh-aruh tiyang ingkang lulusan saking sekolah kedokteran ingkang lulusanipun dados dokter. Tembung “Dokter” ing ukara menika dipunginakaken bocah-bocah kangge nyebat Wulandari. Kridalaksana (1984:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika

kalebet jinising sapa aruh. Tembung “Wulan” kalebet jinising nama tiyang amargi “Wulan” menika satunggaling nama paraga ing novel.

Sapa aruh wujud frasa “Bu Dokter Wulan” menika ngewrat *fungsi fatik*. Chaer saha Agustin (2014:16), basa ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika kepanggih kaliyan tiyang sanes. Frasa “Bu Dokter Wulan” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipunginakaken bocah-bocah kangge aruh-aruh Wulandari nalika kepanggih kaliyan piyambakipun. Bocah-bocah aruh-aruh Wulandari ngginakaken sapa aruh awujud frasa “Bu Dokter Wulan”.

g. Sapa aruh wujud frasa pangkat kebangsawanan ingkang ngemu perluasan makna saha nama tiyang

Sapa aruh wujud frasa saking jinis sapa aruh pangkat kebangsawanan ingkang nglamahi *perluasan makna* saha nama tiyang inggih menika gabungan tembung sapa aruh saking jinis pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna* saha pangkat pendidikan ingkang dipunginakaken kangge aruh-aruh, nimbali, utawi nyebat tiyang sanes. Sapa aruh kanthi jinis pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna* saha pangkat nama tiyang ing novel menika saged kapanggihaken adhedhasar *fungsi-nipun* inggih menika *fungsi fatik*. Sapa aruh wujud frasa kanthi jinis tembung nominal saha pangkat pendidikan kaliyan *fungsi-nipun* menika badhe kaandharaken ing perangan ngandhap menika.

**1) Sapa aruh wujud frasa pangkat kebangsawanan ingkang ngemu
*perluasan makna saha nama tiyang ingkang ngewrat fungsi fatik***

Sapa aruh wujud frasa pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna saha nama tiyang ingkang ngewrat fungsi fatik* menika saged kapanggihaken nalika sapa aruh dipunginakaken kangge miwiti, mungkasi, utawi nglajengaken pawicantenan. Ing ngandhap menika badhe kaandharaken *data* sapa aruh wujud frasa saking jinis pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna saha nama tiyang ingkang ngewrat fungsi fatik*.

(38) *Konteks*: Ing ukara menika nedahaken tiyang wadon ingkang aruh-aruh Hinaryanto nalika Hinaryanto dugi ing griyanipun

“Wooo, Den Hinar... Den Hinar rawuh...,”
(DW/1987/kc.94/229)

Data (38) kalebet sapa aruh amargi dipunginakaken batur ing griyanipun Hinaryanto kangge nyebat Hinaryanto nalika wicantenan. Syafi’e (1988:126) ngandharaken bilih frasa menika kadadosan saking kalih utawi langkung tembung. “Den Hinar” menika kalebet sapa aruh wujud frasa amargi kadadosan saking kalih tembung inggih menika tembung “Den” saha “Hinar”. Sasangka (2001:132) ngandharaken miturut jinisipun, frasa saged dipunpantha dados pitu, ingkang antawisipun frasa aran. Frasa “Den Hinar” menika kalebet frasa aran amargi tembung tembung “Den” menika dados inti saking frasa menika.

Frasa “Den Hinar” menika kadadosan saking kalih jinis sapa aruh inggih menika jinis pangkat kebangsawanan saha nama tiyang. Tembung “Den” menika kalebet jinising sapa aruh pangkat kebangsawanan. Ananging ing ukara menika tembung “jeng” menika sampun ngemu *perluasan makna*. Suhardi (1985: 49)

ngandharaken bilih samenika sapa aruh pangkat kebangsawanan menika saged dipunginakaken kangge nyebat tiyang ingkang dipunkormati. Ing tuturan menika tembung “Den” menika dipunginakaken batur ing griyanipun Hinaryanto kangge aruh-aruh Hinaryanto ingkang *status sosial*-ipun langkung andhap tinimbang Hinaryanto. Kridalaksana (1984:14) ngandharaken bilih nama tiyang menika kalebet jinising sapa aruh. Tembung “Hinar” kalebet jinising nama tiyang amargi “Hinar” menika satunggaling nama paraga ing novel.

Frasa “Den Hinar” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik*. Adhedhasar andharanipun Chaer saha Agustin (2014:16), basa ingkang ngewrat *fungsi fatik* inggih menika basa ingkang dipunginakaken nalika kepanggih kaliyan tiyang sanes. Frasa “Den Hinar” ing ukara menika ngewrat *fungsi fatik* amargi dipunginakaken batur ing griyanipun Hinaryanto nalika aruh-aruh Hinaryanto ingkang nembe dugi ing griyanipun.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun dipunandharaken ing bab IV, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih salebeting novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani menika ngewrat wujud sapa aruh ingkang ngewrat maneka jinis sapa aruh saha *fungsi* sapa aruh. Wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Wujud sapa aruh ingkang kapanggihaken ing salebeting novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani menika wonten kalih wujud inggih menika sapa aruh wujud tembung saha sapa aruh wujud frasa. Wujud sapa aruh menika saged dipunpantha malih adhedhasar jinis saha *fungsi*-nipun.
2. Sapa aruh wujud tembung ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani menika saged dipunpantha dados wolu jinis sapa aruh saha pitu *fungsi* sapa aruh. Jinising sapa aruh ingkang kapanggihaken ing salebeting sapa aruh wujud tembung wonten ing Novel Dokter Wulandari inggih menika nama tiyang, pasedherekan awu, pasedherekan sanes awu, pangkat pendidikan, tembung sesulih purusa, *adjektif transposisional*, tembung *nominal*, saha pandamelan. Wondene *fungsi* ingkang kapanggihaken salebeting sapa aruh wujud tembung menika wonten pitu inggih menika *fungsi fatik*, *emotif*, *konatif*, *referensial*, *putik*, *regulatori*, saha *heuristik*.
3. Sapa aruh wujud frasa ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani menika saged dipunpantha dados pitu jinis sapa aruh saha enem *fungsi* sapa aruh. Sapa aruh wujud frasa ingkang kapanggihaken saged dipunpantha malih

dados pitu jinis inggih menika nama dhiri kaliyan pasedherekan sanes awu, tembung *nominal* saha pangkat pendidikan, nama dhiri kaliyan pasedherekan sanes awu saha pangkat pendidikan, pangkat pendidikan kaliyan pasedherekan sanes awu, nama dhiri kaliyan pandamelan, pandamelan kaliyan pasedherekan sanes awu, ingkang pungkasan pangkat kebangsawanan ingkang ngemu *perluasan makna* kaliyan nama dhiri. Wondene *fungsi* ingkang kapanggihaken ing salebeting sapa aruh wujud frasa menika wonten pitu inggih menika *fungsi fatik, emotif, konatif, referensial, putik, regulatori, saha heuristik*.

B. Implikasi

Panaliten menika ngrembag sapa aruh basa Jawi wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani. Adhedhasar asiling panaliten saged dipunandharaken *implikasi-nipun* wonten ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika saged nambah seserepan bab ngelmi basa, mliginipun bab *sosiolinguistik* ingkang ngrembag wujud sapa aruh, jinis sapa aruh, saha *fungsi* sapa aruh.
2. Panaliten menika saged paring *kontribusi* kangge piwulangan pawiyatan bab sapa aruh supados saged nedahaken raos kurmat dhateng tiyang sanes ingkang dipunajak wicantenan.
3. Panaliten menika saged nambah seserepanipun guru bab sapa aruh kangge dipunandharaken dhateng para siswa, supados nalika para siswa nyebut tiyang sanes saged leres saha trep kaliyan kawontenan nalika pawicantenan.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun kaandharaken ing nginggil menika, panaliti saged suka pamrayogi bab panaliten sapa aruh ingkang kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Panaliti menika namung ngrembag bab wujud, jinis, saha *fungsi* sapa aruh basa Jawi ingkang wonten ing novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani, satemah taksih dipunprelokaken panaliten ingkang langkung detail. Panaliti suka pamrayogi supados naliti maknanipun sapa aruh.
2. Panaliten menika namung winates ing salebeting Novel Dokter Wulandari anggitanipun Yunani, satemah taksih dipunprelukaken objek kajian sanes kadosta ing cerkak, cerbung, crita rakyat, saha wicantenan ing padintenan.

KAPUSTAKAN

A. Pustaka

- Chaer saha Agustin. 2014. *Sosiolinguitik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta
- Endraswara, Suwardi. 2012. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : UNY Press
- Halliday, M. A. K. saha Hasan, Ruqaiyah. 1994. *Bahasa, Konteks, dan Teks: Aspek-Aspek Bahasa dalam Pandangan Semiotik Sosial*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- Kridalaksana, Harimurti. 1978. *Fungsi Bahasa dan Sikap Bahasa*. Flores: Nusa Indah
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana*. Yogyakarta: Penerbit Tiara Wacana.
- Moleng, Prof. Dr. Lexy J. 2013. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nababan, P.W.J. 1993. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Nasution. 2012. *Metode Research (Penelian Ilmiah)*. Jakarta: Bumi Aksara
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Pateda, Mansoer. 2015. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa.
- Purwa, I made, dkk. 2003. *Sistem Sapaan Bahasa Sumbawa*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Rahardi, R. Kunjana. 2001. *Sosiolinguistik, Kode, dan Ahli Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sasangka. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyadi, Ag. Bambang. 2006. *Metode Penelitian Untuk Pengajaran Bahasa Asing*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Soeparno. 2013. *Dasar-Dasar Linguistik Umum Edisi Kedua*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik Bagian Pertama Ke Arag Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____. 1988. *Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman Penelitian Sociolinguistik*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Suhardi dkk. 1985. *Sistem Sapaan Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.

Suryabrata, Sumadi. 2013. *Metodologi Penelitian*. Jakarta: Rajagrafindo Pustaka

Syafi'ie, Imam. 1988. *Retorika dalam Menulis*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2011. *Kamus Bahasa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: PT. Kanisius.

Wijana, Prof. Dr. I Dewa Putu Wijana saha Muhammad Rohmadi. 2013. *Sociolinguistik Kajian Teori dan Analisis*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Yunani. 1987. *Dokter Wulandari*. Jakarta: Balai Pustaka

Zaidan, Abdul Rozak. 2007. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka

B. Jurnal saha Terbitan Karya Ilmiah Sejenis

Mulyani, Siti. 2006. "Wacana produk dagadu djogja". *Litera*, 1, V, hlm. 68.

Nengsih, Sri Wahyuni. 2015. "Kajian pragmatik tentang penggunaan pronomina sapaan dalam bahasa Banjar." Bunga Rampai Hasil Penelitian Kebahasaan, hlm. 195.

Nurhayati, Endang. 2008. "Sistem sapaan dalam wayang kulit". *Diksi*, 2, XXIV, hlm. 138 dan 141.

Sahayu, Wening. 2006. "Sapaan dalam relasi keluarga dan masyarakat jawa dan fungsinya dalam pembelajaran bahasa Jerman". *Diksi*, 2, XIII, hlm. 146

C. Karya Ilmiah ingkang Boten Dipunterbitaken

Nofi Andari. 2014. Sapa Aruh Basa Jawi wonten ing Rubrik Cerkak Kalawarti Djaka Lodang Wedalan Wulan September-Desember 2013. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni UNY.

Hatmoko, Nugrah Tri. 2016. Sapa Aruh Basa Jaw wonten ing Novel Kinanti Anggitanpun Margareth Widhy Pratiwi. *Skripsi SI*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni UNY.

D. Internet

Jatmiko, dkk. 2017. *Fungsi Bahasa dalam Wacana Lisan Transaksi Jual Beli di Pasar Klewer Surakarta dan Relevansinya sebagai Materi Pembelajaran Bahasa Indonesia di SMA*.

<http://download.portalgaruda.org/article.php?article=497412&val=10187&title=FUNGSI%20BAHASA%20DALAM%20WACANA%20LISAN%20TRANSAKSI%20%20JUAL%20BELI%20%20DI%20PASAR%20KLEWER%20SURAKARTA%20DAN%20RELEVANSINYA%20%20SEBAGAI%20MATERI%20PEMBELAJARAN%20%20BAHASA%20INDONESIA%20DI%20SMA>

Nurweni, Ari. 2010. *Fungsi Pinjaman Dari Bahasa Inggris dalam Teks Berbahasa Indonesia Pada Ranah Olahraga*.

<http://download.portalgaruda.org/article.php?article=397873&val=8719&title=FUNGSI%20PINJAMAN%20DARI%20BAHASA%20INGGRIS%20DALAM%20TEKS%20BERBAHASA%20INDONESIA%20PADA%20RANAH%20OLAHRAGA>

LAMPIRAN

TABEL ANALISIS DATA

Lapiran 1. Tabel Analisis Wujud, Jinising, Fungsi-nipun Sapa Aruh saha Konteks ing Salebeting Novel Dokter Wulandari Anggitanipun Yunani

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
1	Wulandari muni-muni amargi kaget badhe dipunsrempet motor.	“Asem kowe ya!” batine Wulandari misuh-misuh	✓							✓						✓						<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Kowe” tembung sesulih purusa. • Jinis: Tembung sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Rudy. • Fungsi : emotif Wulandari nedahaken raos mangkel kaliyan tiyang ingkang badhe nyrempet piyambakipun.
2	Rudy nyuwun pangapunten kaliyan Wulandari amargi sampun sembrono anggenipun nitih motor ingkang nyebabakaken	“Maaf Nona , aku mau rada sembrana...” kandhane karo nyedhak.	✓									✓			✓							<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Nona” kalebet tembung nominal. • Jinis: Tembung Nominal “Nona”→ nyebat tiyang wadon. • Fungsi: Emotif Rudy nyuwun pangapunten dhateng Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
	Wulandari badhe kesrempet.																				
3	Rudy nimbali Wulandari kanthi swanten santer. Rudy nimbali Wulandari badhe nyuwun pirs griyanipun Wulandari wonten ing pundi.	“ Wulan..... ,” Rudy mbengok karo muter awake. Wulandari tumoleh ngenteni rembuge Rudy sabanjure.	✓		✓													✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung Tembung “Wulan” menika wacahan saking tembung “Wulandari”. • Jinis: Nama tiyang “Wulan” menika nama paraga. • Fungsi: Fatik Rudy nyebat Wulandari nalika badhe miwiti pawicantenan.
4	Tuturan menika dipunmicaraken Utami dhateng Wulandari. Utami nyuwun pirs bab priya ingkang dipuntresnani dening Wulandari.	“ Wul , apa Rudy wis tau nglairake rasa tresnane marang kowe ?”	✓		✓					✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” kalebet tembung aran. “Kowe” kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wul” menika wacahan nama paraga. Tembung “kowe” ing tuturan menika sesulih saking namanipun Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulh purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
																						<ul style="list-style-type: none"> • Fungsi : Heuristic Utami nyuwun pirsa dhateng Wulandari.
5	Utami ngandharaken bilih piyambakipun bingah amargi Wulandari sampun saged bikak manahipun malih kangge priya sanes.	“Nanging aku melu seneng lho Wul , dene atimu wis kabukak kanggo priya. Muga-muga sesambunganmu karo Rudy bisa langgeng tenan. Wis sawijining kemajuan kowe bisa nglalekake Trisula.”	✓		✓					✓						✓						<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” kalebet tembung aran. “Kowe” kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa Tembung “Wul” menika nama paraga. Tembung “kowe” ing tuturan menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi:Emotif Utami nedahaken raos bingah dhateng Wulandari.
6	Tuturan menika dipunandharaken dening ibunipun Trisula. Tuturan menika	“Arepa ayu kae..., arepa bintang pelajar kae..., yen ora karuwan anak turune sapa arak	✓				✓										✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung Tembung “Bu” menika wacahan saking tembung “Ibu”. • Jinis: Pasedherekan (PM)

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	ngandharaken bilih ibunipun Trisula boten sreg kaliyan Wulandari ingkang sesambungan kaliyan putranipun.	ngisin-isini, bibit kuwi perlu banget lho Bu... ,”																				<p>“Bu”→ nyebat tiyang wadon ingkang boten saking kulawarganipun.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi : Referensial Ibunipun Trisula ngandharaken pamanggihipun bab Wulandari.
7	Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari, menapa piyambakipun sampun nate dolan ing griyanipun Rudy.	“ Kowe wis tau dolan nyang omahe Rudy?”	✓							✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih • Jinis: Tembung sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih saking tembung Wulandari. • Fungsi: Heuristic Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari.
8	Utami ngandharaken pamanggihipun kulawarganipun	“Mesthine Wul , wong kulawargane Rudy urip neng	✓		✓					✓							✓				✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” kalebet tembung aran. “Kowe” kalebet tembung sesulih.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh							Katrangan
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangswanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
	Rudy. Utami ugi nyuwun pirs bab Hinaryanto dhateng Wulandari.	kutha Surabaya, kang kahanane sarwa maju. Eh..., njur piye kabare Hinaryanto bareng ngerti kowe saiki kerep boncengan karo Rudy? Apa dheweke mundur?"																			<ul style="list-style-type: none"> • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wul’ menika nama paraga. “kowe” ing tuturan menika sesulih saking namanipun Wulandari • Fungsi: Referensial saha Heuristic “Wul’’: Utami ngandharaken pamanggihipun bab kulawarganipun Rudy. “kowe’’: Utami nyuwun pirs bab dhateng Wulandari.
9	Utami nyuwun pirs bab dhateng Wulandari. Utami nyuwun pirs bab priya ingkang dipunpilih dening Wulandari.	“ Kowe apa yakin tenan yen tresnane Rudy luwih mantep tinimbang Hinaryanto?” pitakonane Utami karo mencereng mandeng mitrane.	✓							✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih • Jinis : sesulih purusa “Kowe” menika sesulih namanipun Wulandari. • Fungsi : Heuristic Utami kangge nyuwun pirs bab dhateng Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulh purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
10	Wulandari ngandharaken raos pangraosipun bilih piyambakipun sesambungan kaliyan Hinaryanto.	“... Hi...., aku awang-awangen Ut , kedhuwuren. Paling- paling aku mengko disepelakake kulawargane. Bocah ndesa, cah panti asuhan... Ora timbang karo anake jutawan. Ah, mendah nelangsa uripku Ut . Gak..., gak arep nglara awak najan aku mengko bisa dai dokter sing ngetop...”	✓		✓										✓							<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung Tembung “Ut” menika wacahan saking tembung “Utami”. • Jinis : nama tiyang “Ut” menika cekakan saking namanipun “Utami”. • Fungsi : Emotif Wulandari nedahaken raos ajrih bilih sesambungan kaliyan tiyang sugih.
11	Utami ngandharaken panemunipun bab	“Nanging sajake Hinaryanto kuwi	✓		✓					✓							✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wul” kalebet tembung aran. “Kowe” kalebet tembung sesulih.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
	katresnanipun Hinaryanto kangge Wulandari.	setiya banget karo kowe lho Wul ,”																			<ul style="list-style-type: none"> • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wul” menika nama paraga. “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari • Fungsi: Referensial Utami ngandharaken pamanggihipun bab katresnanipun Hinaryanto marang Wulandari.
12	Wulandari ngandharaken bilih piyambakipun boten purun damel tatu manahipun piyambak malih amargi sesambungan kaliyan priya saking kulawarga ingkang sugih.	“Iya Hinaryanto. Nanging kulawargane? Wong tuwane? Ah, ora! Ora Ut! Aku ora nggaret tatu maneh ing atiku. Mundur bae... mumpung durung bunder...!”	✓		✓										✓						<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung Tembung “Ut” menika wacahan saking tembung “Utami”. • Jinis: Nama Tiyang “Ut” menika wacahan namanipun Utami. • Fungsi: Emotif Wulandari ajrih kangge sesambungan kaliyan priya sugih.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangswanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
13	Wulandari ngendhika bilih Utami menika langkung remen Hinaryanto tinimbang Rudy.	“Heeh, yen kowe ya seneng Hinaryanto ya <u>Ut.</u> Wis oleh komisi pira ta yen Hinar mreng kae?”	✓		✓					✓							✓				<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Ut” kalebet tembung aran. “Kowe” kalebet tembung sesulih. • Jinis: Sesulih Purusa, Nama Tiyang “Kowe” menika nedahaken sesulih purusa saking namanipun “Utami”. “Ut” menika wacahan namanipun Utami. • Fungsi: Referensial Wulandari ngandharaken pamanggihipun bab Utami.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Putik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
14	Utami ngandharaken pamanggihipun bab sipatipun Hinaryanto. Utami ugi ngendhika bilih piyambakipun boten gadhah hak kangge sedaya keputusanipun Wulandari. Utami namung paring pesen supados Wulandari mangretosi menapa kemawon ingkang gayut kaliyan Rudy.	“Apa Hinaryanto ora jujur? Ora dupeh wong meneng banjur kurang terus terang, kuwi ora Wul Nanging wong sing nglakoni kowe , ya sakarepmu. Sreg lan ora kowe dhewe sing bisa ngrasakake. Mung bae ya kudu kok jajagi dhisik sing jero, apa Rudy tresna tenan karo <u>kowe</u> lan apa kulawargane uga kaya sing kok kira sadurunge.”	✓		✓					✓ ✓								✓ ✓	✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Ut’ menika wancahan namanipun Utami. • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wul” menika nama paraga. “kowe” ing menika sesulih namanipun Wulandari • Fungsi : Referensial, Putik “<u>Wul</u>” saha “kowe”: Utami ngandharaken pamanggihipun bab katresnanipun Wulandari. “<u>Kowe</u>” Utami paring panyaruwe dhateng Wulandari bab sesambunganipun Wulandari kaliyan Rudy.
15	Wulan nyuwun pirsa dhateng	“Wis suwe Rud ?” Wulan ndhisiki	✓		✓															✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung 	

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulh purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	Rudy ingkang sampun nengga Wulandari bibar kuliah.	takon karo mesem manis.																				<p>“Rud” menika kalebet tembung aran.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis: nama tiyang Tembung “Rud” menika satunggaling namaparaga saking novel. • Fungsi: Heuristic Wulandari nyuwun pirsas dhateng Rudy.
16	Rudy ngandharaken bilih piyambakipun sampun ngetosi Wulandari seprapat jam.	“Seprapat jam kuwi suwi lho Wulan , rasane kaya limang jam kae. Jarene wong ngenteni kuwi sasekon kaya sedina suwenen, etungen bae, yen seprapat jam	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: tembung “Wulan” menika kalebet tembung aran. . • Jinis: Nama Tiyang “Wulan” menika namanipun parafa. • Fungsi : Referensial Rudy ngandharaken bilih piyambakipun sampun ngetosi seprapat jam. Miturut Rudy anggenipun ngentosi Wulandari menika lami.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
		kaping suwidak sekon, kaping patlikur jam...”																				
17	Rudy penasaran kadospundi raos pangraosipun bilih kedah nengga Wulandari setunggal tahun malih.	“Duilah ..., njur piye rasane yen kudune ngenteni kowe setaun?” Rudy numpak sadhel banjur nyetater vespane.	✓							✓					✓							<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis: Tembung Sesulih Purusa “Kowe” menika sesulih namanipun Wulandari • Fungsi: Heuristic Rudy nyuwun pirsu dhateng Wulandari.
18	Rudy ngendika bilih piyambakipun badhe nraktir Wulan jajan es camper saha bakwan.	“O, iya Wulan , awan iki aku arep nraktir kowe jajan neng depot Lezat prapatan kono kuwi. Jarene es campur lan bakwane enak.” Wulan rada kaget.	✓		✓					✓				✓							<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung “Wulan” menika kalebet tembung aran. • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wulan” menika nama paraga. “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari 	

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
																						<ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Fatik Rudy badhe nraktir kancanipun.
19	Wulandari boten kersa dipunajak Rudy tumban dhaharan. Wulandari ugi ngendhika bilih piyambakipun kersa dipunjak tumbas jajan nalika Rudy sampun pikantuk arta piyambak.	“Ah, mbok ora sah jajan bae ta Rud , dheweke iki rak isih sekolah, durung duwe dhuwit dhewe. Suk bae yen kowe wis prakter, aku gelem kok jak jajan apa nonton bioskup.”	✓		✓					✓								✓	✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Rud” menika kalebet tembung aran. “kowe” menika tembung sesulih. • Jinis : nama tiyang saha sesulih purursa “Rud” menika nama paraga. “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Regulatori Wulandari boten sarujuk bilih badhe dipuntumbasaken dhaharan kaliyan Rudy.
20	Rudy ngandharaken bilih piyambakipun ngginakaken arta saking honor nyerat ing majalah	“Aku duwe dhuwit kok Wul , ora nyuwun ibu. Dhek wingi entuk kiriman saka koran ibu kota. Honore tulisanku	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: tembung “Wulan” menika wacahan namanipun Wulandari. • Jinis: Nama tiyang “Wulan” menika nama paraga. • Fungsi: Referensial

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	kangge nraktir Wulandari.	sing dimot minggu kepungkur bab kesehatan gigi anak.”																				Rudy ngandharaken saking pundi piyambakipun pikantuk arta.
21	Rudy nyuwun pirsu dhateng Wulandari nalika ngentosi dhaharan ingkang dipunpesen.	“Jarene kowe asal saka Tuban ya Wul? ” pitakone Rudy kare nangkepe tangane lelorone neng dhuwur meja njagang janggute.	✓		✓					✓											✓ ✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung Tembung “Wul” menika kalebet tembung aran saha tembung “kowe” menika tembung sesulih. • Jinis : Nama Tiyang, Tembung Sesulih Purusa “Wul” menika wacahanipun nama paraga. “kowe” menika sesulih namanipun Wulandari • Fungsi : Heuristic Rudy nyuwun pirsu bab asalipun Wulandari.
22	Wulandari ngandharaken kawontenan ing	“He-eh, kutha Tuban sing cilik lan mencil neng	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: tembung “Rud” menika kalebet tembung aran.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	Kutha Tuban. Wulandari ugi ngandharaken kawontenan piyambakipun.	pesisir lor. Sepi nanging endah lan sugih obyek wisata. Aku iki bocah lola kok Rud ,”																				<ul style="list-style-type: none"> • Jinis: Nama Tiyang Tembung “Rud” menika nama paraga. • Fungsi : Referensial Wulandari ngandharaken kawontenanipun samenika.
23	Rudy ingkang penasaran kaliyan Wulandari, nglajengaken nyuwun pirsa bab padintenanipun Wulandari.	“Njur kowe ndherek sapa?”	✓							✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih namanipun Wulandari. • Fungsi : Heuristic Rudy nyuwun pirsa bab kawontenanipun Wulandari.
24	Wulandari ngandharaken kadospundi kawontenanipun. Wulandari ugi	“Aku bocah saka ... Panti Asuhan kok Rud ... nalika aku wiwit ngerti donya lan	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: tembung “Rud” menika kalebet tembung aran. • Jinis: Nama Tiyang

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsaan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	mangsuli pitakenan saking Rudy bab kaliyan sinten piyambakipun nalika ing kutha Tuban.	panguripan iki, aku wis ana tengahé Panti Asuhan Kartini ing Kutha Tuban. Ngertiku mung Bu Sosro, ibu pengasuh Panti sing nggulawenthah aku nganthi saprene.”																				Tembung “Rud” menika nama paraga. <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi : Referensial Wulandari nyariosaken asal-usulipun.
25	Rudy nyuwun pirsu dhateng Wulandari. Rudy ugi ngandharaken menapa ingkang dipunmangretosi bab panti asuhan.	“ Kowe ora tau nyuwun pirsu sapa wong tuwamu? Adate <i>data</i> kang pepak ngenani sapa wong tuwane bocah kang ditiipake ing	✓							✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih namanipun Wulandari. • Fungsi : fungsi heuristic Rudy nyuwun pirsu bab tiyang sepuhipun Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
		panti asuhan kuwi ana dokumene.																			
26	Rudy ngandharaken pamanggihipun bab Wulan. Rudy ugi nywun pirsadhateng Wulan, menapa Wulan boten meksa Bu Sosro bab sinten tiyang sepuhipun.	“Kok aneh? Kowe wis diwasa, Wulan , wis wancine kena ngerti sapa sejatine wong tuwamu najan umpamane wis padha tinggal donya. Yagenen <i>kowe</i> ora ndheseg terus?”	✓		✓					✓ ✓							✓ ✓			✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Wulan” menika kalebet tembung aran. “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purusa “Wul’ menika wanchanipun nama paraga. Tembung “kowe” menika sesulih namanipun Wulandari. • Fungsi : Referensial saha Heuristik “kowe” saha “Wulan”: Rudy ngandharaken pamanggihipun bab tiyang sepuhipun Wulandari. “<i>kowe</i>”: Rudy nyuwun pirsadhateng Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh							Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
27	Rudy nglajengaken nyuwun pirsan dhateng tiyang sanes.	“Yen ngono kowe iseh duwe wong tuwa?!”	✓							✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi : Heuristic Rudy mastekaken bilih saking andharanipun Wulandari menika, Wulandari taksih gadhah tiyang sepuh.
28	Wulandari nyuwun pirsan dhateng Rudy bab piyambakipun saking panti asuhan	“... kowe apa isin ta <u>Rud</u> yen duwe mitra bocah saka panti asuhan?” Pitakone kebak was sumelang,	✓		✓					✓											✓ ✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: tembung “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. “Rud” menika cekakan saking tembung “Rudy”. • Jinis: sesulih purusa, nama tiyang Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Rudy. .

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
																						<p>Tembung “Rud” menika nama paraga.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Heuristik Wulandari nyuwun pirsas dhateng Rudy.
29	Rudy ngandharaken pamanggihipun bab kekancan kaliyan sinten kemawon. Rudy ugi ngandharaken sipatipun Wulandari.	“Geneya isin? Ironing memitran karo sapa bae aku ira tau mbedakake asal-usul lan drajat. Kowe mitra kang becik Wulan . Aku malah ngalembana kaluwihanmu...”	✓		✓					✓							✓	✓				<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Wulan” ingkang wacahan saking “Wulandari” “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purusa “Wul’ menika nama paraga.. Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari • Fungsi: Referensial Rudy ngandharaken pamanggihipun bab kekancan kaliyan Wulandari.
30	Utami ingkang dereng sare, nyuwun pirsas	“Isih durung ngantuk kok. Kowe mikirake	✓							✓										✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung Tembung “kowe” menika kalebet tembung sesulih. 	

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan		
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik	
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	dhateng Wulandari bab Rudy	Rudy ta?!” pitakone Utami genti.																				<ul style="list-style-type: none"> • Jinis : Sesulih purusa Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Heuristic Utami nyuwun pirsu dhateng Wulandari.
31	Utami ngandharaken bilih Wulandari kedah mangretosi satunggaling bab malih saderengipun sesambungan kaliyan Rudy	“Nanging kowe isih ngadhepi bab siji maneh sing durung kok ngerteni, Wul, ” Utami nyela.	✓		✓					✓								✓	✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Wulan” menika wacahan saking namanipun Wulandari. “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purusa “Wul” menika nama paraga. “Kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Puitik Utami ngelingaken Wulandari.
32	Utami ngandharaken bilih	“... Iki perlu Wul. Mengko yen atimu tatu maneh,	✓		✓					✓								✓	✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Wulan” menika wacahan saking namanipun Wulandari.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -onal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	piyambakipun kedah mangretosi sedaya bab Rudy saha kulawarganipun saderengipun sesambungan raket kaliyan Rudy supados boten	saya gawat. Kowe bakal kanteb pindho.”																				<p>“Kowe” menika kalebet tembung sesulih.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purusa <p>“Wul” menika nama paraga. Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi : Puitik <p>Utami paring pitutur dhateng Wulandari.</p>
33	Utami ngandharaken pamanggihipun bab kulawarganipun tiyang ingkang dipuntresani kaliyan Wulandari.	“Ah, kuwi rak panemune wong sing iseh kolot toh Wul . Pancen saiki jamane wis maju. Bibit, bobot lan bebet, saora-orane ya isih ditimbang senjata ora prinsip...”	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Tembung <p>“Wul” menika wacahan saking namanipun Wulandari.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Jinis: nama tiyang <p>Tembung “Wul” menika nama paraga.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fungsi: Referensial <p>Utami ngandharaken pamanggihipun bab tiyang sepuh ingkang taksih ngugemi paugeran ingkang lami.</p>

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
34	Wulandari ngucapaken matur nuwun kangge Hinaryanto. Wulandari ugi ngucapaken selamat kangge Rudy.	“Matur nuwun Hinar , muga-muga bae. Aku uga ngucapake selamat marang kowe . Bijimu ya apik-apik ngono kok.”	✓		✓					✓				✓								<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Hinar” menika wacahan saking namanipun Hinaryanto. “Kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purursa “Hinar” menika nama paraga. Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari. • Fungsi: Fatik Wulandari ngucapakaen matur nuwun dhateng Hinaryanto.
35	Wulandari pados pawadan kangge mangsuli ngendikanipun Hinaryanto. Wulan ajrih bilih samangke Rudy kaliyan	“O ..., aku ana rancangan lunga dina kuwi Hien . Rak malem Jumuwah ta? He-eh, aku meh lali. Aku arep tilik mulih menyang	✓		✓												✓					<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Hien” menika wacahan saking namanipun “Hinaryanto”. • Jinis: Nama tiyang Tembung “Hien” menika namanipun paraga. • Fungsi: referensial

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh							Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulih purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
	Hinaryanto kepanggih saged nuwuhaken swasane ingkang boten kepenak.	Tuban. Arep matur ibu yen aku lulus klawan biji kan maremake.”																				Wulandari paring informasi dhateng Hinaryanto.
36	Hinaryanto nyuwun pirsane dhateng Wulandari. Hinaryanto nyuwun pirsane samenika Wulandari badhe tindak pundi saha menapa Wulandari kersa dipunenteraken wangsul.	“Ya wis seje wektu bae aku dak dolan, ngeteni satekamu bae. Saiki kowe apa terus bali? Dak terake apa piye Wul ?”	✓		✓					✓											✓	<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : tembung “Wul” menika wacahan saking namanipun Wulandari. “kowe” menika kalebet tembung sesulih. • Jinis : Nama tiyang, Sesulih purusa Tembung “Wul” menika nama paraga. Tembung “kowe” menika sesulih saking namanipun Wulandari • Fungsi: Heuristic Hinaryanto nyuwun pirsane dhateng Wulandari.
37	Wulandari nolak tawaranipun Hinaryanto.	“Matur nuwun Hien , aku isih ana perlu liya kok,”	✓		✓									✓								<ul style="list-style-type: none"> • Wujud : Tembung “Hien” menika wacahan saking namanipun Hinaryanto.

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh									Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangsawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulh purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori		Heuristik
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22
	Wulandari nolak tawaran kanthi ngucapaken matur nuwun saha paring pawadanipun.																				<ul style="list-style-type: none"> • Jinis: nama tiyang Tembung “Hien” menika namanipun paraga. • Fungsi: Fatik Wulandari ngucapaken matur nuwun kangge Hinaryanto.
38	Utami ngandharaken watakipun Wulandari. Utami paring saran supados Hinaryanto sabar ngadhepi watakipun Wulandari. sabar ngadhepi watakipun Wulandari	“Watake Wulan kuwi angel kok Dhik Hien , aku dhewe sing suwe seduluran sok ora ngerti kekarepane. Ya Dhik Hien bae sing sabar lan aja gerah penggalih.”		✓	✓		✓										✓	✓			<ul style="list-style-type: none"> • Wujud: Frasa “Dhik Hien” menika kalebet frasa aran. • Jinis: Pasedherekan (PM) saha nama tiyang “Dhik” → nyebat Hinaryanto ingkang langkung nem tinimbang Utami. “Hien” menika nama paraga. • Fungsi: referensial saha puitik “Dhik Hien”: Utami ngandharaken sipatipun Wulandari. (<i>referensial</i>) “Dhik Hien”: Utami paring panyaruwe kangge Hinaryanto. (<i>puitik</i>)

No.	Konteks	Tuturan	Wujud sapa aruh		Jinising sapa aruh										Fungsi Sapa Aruh						Katrangan	
			Tembung	Frasa	Nama tiyang	Pasedherekan (A)	Pasedherekan (SA)	Kebangawanan (PM)	Pendidikan	T. sesulh purusa	Adj. Transposisi -ontal	Nominal	Pandamelan	Fatik	Emotif	Konatif	Referensial	Puitik	Regulatori	Heuristik		
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	
